# МАХ ДУГ



## МÆ УДÆНЦОЙ – ИРЫСТОН!

8
2026



*Мæ Ир, мæ уарзон бæстæ,*
*Дæ ном, дæ фарнмæ дзурын:*
*Бындурон уæнт дæ риуыл*
*Дæ байзæддаг, дæ хъæстæ!*

**НИГЕР**



# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Шеф-редактор – Диана АЛБОРОВА
Редактор отдела прозы – Юрий ГАБАРАЕВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Борис ХОЗИЕВ, Станислав КАДЗАЕВ,
Клавдия ДЖУСОЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА,
Руслан БЗАРОВ, Зелим ВАТАЕВ

Владикавказ,
2026

# МАХ ДУГ

**8**

2026

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Шеф-редактор – ÆЛБОРТЫ Дианæ
Прозæйы хайады редактор – ГÆБÆРАТЫ Юри
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
ХОЗИТЫ Барис, КЪАДЗАТЫ Станислав,
ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,
БЗАРТЫ Руслан, УАТАТЫ Зелим

Дзæуджыхъæу,
2026

# НОМЫРЫ ИС:

**ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ. Уæздандзинады гуырæнтæ сты ирон адæмы уидæгтæ. *Интервью Тускъаты Таймуразимæ йæ райгуырды 60 азы юбилеймæ* ...................... 5

**ЦÆГÆРАТЫ Максим: 110 азы**
ЦÆГÆРАТЫ Максим. Ауызбийы кæстæртæ. *Радзырд* ...................... 14

**КАЛОТЫ Хазби: 105 азы**
КАЛОТЫ Хазби. Æз мæ цард нæ нымайын æвгъауыл. *Æмдзæвгæтæ* ... 38

**ИКЪАТЫ Владимир: 90 азы**
ИКЪАТЫ Владимир. Рæстдзинад хурау алкæй дæр хъæуы. *Æмдзæвгæтæ* ...................... 48
ГÆБÆРАТЫ Юри. Æмæ ныууагъта рухс фæлгонц йæ фæстæ. *Уац* ... 56

**АИВАД, КУЛЬТУРÆ. АБОЙТЫ Зауыр-Бег: 95 азы**
ТЪЕХТЫ Тамерлан. Адæймаджы фæд æмæ тæмæнкалгæ курдиат. *Уац* ...................... 64
АБОЙТЫ Зауыр-Бег. Мæ цард мæ зæрдæйæ у баст дæуыл, Ирыстон! *Æмдзæвгæтæ* ...................... 71
АБОЙТЫ Зауыр-Бег. *Уацтæ* ...................... 74
БАЛАТЫ Альберт. Кæм дæ? *Æмдзæвгæ* ...................... 84

**«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ**

**ЦАРДЫСТЫ ÆМÆ УЫДЫСТЫ**
ХУЫГАТЫ Сергей. Джусойты Нафи. *Мысинæгтæ* ...................... 85

**АИВ ДЗЫРДЫ ХÆЗНАДОН**
ГУСАЛТЫ Барис. Дзырд-Хуыцау дугæй дугмæ ...................... 94

**КРИТИКÆ ÆМÆ ПУБЛИЦИСТИКÆ**
ПЛИТЫ Сергей. Æвзаджы хъысмæт Брытъиаты Елбыздыхъойы зондахасты. *Уац* ...................... 121

**ИВГЪУЫДЫ ФÆЛМÆЙ**
ЦГЪОЙТЫ Хазби. Поэты алайнаг туг æмæ йæ байзæддæгтæ. *Уац* ... 127

**БАКÆСÆМ НÆ ХУРТЫ ХУРТÆН**
БЕРОЗТЫ Аслæнбег. Амондджын бинонтæ. *Аргъау* ...................... 137

**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** ...................... 140

**ТÆФÆРФÆС**

Хестанты-Бутаты Победæ ...................... 143

# УÆЗДАНДЗИНАДЫ ГУЫРÆНТÆ СТЫ ИРОН АДÆМЫ УИДÆГТÆ



*Адæймаджы хуыздæр миниуджытæй хайджын чи у, уымæн йæ зæрдæ дзаг вæййы уарзондзинады æнкъарæнтæй йæ Райгуырæн бæстæмæ, йæ адæммæ, æмæ сын кæддæриддæр фæкæны хъæбулы лæггад, фæбæллы, цæмæй йæ фæстæ ныууадза рæсугъд фæд æмæ фæарæзы æппæт мадзæлттæ дæр уымæн. Адæмы 'хсæнæй чи рацæуы, уый цыфæнды стыр бæрзæндтæм куы схизы, зæххы кæронмæ йæ йæ цардвæндаг куы ахæссы, уæддæр вæййы йæ адæмимæ зæрдæйæ, хъуыддагæй æмæ ныхасæй дæр. Адæмы 'взæрст куы суай, сæ фарнæй – хайджын, уæд уый та у, æмбал кæмæн нæй, уыцы æппæты стырдæр хæрзиуæг. Уыцы миниуджытæй се 'ппæтæй дæр хайджын у, Фыдызæххыл, йæ адæмыл æнувыд чи у, уыцы лæгау лæгтæй иу – РЦИ-Аланийы Парламенты сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз. 22 августы йыл æххæст кæны 60 азы. Зæрдиаг арфæтæ йын кæнæм нæ журналы редакцийы кусджыты, фысджыты æмæ журналкæсджыты номæй. Сымах ын цууылдæр хорз зонут йæ куыстытæ хабæрттæ, æвдисæн стут йæ фарны хъуыддæгтæн, мах та фæнды уæ размæ рахæссын хуымæтæг ирон лæг Таймуразы сурæт, райхалын йæ хъуыдыты комбаст æмæ сæ байтауын Ирыстыл.*

**– Таймураз, адæймаг куы райгуыры, уæд йæ ныййарджытæн, бинонтæн, æппæт хъæубæстæн свæййы ныфс, цыдæр хорзмæ йæм фенхъæлмæ кæсынц, йемæ фæбæттынц сæ бæллицтæ, сæ фидæны цинтæ. Стыр амонд у ныййарæджы фæндиаг фæуын. Афтæ куы зæгъон, ды уыцы амондæй хайджын фæдæ, уæд æппындæр нæ фæрæдидзынæн. Уымæн æвдисæн, абоны онг дæ къухы цы æнтыстытæ бафтыд, цы бæрзæндтæм схызтæ, уыдон. Дæ нымад политикон æмæ паддзахадон архайæг, педагог, академик, фæрныг бинонты хистæр, уыдтæ РЦИ-Аланийы Хицауады сæрдар, разамынд лæвæрдтай Хæххон паддзахадон аграрон университетæн. Ис ма адарддæр кæнæн ацы ранымады халæн. 2022 азы æвзæрст æрцыдтæ РЦИ-Аланийы Парламенты сæрдарæй. Раст зæгъгæйæ, бирæтæ батæхуды кæндзысты де 'нтыстытæм. Фæлæ алы къæпхæны фæстæ дæр стыр удвæллой кæй ис, уый дызæрдыггаг æппындæр нæу. Цæй мидæг ис æнтысты ратæдзæн?**

– Цард халвæндагау у. Ис дзы тынг бирæ цыбæлдзинæдтæ, æмæ йæ хатгай адæймаг æмбаргæ дæр нæ бакæны, йæ нарæг хидыл ын цæугæйæ куыд фæцуды, уый. Фæрæдийын тынг æнцон у, рæсугъд цардмæ бæллыны монцтæ бæллæхы хос сты. Æз мæ зæрдæйы арфы хæссын цалдæр фæдзæхсты: ма асай, гадзрахатæй макæуыл рацу, дæу цы нæу, уый дæхи макуы рахон, адæмы æууæнк ма фесаф. Суанг студенты бонты дæр мæхи уымæ никæд æруагътон, цæмæй искæмæй сфыссон раст дзуаппытæ. Хардзау мæм каст. Уый дæр адавынæй уæлдай нæу. Ацы царды цы дæ, уымæй фылдæр никуы уыдзынæ, дæхимæ цыфæнды стыр паддзах куы кæсай, уæддæр. Дæхи дзы сайыс уæд. Мæ царды иннæ сæйраг принцип та у ахæм: дæ размæ кæд хæс сæвæрдтай, уæд, цыфæнды стыр цæлхдуртæ куы уа дæ размæ, уæддæр ма 'рлæуу, ссар дæхимидæг сæ сæрты ахизыны хъару. Адæймаджы бон алцы дæр у. Æз нæ зонын дзырдтæ «мæ бон нæу». Мæ дзырдуаты сын бынат нæй. Ма у «æз дæн»-он. Уый фыдхæссæг миниуæг у. Адæм бафæлладысты аразгæ æмæ хиуарзондзинады митæй. Хъуамæ зонай дæ алыварс адæмимæ цæрын, семæ кусын, аргъ сын кæнын. Чи зоны, бирæтæ адон рахондзысты хуымæтæг хъуыддæгтæ, фæлæ сыл æнцой кæны царды рæстдзинад, уыдонимæ баст сты адæймаджы æнтыстытæ, Хъарсы фидарæй стырдæр у сæ хъару. Политикæйы та хъуамæ цæттæ уай критикæмæ, æхсæнады дамтæм. Макуы рахон дæхи уæлбикъон. У хуымæтæг. Лæг хъуамæ æвæллайгæйæ куса йæхиуыл: йæ зонындзи-

нæдтыл, йæ удварныл, йе ‘рдзон цæттæдзинадыл… Уый æнцон бæргæ нæу. Фæлæ, кæд ацы зондахастыл æнувыд дæ, уæд кæддæриддæр уыдзынæ уæлахиз!

**– Уыцы зондахаст бинонтæй цæуы?**

– О. Адæймаг царды уа, куысты уа, хъуамæ, фыццаджыдæр, йæ хæдзарвæндаджы кад хъахъхъæна. Бинонты ‘хсæн цы фенæм, цы базонæм, уыдон нын фæндаггаг вæййынц цæргæ-цæрæнбонтæм. Иннæмæй та, – æхсæнад. Хистæрты ныхас «худинаг у!» йæ куыст кодта кæддæриддæр. Сыхбæстæн уыдтæн цумайы сæр. Ууыл мæ ахуыр кодта мæ нана. Зивæг кæныны бар нæ никæмæн уыд. Уæдæ сыхæгтæ зиу расидтысты, уæд дзы æз фыццæгтимæ куыд хъуамæ ма архайдтаин…

**– Æртæ фæлтæры цы бинонты вæййы, ома нана æмæ дада, уыдоны цот сæ цотимæ, уым сывæллæттæ бахъомыл вæййынц се ‘ппæты фарнимæ дæр æмæ цардмæ рауайынц цæттæдæр. Фæлæ абон бирæты фæнды хибарæй цæрын. Ды та куыд хъуыды кæныс?**

– Уæдæ æз та схъомыл дæн, цыппар фæлтæры кæм уыд, ахæм бинонты ‘хсæн. Суанг ма мæ нанайы мады дæр хъуыды кæнын. Йе ‘цæг дунемæ куы ацыд, уæд ыл цыдис сæдæ азæй фылдæр. Мæныл та уæд сæххæст дæс азы. Уый кæрæдзийыл æнгом баста бинонты, хион-хæстæджыты. Æвдисæн уыдтæн ирон фыдæлтыккон традицион бинонты цардыуагæн. Куыд лæггад кодтой хистæрæн, куыд нæм цыдысты хæдзармæ бабæрæг æй кæнынмæ, уыдæттæ уыдтон. Мæ нана мæ æппынæдзух хуыдта йемæ хиуæттæм, æмæ сæ æз дæр афтæмæй базыдтон. Баста нæ кæрæдзийыл. Уый уыд дæнцæгон бинонты институт. Стæй ма мæм хорз каст хистæрты ныхæстæм хъусын, химидæг хатдзæгтæ кæнын.

**– Тынг бæрнон хъуыддаг у Парламенты сæрдарæй кусын. Закъон фидаргæнæг процессты æргомуаг, дзыллæйы æууæнк, æппынæдзух адæмимæ бирæвæрсыг ныхасы бацæуынмæ цæттæдзинад. Уæддæр никуы равдыстай дæ фæллад, дæ чемыл кæй нæ дæ, уый, вæййыс худындзаст. Мæнмæ гæсгæ, дæхиуыл æппындæр нæ ауæрдыс. Уый цы, дæ алыварс чи ис, уыдоны дæр ма ифтонг кæныс дæ хорз зæрдæйы ахастæй политикæйы фæзы æмæ æхсæнады дæр. Куыд дын æнтысы?**

– Ме ‘нæрæнцой, мæ размæвæрд нысантæ, æхсæнады раз мыл цы хæс æвæрд ис, уыдон мæ æнцад-æнцойæ бадын æппындæр нæ уадзынц. Фарон бæрæг кодтам Парламенты 30 азы юбилей. Стыр куыст бакодтам. Бæстон равзæрстам парламентаризмы институт. Фыццаг

Сæйраг Совет 1938 азы æвзæрст куы æрцыд, уæдæй фæстæмæ цы стыр цаутæ æрцыд, цы кадджын адæм куыста республикæйы закъондæттæг оргæны, уыдоны тæххæй цы æрмæг æрæмбырд кодтам, уым ирдæй зыны, нæ размæ цы кадджын лæгтæ лæггад кодтой адæмæн, æмæ ныл уый ноджы стырдæр хæс æвæры абон. Мах иууылдæр дзыллæйы æвзæрст стæм, æмæ ныл уымæй бæрнондæр хæс æвæрд ис. Æнæ адæм нæй Хицауад дæр. Адæмы бартæ æмæ хæрзæбоныл хъуыдытæй райдайы нæ бон. Æргом, æнæкъæм ныхасæй хуыздæр ницы ис. Дæ бон цы нæу саразын, уымæй ныфс макуы æвæр, ма фесаф дæ цæсгом. Адæм алцы дæр бамбардзысты, семæ æргомныхас куы уай, уæд.

Хъару мыл æфтауынц нæ истори, нæ ивгъуыд, алы стыр ирон лæджы номы фæстæ цы бынтæ баззадис, уыдон дæр. Уынгты цæугæйæ хъуамæ дæ цæстытæ макæмæй æмбæхсай. Хъуамæ уай ныфсджын дæ рæстдзинадæй, ныфсджын дæ зонды хъаруйæ. Мæнæн дæнцæг сты Къоста, Плиты Иссæ, Дудараты Вероникæ, Андиаты Сослан æмæ бирæ æндæр адæймæгты цардвæндаджы æнтыстытæ. Сæ фæлгонцтæ нæ хъуамæ кæной тыхджындæр, æнтыстджындæр, тырнæм уыдоны рухсмæ.

**– Нæ республикæйы цæрджытæ æнхъæлмæ кæсынц РЦИ-Аланийы паддзахадон æвзæгты закъоны тыххæй Парламенты хатдзæгтæм. Цымæ нæм цы æнхъæлмæ кæсы, куы йæ сфидар кæнæм, уæд?**

– Мадæлон æвзаг удварны хæзна у. Мæ куысты бынатмæ гæсгæ Ирыстоны куынæ цардтæн, уæд хорз бамбæрстон, ирон ныхас-иу хъус куы ацахста, уæд зæрдæйæн цы æгæрон цин хаста, цы тых æфтыдта лæгыл, уый. Афтæ – национ музыкæ дæр. Æвзаджы закъоны проект та у уыцы гарз, не 'взаг бахъахъхъæнынæн æмæ йæ райрæзтæн ахъаз чи фæуыдзæн. Закъоны проектыл ныр дæр цæуы куыст. Мыхуыргонд æрцыд, цæмæй йæ феной экспертæ æмæ адæм дæр. 15 сентябрьмæ йыл кусдзыстæм алывæрсыгæй. Ирон æвзаг у Къостайы, Блашкайы, Секъайы, Малиты Георгийы æвзаг. Уый у, адæмы иу чи кæны суанг монон æгъдауæй дæр ма, уыцы тых. Мæ зæрдæ дарын, закъон ист кæй æрцæудзæн нæ иумæйаг хъуыдыйæ. Ам равдисын хъæуы нæ фыдæлты куырыхондзинад. Алкæй хъуыды дæр нын уыдзæн ахсджиаг.

**– Таймураз, нæ фембæлды размæ дæу тыххæй фылдæр базоныны фæдыл ныхас кодтон дæ раздæры студенттимæ. Абон дæр сæ зæрдæйы баззад бирæ рухс мысинæгтæ, лекцитæ сын куы кастæ, уæдæй. Уæвгæ, ды уыдонæн канд ахуыргæнæг нæ уыдтæ, фæлæ ма цæстуарзон хистæр æмæ хæлар дæр…**

– Бузныг, раст хатдзæг скодтай. Æз уарзын кæстæртимæ кусын. Мæ размæ не 'вæрдтон ахæм хæс, цæмæй мæ студенттæ стъæлфой. Уый раст нæу. Æнæ карз ныхасæй кæддæриддæр кæрæдзийы æмбæрстам, æууæндыдысты мыл. Мæ зæрдыл тынг хорз лæууы, 1992 азы мæ фыццаг лекцимæ куы бацыдтæн уæды Хæххон хъæууонхæдзарадон институты механизацийы факультеты цыппæрæм курсы студенттæм, уыцы бон. Не 'хсæн 4-5 азæй фылдæр нæ уыд. Мæнил цыд 25 азы. Иунæг хатт дæр студент-тæм æдзæттæйæ не 'рбацыдтæн, уарзтой мæм лæмбынæгæй хъусын. Бамбарын сын кодтон мæ ахастдзинадæй, кæй дæн, зонындзинæдтæ, сæ равзæрст фæндагыл сын хъару чи ратдзæн, аргъ сын чи кæны æмæ сæ йе 'мсæрыл чи нымайы, уыцы адæймаг. Сæ бафхæрыны хъуыды мæм никæд уыд. Дæсæмæссæдзаздзыдæй сдæн наукæты кандидат. Куыстон æрыгон фæлтæры хъомыладыл, ахуыр сæ кодтон кæрæдзийæн аргъ кæныныл.

Æдзæсгом чи у, культурæ кæмæ нæй, æхсæнады хъуыды æцæгæлон кæмæн у, уый пайда никæд æрхæсдзæн йæ адæмæн, цыфæнды зонд-джын куы уа, уæддæр. Кæстæртимæ фылдæр хъомыладон куыст кæнын хъæуы. Афтæмæй раст загътай: зондамонæг – хæлар – педагог.

Афтæ аразын мæ ахастытæ мæхи кæстæртимæ дæр: уыдон царды хъуамæ ссарой сæхи, æз та уон æнтыстджын кæстæрты хистæр. Уый зиу у!

**– Ирон æвзаджы фæрнджындæр дзырдтæй иу у уæздандзинад. Уый адæймагæн йæ туджы куынæ уа, уæд æй балхæнæн нæй. Уæздан адæймагæн йæ уды рухс дæр дардмæ зыны…**

– Уæздандзинад у ирон адæмы царды бындур. Хуымæтæджы нæ уыдысты кадылмæлгæ. Нарты кадджытæ, фыдæлты таурæгътæ, хъæбатыртыл зарджытæ… Алы ран дæр ирдæй бæрæг дары ирон лæджы удыхъæд кадæй, æхсарæй, уæздандзинадæй, æгъдауæй æххæстæй. Лæг йæхи куыд дардта, уымæ гæсгæ йын кодтой аргъ. Ирон лæг уыд уæззаузонд, хиуылхæст. Нæ сылгоймæгтæ – æгъдауджын, фарнхæссæг, къонайы хъарм хъахъхъæнæг. Ахæмтæ уыдысты мæ хистæртæ, æмæ мах дæр архайæм, цæмæй уæм уыдоны аккаг кæстæртæ. Цы дæм ис, уымæй, дæ фарсмæ чи ис, уыдонæн дæр фæхай кæн. Дæу цы нæу, уый макуы райс. Уыдон уыдысты мæ хæдзары хистæрты ныстуантæ. Афтæ никуы бахæлæг кодтон суанг скъолайы дæр ме 'мкъласонтæн мæ хынцинæгты цæттæ дзуаппытæ, радтон-иу сын сæ сфыссынмæ. Хатгай хæлардзинад уымæй дæр райдайы. Уымæ гæсгæ, уæздандзинады гуырæнтæ сты нæ уидæгтæ!

**– Цæмæй райдайы Парламенты сæрдарæн йæ бон?**

– Хъæбысхæстæй!

**– Кæимæ?**

– Мæхиимæ! Цæмæй райсомæй афойнадыл сыстон. Æнафонтæм куы бафæстиат вæййын куысты, уæд райсомæй æхсæзæм æрдæгыл рабадын æнцон хъуыддаг нæ вæййы. Стæй уæд æнæмæнг хъуыддаг – спортивон фæлтæрæнтæ. Фараст сахатмæ – куыстмæ. Хæдзар. Бинонтæ. Ахæм у мæ цардыуаг.

**– Спортæн дын йæ кæцы хуызтæ сты хæстæгдæр?**

– Футбол, теннис, дугъы уайын, тренажертæ. Спортæй хи ссæрибар кæнæн нæй. Уый ма дисциплинæ дæр у, уымæ гæсгæ кæстæрты хъæуы спортмæ æмхиц кæнын. Цæмæн уарзын афтæ спорт? Уый дæтты хъарутæ нысанмæ цæуынæн дæр. Мæ райгуырæн Цыколайы фæсивæд спортмæ рагæй дæр æмхиц уыдысты.

**– Дæ царды цаутæй æхсызгондæрæй цы æрымысыс?**

– Ахуыр куы фæдæн, уæд мæ кусынмæ Тулæмæ куы арвыстой, уый мæ зæрдыл арæх æрлæууы. Уыдтæн Николай Вознесенскийы номыл совхозы сæйраг бухгалтер. Уый мæнæн уыд стыр фæлварæн! Æрыгон специалист. Хæдзарæй – дард, дæхæдæг дзуапп дæттыс дæ алы къахдзæфæн. Æцæгæлон адæмы ‘хсæн рæбинаг куыд сдæн, мæ къухы куыд бафтыд семæ хæлардзинады ахастытæ ныффидар кæнын, уый зæрдиагæй фæмысын. Æз банкъардтон уырыссаг адæмы уарзондзинад ирон адæммæ. Абон дæр ма се ‘ппæтæн дæр хъуыды кæнын сæ нæмттæ, куыд мын æххуыс кодтой, уыдæттæ. Мæнæн уæд тынг ахсджиаг уыд, кæй мыл бауæндыдысты æмæ сæ фыдæнхъæл кæй нæ фæкодтон. Куыд бахъахъхъæдтон диссертаци, куыд сдæн экономикон наукæты доктор. Никуы мæ ферох уыдзæн, 2007 азы Парламентмæ æвзæрстыты мыл Æрæфы районы цæрджытæ æмзиуæй куыд схъæлæс кодтой. Уыцы ахаст мæнæн мæ хъарутæ кодта æмæ абон дæр кæны дывæр. Афтæ мæ царды алы ног къæпхæн дæр уыд зæрдылдаринаг.

**– Таймураз, ды дæ уды хъару æмæ фæллойуарзондзинады фæрцы схызтæ, бирæтæн æрмæст бæллæн кæмæ ис, ахæм бæрзæндмæ. Тæссаг у хиуыл фервæссынæн дæр. Кæддæр Булат Окуджава афтæ загъта, мæхимæ, дам, гениалон куы æркæсын, уæд тæбæгътæ æхсынил балæууын. Ды тæбæгътæ нæ фехсыс?**

– Бæгуыдæр фехсын, уæдæ куыд. Хæдзары иунæгæй куы вæййын, уæд мæ фæстæ æнæфснайдæй никæд ныууадзын. Фæлæ Окуджава цæй кой

кодта, уымæй мæ Хуыцау бахызта. Мæхимæ гениалон никæд кастæн. Уый мæнæн сæрмæхæссинаг хъуыддаг нæу. Хиппæлой махмæ стыр худинагыл нымад уыд. Табу Хуыцауæн, уыцы низæй рынчын никуы уыдтæн.

**– Сабийæ дæм бинонты 'хсæн цавæр рæвдауæн номæй дзырдтой?**

– Дзырдтой мæм мæхи номæй. Æрмæстдæр мæ мæ фыд хуыдта Таймо. Къулбадæг митæ нын никæд кодтой мæ ныййарджытæ. Ирон традицион хæдзары хъомыл кодтон. Хорз нысан райстай скъолайы – дæхицæн æй райстай. Фосы кой бакодтай – æмбæлгæ дын кодта. Афтæ сахуыр стæм. Базар никæд кодтон ме 'нтыстытæй ахуыры. Мæ хистæрты цæсты ма бафтауон, сæ зæрдæ мыл ма фæхуда, ууыл архайдтон кæддæриддæр.

**– Цавæр у дæ сабибонты хæрздæф?**

– Мæ нанайы ногфых дзул æмæ цæхæры фых нартхоры кæрдзынты, ногдыгъд æхсыры, ногкарст кæрдæджы тæф!

**– Дæхæдæг искæд цæвæгæй карстай?**

– Тæккæ æндæрæбон Цыколайы нæ цæхæрадоны кæрæттæ цæвæгæй ракарстон.

**– Бинонты амонд цæуыл æнцой кæны?**

– Æрмæстдæр кæрæдзийæн аргъ кæныны зондахастыл. Дыууæ адæймаджы кæрæдзийæн аргъ кæм нæ кæнынц, уым уарзондзинад дæр хуыдуг кæны. Аргъ кæн дæ бинонтæн, хистæртæн, дæхи æмæ дæ цардæмбалы ныййарджытæн, цы мыггагмæ æрбацыдтæ, уыдонæн. Хорздзинад дын чи фæцис, уый макуы ферох кæн. Кæрæдзийæн аргъ кæм нæ кæнынц, уым уарзондзинад фæнык у. Уый ныййарджытæм дæр хауы. Сывæллоны уарзын фаг нæу, аргъ ын скæн йæ хорз мииуджытæн, æмæ дидинæг ракала, радта дыргъ.

**– Лæг йæ кæстæртæн цавæр стыр хæзна хъуамæ ныууадза йæ фæстæ?**

– Йæ хорзы ном. Уымæй стырдæр хæзна нæй. Ууыл хæст уыдисты мæ хæдзарвæндаджы хистæртæ дæр. Ирон адæм куыд бафæрсынц? Кæй фырт дæ? Стæй ма дын дæ фыдæлтæ сæ фæстæ цы фидар бындурыл æвæрд хæдзар ныууагътой, уый ды фæцудын ма бауадзай æмæ йæ дарддæр адæттай дæ кæстæртæн. Мулк кæддæр ныггаффутт уыдзæн, æмæ дзы ницыуал баззайдзæн. Абон дæр ма нæ хæдзары ис мæ фыдыфыды этажеркæ. Мæскуыйæ йæ сласта. Цыколайы йæ нæ хæдзары зынгæ бынаты сæвæрдтам, æмæ нын уымæй дæр нæ фыдæл йæ рухс ном рох кæнын нæ уадзы. Кæд æмæ хæдзары иннæ дзаумæттимæ нæ фидауы, уæддæр у нæ хæдзары фидыц.

**– Зонын, кæй уарзыс литературæ, кæй ссарыс рæстæг уыцы æнæвдæлонæй дæр æмæ ма æмдзæвгæтæ дæр кæй сахуыр кæныс. Нæ журналкæсджыты дæр базонгæ кæнæм, аргъ кæмæн кæныс, уыдонимæ.**

– Мæ зæрдæмæ цæуынц Хъайтыхъты Георы æмдзæвгæтæ, уырыссаг классикæ иууылдæр, Гæздæнты Гайто, Джек Лондон, Марк Твен, Теодор Драйзер. Ныртæккæ кæсын Цæголты Георгийы публицистикæ. Цæмæй дæ адæмы уд банкъарай, уый тыххæй та кæсын хъæуы Къостайы прозæ.

**– Дæ цард ногæй рацæрынæн гæнæн куы уаид, уæд дзы цы аивис?**

– Ницы. Алы ног бон дæр фæлварæн у лæгæн. Домагдæр хъуамæ уа адæймаг йæхимæ. Дæ абон хъуамæ де знонæй хуыздæр уа. Уый дæхимæ дæр хауы æмæ дæ царды уавæртæм дæр.

**– Раст цыма рæстæг цыбырдæр фæци, размæвæрд хæстæ та фылдæрæй-фылдæр кæнынц, афтæ дæм нæ фæкæсы? Афтæмæй царды зилдухæнты лæг æрдæг фæвæййы. Куыд æрбамбырд кæныс дæ хъарутæ?**

– Спорты удæнцой ссарын, хорз чиныг бакæсын, ахъаззаг культурон мадзалы архайын, горæты уынгты атезгъо кæнын, науæд та исты ног хъуыддаджы ныллæууын.

**– Зонынджын лæгтæй дын кæй ныхæстæ сты хæстæгдæр?**

– Фыццаг хатт Парламенты æвзæрстытæм мæхи куы цæттæ кодтон, уæд мæ зæрдæйы ныффидар китайаг философ Лао-Цзыйы арф хъуыды: «Кæд дæ фæнды, цæмæй адæм дæ фæстæ ацæуой, уæд сæ фæдыл цу». Политикæн ацы хъуыды кæдфæнды дæр зæрдылдаринаг у.

**– Дæ хистæртæй та кæй ныстуантæ бадардтай дæ зæрдыл?**

– Мæ нанайы. Уый-иу мын арæх фæдзæхста, адæмы хъæр æмбар, зæгъгæ. Дыгуронау та – «адæми смаг лæдæрæ».

**– Чи у дæхимæ гæсгæ Тускъаты Таймураз?**

– Хуымæтæг лæг. Адæм афтæ куы зæгъой, ай нæхи у, уæд уымæй стырдæр амонд нæй. Кады нæмттæ хорз сты, фæлæ… Фæлæ царды барæнтæ æндæр сты: а лæг æй, а ба – нæ ‘й!

**– Дæ зæгъинæгтæ Ирыстоны цæрджытæн.**

– Нивгун, амондгун уотæ! Нæ фидæлты æгъдау æмæ кадæй рæсугъддæр ницы ис. Мæ зæрдæ сын зæгъы, цæмæй иууылдæр уыдон хъахъхъæнгæйæ æмæ хæсгæйæ зæры бонтæм фæцæрой. Алы бинонты дæр рæсугъд хистæртæ куыд уа! Нæ кæстæртæ коммæгæс куыд уой, кусаг, æгъдауджын, ныфсджын, сæ цард сæхи уды хъаруйæ куыд аразой, уыцы амонд Хуыцау раттæд!

*Ныхас ныффыста ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ*

# ЦÆГÆРАТЫ МАКСИМ: 110 АЗЫ



**1916 – 1990**

*Афтæ у цард. Адæймаджы адджын цард. Кæм нæ фыдуаг тымыгъты акæны, кæм – гуыргъахъхъ фæндæгтыл, кæм нæ æвæд тæссæртты асайы, кæм та – дидинæгæй фæлыст уыгæрдæнты. Цард дæр уымæн хуыйны. Алыхуызон у, – йæ хорзæн дæр, йæ зынæн дæр кæрон нæй.*

*ЦÆГÆРАТЫ Максим*

# АУЫЗБИЙЫ КÆСТÆРТÆ

*Радзырд*

Мæй хæдзары сæрты бахызт, рудзынгыл йæ тынтæ ахуыссыдысты. Хъæуы æдде ма митæй æмбæрзт быдыр æвзист тæмæнтæ калы. Бæлæсты аууæттæ йыл сау нымæты гæбæзтау сæхи баппæрстой. Змæлгæ дæр нæ кæнынц.

Бады Ауызби рудзынджы раз. Кæсы талынг уатæй фæндагмæ, бæлæсты аууæттæм. Хатгай аууæттæ сæхи хуызæн нал вæййынц, сыстынц, комкоммæ йæм æрбацæйцæуынц. Йæ фæллад цæстытæ ауæрды, ноджы æдзынæгдæр ныккæсы фæндагмæ. Фæстæмæ ныссабыр вæййынц аууæттæ, асæлынц миты рагъыл.

Пецмæ хæстæг хъæдын тъахтиныл йæхи æд дзаумæттæ бакъул кодта Афассæ. Æвæццæгæн, афынæй, æндæра та исты æфсæнттæй фæцыбыр кæнид ацы даргъ æхсæв. Æмæ йыл худæн дæр нæй – бафæллад æнхъæлмæ кæсынæй. Адæймаг æфсæйнагæй конд нæу. Ныр æртыккаг къуыри... Уæдæ чындз фæзындзæн, зæгъгæ, йæ цæстытæ ныуурс сты фæндагмæ. Тыхсы, кæд арæх æргом ницы дзуры, уæддæр йæ зæрдæ ныддзæгъæлтæ. Хæцы йæ лæг Ауызбимæ, хæдзары хистæр дæ æмæ исты æрхъуыды кæн, зæгъгæ. Фæлæ цы? Цалдæр телы арвыста йæ фыртмæ, горæты станцæйы хицаумæ фæцыд, хъуыддæгтæ йын бæлвырд радзырдта, чындз æнхъæлцау кæй у, уый дæр ма йын загъта. Замманай дзæбæх ирон лæг, æнæхъæн сахат йæ телефонтæ иу ран не 'руагъта, кæдæм нæ адзырдта, ахæм нал баззад. Стæй сыстад æмæ йын йе уæхск æрхоста:

– Дæ чындз зыгуымы мур куынæ у, мыййаг, цæмæй йын тæрсыс? А дыууæ боны йæ дæ хæдзармæ хъæуы...

Уæдæ хъæуыхицау Алан у, æмæ уымæ дæр цалдæр цыды ныккодта. Гъа, иннæтæ ма йын гæды зæрдæтæ æвæрæнт, исты дзы сусæг кæнæнт, фæлæ Алан... Лæппуимæ сын иу хæдон дæр уæрæх куы уыди. Уый дæр чындзыл махæй къаддæр куынæ тыхсы. Бон цалдæр уады куы кæны. Уыцы фæндæгтæ... Кæдмæ хæлд уыдзысты? Хæст куы фæци, уæдæй нырмæ цыппæрæм аз куы цæуы, саразын афон сын нæма у?

Йæ фыны та цæуылдæр тыхсы Афассæ. Кæмæдæр та лæгъстæгæнæгау дзуры. Кæмæ, цымæ? Йæ фырттæм. Цыппарæй кæцымæ?

Ныр цалдæр азы хабар кæмæй нæй, уыцы æртæ фыртмæ? Æви сæ кæстæр Батрадзмæ? Кæд ын, чындзы иунæгæй цæмæн рауагътай, зæгъгæ, уайдзæф кæны? Кæд, æфсымæртæй чындзимæ кæй ничи рацыд, ууыл тыхсы йæ фыны?

Кæсы фæндагмæ Ауызби. Кæмдæр уасджытæ уасынц. Хъæуы кæронæй хъуысы кæйдæр куыйты рæйын. Фæндагыл иу цъиуызмæлæг куынæ зыны, хъæумæ иу цæуæг куынæ ис, уæд цæуыл рæйынц? Дысонизæр дæр афтæ касти фæндагмæ. Æрмæст рудзынгæй нæ, уынджы тигъæй. Стыр фæндагæй хъæуы ‘рдæм æрбацæйцыди цавæрдæр сылгоймаг йæ дыууæ сывæллонимæ. Хидæй иучысыл куы ‘рбаудысты, уæд сылгоймаг фæбырыд, сывæллæттæ йын систынмæ аххуыс кодтой. Ногæй та, мæгуыр, зæххыл йæ тъæпп фæцыди. Æрмæст ацы хатт хаугæ-хауын сывæллæттæй иумæ фæлæбурдта, уый дæр йемæ ахауд.

«Æвæццæгæн та хиды бын дон сабухта, æмæ фæндаг ныцъцъенгæ, – загъта йæхинымæр Ауызби. – Уыдон ыл кæм фæбырыдысты, уым чындз цы уыдзæн? Æнахуыр фæндагыл. Мæйдары куы ‘рцæуа, уæд та? Æнхъæлцауæй...»

Мæй Саджил хохы цъуппæй кæсы. Æлыгæй сæрст чыргъæд йæ дæларм, афтæмæй хъæугæрон уæрдонвæндаджы бæрæгастæу лæууы Ауызби. Кæддæр ма-иу конд хуымы кæрон дæр æд тауинаг афтæ сæрыстырæй æрлæууыд. Хъарм фæныкæй армыдзаг систа, йæ къæхты бынмæ йæ æркалдта. Фæнык салд митыл сцæх-цæх кодта. Араст Стыр фæндагмæ, йæ къахдзæфтæ нымайгæ, йæ фæдыл фæнычы фæд уадзгæ. Бахызт хидæй. Байхъуыста, дон кæмдæр бынæй куыд хъуыр-хъуыр кодта, уымæ. Араст та дарддæр. Йæ къæхты бын та сцæх-цæх кодтой тæвд æвзалыйы муртæ, хъарм фæнык. Стыр фæндаджы был та гæды бæласы бын æрлæууыд. Ныккасти горæты ‘рдæм. Цалдæр машинæйы суыхсуыхгæнгæ рацыдысты йæ рæзты. Иу дæр дзы нæ базылд хъæуы ‘рдæм. Иу дæр дзы нæ баурæдта хъæумæ фæзилæны...

Хъæумæ фæзилæн... Ауылты арвыста хæстмæ йæ цыппар фырты Ауызби. Ауылты ацыдысты хъæуы фæсивæд се ‘ппæт дæр. Ауылты здæхтысты фæстæмæ сæ гыццыл ирон хъæумæ. Чи – лæдзæджы æнцæйтты, чи – æнæ къухæй, чи та хæстон хорзæхтимæ. Кæмæн та йæхи бæсты – йæ сау гæххæтт, йæ сау хабар. Афонæй-æнафонæй Стыр фæндагмæ цыдысты Ауызби æмæ Афассæ дæр. Бирæ фенхъæл-

мæ кастысты сæ цыппар фыртмæ. Æрмæст æртæ хистæрæй иу дæр нал бахызт йæ фыды къæсæрыл. Иунæг Батрадз ма фыста йæ мад æмæ йæ фыдмæ. Иунæг уый ма фарста, агуырдта йе 'фсымæрты. Стæй иуахæмы рынчындоны фæстæ йæхæдæг фæзынд. Æрмæстдæр æртæ боны æмгъуыдмæ. Мад æмæ фыды сусæгæй фæкуыдта йе 'фсымæрты фыстæджытыл. Ныууагъта сыл йæ судзгæ цæссыджы фæдтæ. Йе 'мгъуыдмæ дæр нал фæлæууыд, бон раздæр афардæг йæ фыды уæзæгæй...

Хъæумæ фæзилæн... Дыууæ астæуккаг лæппуимæ йæхæдæг ацыди ардыгæй горæтмæ. Лæппутæ йæ нæ уагътой, сывæллæттæ куынæуал стæм, цæмæй нын тæрсыс, зæгъгæ. Ауызбийæн йæхимæ дæр аив нæ касти йæ лæппуты фæдыл ацæуын, фæлæ Афассæйы уайдзæфыл дыууæ зæгъын йæ бон нæ баци.

– Де 'гæрыл, нæ лæг, карчы цъиутæ дын куынæ сты, иунæгæй сæ куыд уадзыс? – йæ цæстысыгтæ йæ рустыл уадысты, афтæмæй йын лæгъстæ кодта Афассæ.

– Хорз, хорз. Цæуын. Æрмæст лæппуты дæ цæстысыгтæй ма буц кæн. Сывæллæттæ нал сты...

Мад йæ сæр батылдта, иуварсæрдæм азылд æмæ аивæй йæ цæссыгтæ ныссæрфта.

Батрадз уыцы аз æстæмтæ фæци. Уый дæр фæндыди горæтмæ ацæуын, фæлæ йæ мад нæ ауагъта. Тарсти, мыййаг мын æй искæй ивддзаг поезды куы абадын кæной кæнæ йе 'фсымæрты фæдыл куы алидза, зæгъгæ. Уæддæр Стыр фæндагмæ рацыд сæ фæдыл. Уым зæронд акъацийы бын лæууыд æмæ тæргайгæнæджы каст кодта йе 'фсымæртæм, адæммæ. Фæсивæд сæхи хъæлдзæг дардтой. Ноджы ма сын семæ уæрдæтты чызджыты сбадын кодтой. Чидæр дзы фæндырæй цагъта. Æмдзæгъд кодтой. Ауызбимæ афтæ каст, цыма лæппутæ бирæ нæ бафæстиат уыдзысты хæсты. Ау, утæппæт дзыллæтæ стырæйчысылæй кæм сыстадысты, уым сæ ныхмæ чи фæлæудзæн?

Чидæр Хазбийы зарæг ныццæлхъ кодта. Дзыхæй-дзыхмæ йæ айстой. Стæй зарæг фенцад. Адæм Тъæпæн обауы 'рдæм акастысты. Уым хуымты астæуты, рыг йæ сæрмæ мигъау сбадт, афтæмæй сцæйлæгæрста кæйдæр трактор.

– Зауыр! – хъæрæй загъта лæппутæй чидæр æмæ тракторы размæ азгъордта.

– Кæй ма сæ æрбаййæфта, – загъта Ауызби æмæ, цыма лæппуйы хъуыды дæр не 'ркодта, уыйау кæимæдæр ныхæстыл фæци.

Зауыр хъæуы фæсивæдыл азылд, стæй йæ дыууæ кæстæрмæ бацыд, сæ къухтæ сын райста æмæ ныллæг хъæлæсæй загъта:

– Фидар лæуут. Æз дæр уæ а дыууæ боны фейиафын.

Горæты дæр – афтæ. Дзыллæтæ сызмæлыдысты. Фæсивæд алы хъæутæй фæцыдысты. Уым дæр – фæндыры цагъд, зард, къухæмдзæгъд. Заргæ афардæг сты уырдыгæй дæр фæсивæд.

Фæстæмæ хохмæ ацыд Ауызби. Фосхизæнтæ сæ тæккæ дидинæг калгæйæ уыдысты. Æрмæст дзы зæрдæ ницæмæй рухс кодта. Сау къæйтæй йæм зындысты хуссары уыгæрдæнтæ. Дæттæ æнахуыр гыбар-гыбур кодтой. Æхсæрдзæнты хъазт æй нал сайдта йæхимæ. Райсомы хурыскаст нал худти йæ цæсгомыл. Бæргæ, иунæг Ауызби куы уыдаид ахæм уавæры. Ныххæцыдаид йæ масты хурхыл, ныффæрæзтаид йæ зынтæн. Фæлæ йе 'мбæлттыл дæр хуыздæр бон нæ уыди: кæмæн – йæ фырт, кæмæн – йæ хæрæфырт, кæмæн – йæ хойы, йе 'фсымæры цот... Иуы дæр дзы рохуаты нæ ныууагъта фыдбоны хæст. Кæрæдзийæ æмбæхстой сæ зæрдæты катай. Иунæгæй-иу суагътой сæ тыппыртæ. Ауызби сын хистæр фыййау уыд æмæ-иу сын, цыма хæсты хъысмæт иунæг Ауызбийы къухы ис, уый хуызæн зæрдæтæ æвæрынил схæцыд: «Тагъд уыцы Гитлерæн йе 'рра сæр ныббырон кæндзысты, æмæ нæ фæсивæд сæ хæдзæрттæм сыздæхдзысты». Иутæ йыл æууæндыдысты, иннæтæ – нæ. «Ау, Зауыры дæр акæной? Æмæ ма уæд уыцы трактортыл чи кусдзæн? Уæвгæ, уыцы гыццыл лæппуты хуымæтæджы нæ радав-бадав кæны йæ тракторыл, кæд æй уыдонæн ныууадзынмæ хъавы?» – хъуыды кодта Ауызби æмæ йæхицæн зæрдæтæ æвæрдта: Зауыры нæ акæндзысты, колхоз бынтон нæ сæхгæндзысты. Батрадзæн нæ тарсти, уый нырма хæрз сывæллон уыди йæ фыдæн. Иугæр Батрадзы йæстæм куы 'рхауой, уæд бынтон бæстысæфт у, æндæр цы!..

Стæй иуызæр фос уæтæрмæ æртардта. Йе 'мбæлттыл фæгуырысхо – цыма дзы цыдæр сусæг кодтой, афтæ йæм фæкаст. Никæмæн дзы ницыуал загъта, бæхыл саргъ авæрдта æмæ æхсæвдзуйæ рацыд хъæумæ. Боныцъæхты хъæуы балæууыд. Фырттæй ничиуал рацыд йæ размæ. Æрмæст æнæ сæрбæттæнæй тыргъы баййæфта иунæг Афассæйы.

– Лæппутæй исты хабар ис, мыййаг?

– Кæцыйæ мæ фæрсыс, нæ лæг? – загъта Афассæ æмæ цæджындзыл йæхи бакъул кодта.

– Батрадз та?..

– Ацыд уый дæр Зауыры фæдыл...

– Иннæ лæппутæй ницы хъуысы?

– Ницы...

Ауызби хъуг æмæ род йæ хо Сæниатыл бафæдзæхста, хæдзар сыхæгты бар ныууагъта æмæ Афассæйы йемæ хохмæ акодта. Афассæ фыццаг бонты йæхиуыл хæцыд. Æвæццæгæн, Ауызбийы æмбæлттæй æфсæрмы кодта æмæ йæхи хъæлдзæгхуыз дардта. Хуыз дзы бацыд. Фыййæуттæ дзы тынг разы уыдысты. Йæ хæринагæй йын тынг æппæлыдысты. Уæлдайдæр уыцы фæнычыфых уæлибæхты фæстæ Афассæйы Чырыстийы цъупмæ систой. Чи йын мæнæргъытæ хаста, чи – саунæмыг, чи та – мæцкъуытæ. Фыр буцæн æм йæ номæй нæ, фæлæ «не ‘хсин» дзурын байдыдтой. Хъæлдзæг дардта йæхи Афассæ дæр, æрмæст йæ зæрдæ раздæрау катæйттæ кодта, рысти йæ цыппар фыртыл. Фыййæуттæ-иу сæ фосы дзугтимæ рæгътыл куы апырх сты, уæтæры-иу зыбыты иунæгæй куы баззад, уæд-иу рагъмæ ссыд, æдзынæг кæсгæ-иу баззад бынмæ, комы фæндагмæ. Ноджы быдырæй хохмæ никæйуал æвдæлди уыцы бонты. Æрмæст ма-иу искуы-иу хатт зæронд къуылых Бабе хæринаг æрбахаста фыййæуттæн. Рагæй нал уагътой зæронд Бабейы йæ фыртыфырттæ быдыры куыстмæ, хохы уæтæртæм. Фæлæ ныр уымæн дæр йæ хæдзар афтидæй аззад. Сног та фæстæмæ. Базыртæ йыл базад. Йæ уаргъимæ хъæрзгæ, уффытæгæнгæ æрбалæууы уæтæры. Фарстой йæ хæсты хабæрттæй. Цастæ сын зыдта зæронд Бабе! Адæм сæ хабæрттæ уымæн куынæ кодтой, хицæутты фарсмæ куынæ бадти, мыййаг! Цы зыдта, мæгуыр, уый дæр ма-иу дзы фæндагыл ферох. Æрмæст, фыццаг хатт хæстæй цы дыууæ зианы хабары сыхъуыст, уыдон йæ зæрдыл бадардта. Иу дзы йе ‘мхæрæфырт Буцайы лæппу уыди, иннæ та – йæ сыхаг Айдараты афицер. Фæкуыдта сыл. Фыййæуттæ дæр сыл тынг фæхъыг кодтой. Уæлдайдæр Афассæ. Уыцы æхсæв бынтондæр нал бафынæй. Стæй райсомæй Бабеимæ цæуыныл ныллæууыд. Нæ йæ уагъта Ауызби, лæгъстæ йын кодтой фыййæуттæ дæр, фæлæ никæй коммæ бакаст.

Лæппутæ ницы фыстой. Цыма цыппарæй дæр зæххы скъуыды аирвæзтысты. Æмæ зылди хæстæджытыл, фарста зонгæты Афассæ.

Ныддаргъ сты бонтæ, къуыритæ. Стæй хæххон æхсинджытау кæрæдзийы фæдыл алы рæттæй стахтысты сæ фыстæджытæ. Сæ рынтæ сын ахæра сæ ныййарæг, иу бон фылдæр цæмæй ацæрой, уый сын феста сæ мад! Цыма сыл фыд къаддæр мæт кодта, цыма уымæн йæ зæрдæ дурæй конд у... Зауыры ныхæстæ ма йын йæ рыст фæкъаддæр кодтой: «Ази (буцдæрæн сæ фыды афтæ хуыдтой лæппутæ), дæхи загъдау, лæг зынтæн, фыдæбæттæн конд у. Лæгтæ нæ хонынц адæм. Ныффæраздзыстæм. Æндæр гæнæн дæр нын нæй. Фæлæ гыцци... Зæрдæтæ йын авæр. Кæуын æй ма уадз. Дæу хуызæн мад, зæгъ, кæмæн вæййы, уымæн мæлæтæй тас нæу…»

Тынг фæбузныг йæ хистæр фырты ныхæстæй фыд. Æрмæст йæ кæстæрты тыххæй æгæр æнкъард ныхæстæ фыста. Уæвгæ йыл уый тыххæй фыды зæрдæ нæ фæхудт. Хистæр кæддæриддæр хæс дары йæ кæстæртæй...

Хæст ма дард уыди. Ауызбийы гыццыл хъæуы хæдзæрттæ пиллон арт нæ уагътой. Æрмæст уыцы дардæй дæр фыдбоны мæлæт лæбурдта куы иу сыхмæ, куы иннæ хæдзармæ. Хъæуы сæрмæ къуыбырыл фæзынди цалдæр афтид ингæны. Хуымæтæджы хъæдын цыртдзæвæнтимæ. Хъæумæ сæ дзаумæттæ тугæйдзæгтæй кæмæн сластой, уыцы лæпputы афтид ингæнтæ. Уыйбæрц фæцарди Ауызби æмæ уымæй размæ никуы федта уæлмæрды афтид дзаумæттæ ныгæнгæ. Æнхъæлмæ каст, мæнмæ та кæд ныххойдзысты дуар, кæд æрбахæсдзысты лæппутæй искæй дзаумæттæ. Фæлæ ничи зынди Ауызбийы дуар хойынмæ. Нæ зындысты лæппутæ сæхæдæг дæр. Æмæ цæгатаг тæгæр уады ныхмæ куыд ныллæууы, афтæ ныллæууыд йæ рыст, йæ тасы ныхмæ.

Бон дæр – куыст, æхсæв дæр – куыст. Кæм быдыры, кæм – фосимæ хæхты. Уыйбæрц ныффæразын æнхъæл нæ уыд йæхицæн. Æрмæст ын Афассæйы рынчын бынтон сбаста йæ къабæзтæ. Немыцæн се ’рбацæуыны хæд размæ æрхуыссыд. Сыхæгтæй йæ кæйдæртимæ арвыста хохмæ, Саухъæдмæ. Ацыд йæхæдæг дæр. Ссардта партизанты. Уым фехъуыста Бабейы хабар дæр...

Уыцы бонты Саухъæды Бабейы кой йеддæмæ ницыуал уыди. Иутæ дзырдтой, дæс немыцаджы амардта, зæгъгæ. Иннæтæм уый æгъгъæд нæ фæкаст, æмæ ма сыл немыцæн сæ инæлары дæр бафтыдтой. Дæс немыцаджы дæр нæ, инæлар дæр нæ – сæ булкъоны сын рафæлдæхта.

Уый та уыди афтæ. Æхсæвы немыцы штабыл чидæр арт бандзæр-

ста. Бæстæ гуыпп-гæрах сси. Йæ кусартгæнæн кард йæ кæрцы дысы бамбæхста, афтæмæй уынгмæ разгъордта Бабе дæр. Немыцæн сæ сæр сæ кой сси. Арты пиллонмæ ратæх-батæх кодтой. Чидæр йæ тых-йæ бонæй ныццавта зæронды, стæй йын йæ кæрцы æфцæгготыл фæхæцыд æмæ йæ кæдæмдæр ахæр-хæр ласта. «Æнхъæлдæн æмæ дæ фæстаг бон æрхæццæ, зæронд Бабе», – йæ фæстаг тыхтæ æрбамбырд кодта Бабе, йæ уæраджы сæртыл абадт æмæ кард немыцаджы артæнты суагъта. Немыцаг йæ мидбынаты цъилау ныззылд, йæ хъæлæсы дзаг ныхъхъæр кодта, стæй митыл дæлгоммæ бахауд. Иннæтæ сæ уæлхъус амбырд сты. Сæ булкъоны аскъæфтой. Ахастой Бабейы дæр...

Зæронд Бабе немыцы ацыдмæ мардæй фæлæууыд хъæдрæбын фаджыскалæн лæбырды. Бирæ йын фæцагуырдтой йæ мард партизантæ уыцы хъызт зымæг. Стæй йæ кад æмæ радимæ баныгæдтой зæронд уæлмæрдты, хъæуы фæсивæды афтид ингæнты фарсмæ...

Йæ уæззау хъуыдытæ салд митыл йæ разæй цыдысты, йæ бæлццæтты тас ын йæ зæрдæ рæхуыста, æвзалыйы муртæ йæ къæхты бын къæрццытæ кодтой, афтæмæй æрбаздæхт фæстæмæ Ауызби. Уынджы уазал йæ разæй бахызт хæдзармæ. Афассæ ма пецы фарсмæ цыдæртæ æмпъызта.

– Бадгæ ма куы кæныс, – уайдзæфгæнæгау ын загъта Ауызби.

– Нæ хæдзар нын, зæгъын, исчи куы фæхæсса, æндæр дæ фæдыл ацыдаин... Уыцы тæскъ та ма дæ цæмæн хъуыди, дæ дæларм æй цы скодтай?

– Фæндаг ныййих, æмæ йыл фæнычы муртæ бакалдтон...

– Дон та ратыдта?

– О.

– Исты йын цæуылнæ æрхъуыды кæнут? Исчи дзы царæфтыд кæндзæн.

– Цафон у? Кæрчытæ дæр куынæуал уасынц...

– Сæ афон куы ‘рцæуа, уæд уасдзысты...

Ауызби йæ кæрц раласта, йæ худ зæгæлыл æрцауыгъта æмæ рудзынджы цур æрбадти.

Бон æрбацъæх. Зымæгон райсом къæрццытæ кодта бæлæсты хихтыл. Ныууазал Ауызбийы фæнык миты уæлæ. Æвзалыйы муртæ ма зæгæлы сæртау зындысты фæныкæй. Кæйдæр цырыхъхъы фæдтæ йыл сыгъд гуылты йæстæй баззадысты. Цырыхъджыны Ауызби нæ федта, æвæццæгæн, бонæрдæм тарвазыл куы афынæй, уæд ацыд Стыр

фæндагмæ. Нывондагæн дон бадардта, йæ кæвдæс ын хосæй байдзаг кодта æмæ нын лæууы рудзгуытæм хæстæг бæгънæг тута бæласы бын, йæ кæрцы дысты йæ къухтæ бамбæхста. Йæ комытæф цъæхбын фæздæгæй пырх кодта йæ урсхæццæ боцъойыл, тамакойæ гæзæмæ бур чи дары, уыцы рихитыл. Йæ хъуынджын уæлдзарм худы бынæй гæзæмæ зынынц йæ цæстытæ. Стыр фæндагыл машинæтæ сбирæ сты. Миты рыг сæ фæдыл систой. Иу дзы не здæхы хъæуы 'рдæм, иу дзы нæ ласы Ауызбийы чындзы. Тагъд кæнынц кæдæмдæр. Кæдæм, цымæ? Нырма бон ныр куы 'рбацъæх, нырма хур йæ был куынæма сдардта, нырма хæдзæрттæй бирæты сæрмæ тохынаты фæздæгæн йæ кой, йæ хъæр дæр куынæ зыны. Хуыссæг дæр сæ куынæуал ахсы. Уагæр цавæр æхсызгон хъуыддæгтæм тындзынц?.. Уæвгæ сæ иу комæй иннæ коммæ дыгай, æртыгай бонтæ цæуын куынæ хъæуы. Кæсæгæй, Мæхъхъæлæй æмбойны куы фездæхынц. Сæ фæндæгтыл дæттæ куынæ сабузынц, сæ бæхтæ гуыргъахъхъ æмæ æвадат нарджыты куынæ згъорынц.

Диссаг та куыннæ у, æвæдза, цард... Цыма ныл æппын бон никуыуал скæндзæн, цыма хæстæн æппын кæрон никуыуал уыдзæн, цыма адæм хъæрæй никуыуал сдзурдзысты, сæ кæрæдзийы зиантыл зæрдиаг куыд никуыуал фæкæндзысты... Фæлæ алцы дæр рох кæны. Æрмæст рæстæгмæ, куы – иу сахат, куы – иу бон, куы та – ноджы фылдæр. Кæсыс, нырма зæххæй мит нæма сыстад, уалдзæгæн йæ кой, йæ хъæр дæр нæма ис, афтæмæй хуыссæг никæуылуал хæцы. Чи йæ хæлд бырумæ зилы, чи йæ иунæг хъуджы баифтыгъта æмæ фаджыс ласы быдырмæ. Хъæдмæ фæндагыл мит æрхæцын дæр нæ уадзынц. Æхсæвæй-бонæй ласынц суг, кауы михтæ, стърапилæгтæ. Цыма хъæды хъæдхойтæ ииуылдæр хъæумæ æртахтысты, уый хуызæн алырдыгæй къупп-къупп хъуысы.

Бирæ кусинæгтæ ис Ауызбийæн дæр. Йæ зæххы хайыл быру нал баззад, немыц æй басыгътой. Быру цы, иу фæйнæджы гæбаз никуыуал ныууагътой, суанг ма сарайы рагъхъæдтæ дæр рафтыдтой. Æдзæрæг хæдзарæй уæлдай нал у йæ хæдзар. Хуыцау хорз, æмæ бæстыхаймæ нæ бавнæлдтой. Чи зоны, сæхæдæг дзы куынæ цардаиккой, уæд ыл арт бафтыдтаиккой.

– Нæ лæг, йæ бæлццон фæндагыл кæмæн бафæстиат вæййы, уый хæргæ дæр нал фæкæны æви? – уынгмæ рацыд Афассæ. – Нæ фырттыл куы хъæцæм, уæд нæ чындзыл нал ныхъхъæцдзыстæм?..

Ауызбийæн хъыг уыдис Афассæйы ныхас, фæлæ дзургæ ницы скодта. Уынджы уырдыгмæ каст, стæй æрæджиау загъта:

– Цы, уый зоныс? Горæтмæ куы ныууаин. Уыцы станцæйы хицауы ма иу хатт афæрсин. Кæд ын исты базыдта, мыййаг. Стæй уæддæр горæт горæт у, кæд æй иу уынæг фæуыдаид.

– Горæтмæ хæццæ суæд, æндæр нæхионтæй исчи йемæ зындзæн...

– Æмæ кæд рынчындоны хуыссы, уæд та?

– Уæд нæм афонмæ исчи хабар кодтаид... Адæммæ кæсыс, сæ къухтæ сын нал фаг кæнынц, мах та кæнæ адæмæй, кæнæ хæдзарæй нал стæм.

– Уæдæ кæмæй?

– Уæртæ уал хæргæ исты бакæн, стæй уæд горæтмæ нæ, фæлæ кæд дæ фыртмæ цæуыс, уæддæр дæ бар и, – тызмæгæй загъта Афассæ æмæ хæдзармæ бацыд. Ауызби дæр йæ фæдыл бараст.

Чысыл фæстæдæр Алан фæзынд. Дуар хойгæ дæр нæ бакодта, афтæмæй хæдзармæ хионы цыд бакодта. Йæ галиу дыс – йæ ронбасты тъыст, йæ мæллæг рустыл, цыма сæ исчи ныхасгæ бакодта, уый хуызæн сатæгсауæй æрттывтой йæ рихиты кæрæттæ. Йæ хъусджын худ дуаргæрон йæ сæрæй systa æмæ йæ тъахтиныл баппæрста. Худы ныхыл стъалыйы фæд, бæхы агъдыл гакк куыд баззайы, афтæмæй баззад. Йæ риуы дзыппæй гæххæтт систа, стъолыл æй æрæвæрдта æмæ загъта:

– Ног хабар. Чындз бафæстиат. Батрадз фыссы, зæгъгæ, дам, нæ нымадæй фæрæдыдыстæм. Оксанæйы рынчындонмæ аластой.

– Уайтагъд æй мæ зæрдæ базыдта, – йæ хуыз фæцыд Афассæйæн, æмæ йæ зæнгтæ йæ быны фæтасыдысты, тъахтины тигъыл ма фæхæцыд.

– Фæлæуу, ныхасмæ уал кæронмæ байхъус, – кæд йæхæдæг дæр хуыздæр уавæры нæ уыди, уæддæр бустæгæнæгау загъта Ауызби.

– Куы уын загътон, хорз хабар у, зæгъгæ, – Афассæйы фарсмæ йæхи тъахтиныл æруагъта Алан æмæ зæронд усы мæллæг уæхскыл йæ къух æрæвæрдта. – Фæлтау, марадз, æмæ исты фен. Мах ын хъуамæ Ауызбиимæ дзæбæх бакувæм.

– Цы у, мæ хур, Алан, уый мын дзæбæхдæр бамбарын кæн. Фыдбоны зæрдæ, алырдæмты ныдздзæгъæлтæ...

– Хъус, Афассæ. Æрмæст мæм дзæбæх хъус. Дæ фырт Батрадз

фыссы, зæгъгæ, дам, чындз иунæгæй ацæуын йæ сæрмæ нæ бахаста, æмæ ныр дыууæйæ ссæудзысты.

– Куыд, лæппу дæр йемæ?.. Æмæ йæ кæдæмдæр æрвитинаг куы уыдысты? – зæххыл нал хæцыд Афассæ.

– Лæппуимæ, фырыхъулы хуызæн лæппуимæ.

– Уал цæфы фæстæ ма дзы цæй фырыхъулы хуызæн лæппу ис. Фæлæ...

– Æнхъæлдæн æмæ мæ нæма бамбæрстай? Дæ хæрзæггурæггаг – мæн. Дæ чындзæн лæппу райгуырд...

– Æмæ лæппу ахæм хабарæй куы ницы фыста...

– Нæлгоймагæн алцæй тыххæй фыссын не 'мбæлы, – йæ цæстытæ зынджы стъæлфæнтау ссыгъдысты Ауызбийæн, стæй стъолæй фыстæг систа æмæ йæм æдзынæг ныккаст.

– Не 'фсин, тъахтинмæ дæ хуыйгæ исчи бакодта æви? Уæлæмæ! Хъусыс, æппындæр мацæуыл бацауæрд. Сыхæгтæм дæр фæдзур. Абон Ауызбийы хæдзары циндзинад ис!

Афассæ сыстад, Аланмæ бауырдыг:

– Чындз йæхæдæг дзæбæх у? Цы фыссы лæппу? Кæд ссæудзысты?..

– Дзæбæх сты: чындз дæр, сывæллон дæр. Ссæуыны тыххæй та афтæ: куыддæр рынчындонæй рацæуой æмæ чындз фæсæрæндæр уа, афтæ сæ ардæм хъæуы. Батрадзæн дæр сывæллоны тыххæй йæ балц æндæр хатмæ аргъæвтой. Семæ рацæудзæн.

– Æмæ ма сын æндæр гæнæн дæр цы уыди? Лæппуйы хицæуттæй зæгъын. Ахæм стыр хъуыддаджы фæстæ йæ сæ бон бауромын дæр нæу, – уыцы сæрыстырæй загъта Ауызби. – Алан, марадз-ма, Хъанцаумæ бадзур, æмæ уыцы фысы кой бакæнут. Æз дæлæ Сæниатмæ ныууайон. Иунæг уыцы хо ма мын ис, æмæ йын мæхæдæг куынæ зæгъон, уæд та йын йæ хъаст Терчы дон дæр нал аласдзæн...

– Ауызби, фысы бæлццæтты ссыдмæ уадз. Уыйбæрц хæрдзтæн не сфаг уыдзынæ, – зæронд лæджы фæурæдта Алан.

Фæлæ Ауызби, иугай ныхæстæй чи фæцуда, ахæм нæ уыд, Аланы йæ фæндагæй аиуварс кодта æмæ ма йæ ныхасыл бафтыдта:

– Суыдзыстæм, Алан. Хуыцау сæ дзæбæхæй суадзæд, уый йеддæмæ уыдоны фаг дæр суыдзыстæм. Адæм хорз сты.

Афассæ йын йæ ныхас аскъуыдта:

– Де 'гæрыл, Алан, искуыдæр ма уый æрцыд? Карчы цъиу куынæ

у, мыййаг. Ӕз мӕ цӕргӕ-цӕрӕнбонты уымӕ куы фӕбӕллыдтӕн. Мӕ цотӕн сӕ фыццаг цин абон куы федтон: цу, нӕ лӕг, кӕйдӕриддӕр дӕ фӕнды, уыдоны ракӕн. Ӕз ма дын цалынмӕ ӕгас дӕн, уӕдмӕ тӕрсгӕ мацӕмӕй кӕн. Иу лӕджы хуызӕн дын сӕ фендзынӕн. Ӕххӕст ма дӕхи куы адастаис, цыхуызӕн дӕ?

– Уый фӕстӕ, не 'фсин, уый фӕстӕ. Хуыцауӕй дын ард хӕрын: мӕ кӕрц дӕр аивдзынӕн, мӕ цухъхъа дӕр скӕндзынӕн. Цы боны хорзмӕ ма сыл ауӕрдын? Абонӕй хуыздӕр ма мӕ кӕд бахъӕудзысты? Цом, Алан, – загъта Ауызби ӕмӕ йӕ уазӕджы разӕй тыргъмӕ ахызт.

Уайтагъд сӕ хӕдзар адӕмӕй байдзаг. Арфӕтӕ кӕнынмӕ згъордтой алырдыгӕй. Сыхы кӕстӕр сылгоймӕгтӕ чъиритӕ кӕнынил балӕууыдысты. Алан ӕмӕ Хъанцау кусӕрттаг тыргъмӕ ӕрбаластой. Уӕдмӕ Ауызби дӕр булкъдастӕй фӕстӕмӕ фездӕхт. Кусӕрттаг тыргъы куы байййӕфта, уӕд Аланыл сбустӕ кодта:

– Нарддӕр ма фӕуыдзӕн, цӕмӕ ма йӕм кӕсыс?

– Ӕнӕ дӕу? – йӕхи йӕм бакъултӕ кодта Алан. Стӕй сылгоймӕгтӕй иумӕ цыдӕр ацамыдта. Сылгоймаг ӕд арахъхъы графин фӕстӕмӕ фездӕхт.

– Гъемӕ, кӕд каст мӕнмӕ уыди, уӕд уын ӕз бар дӕттын. Хъанцау, мауал фӕстиат кӕнут...

Цыма Ауызби ӕмӕ Афассӕйӕн се 'ртӕ фырты ӕнӕнхъӕлӕджы хӕстӕй ӕрыздӕхтысты, цыма сӕ саухабаргӕнджытӕ рӕдигӕ фӕкодтой, адӕм афтӕ  дардтой сӕхи. Исдугмӕ сӕ зӕрдӕты рыст ӕрбайрох дыууӕ зӕрондӕн дӕр. Адӕмы арфӕтӕ сын сӕ цӕстысыгтӕ кӕдӕмдӕр аскъӕфтой, цавӕрдӕр ӕнӕуынгӕ рухсы тынтӕй батавтой Афассӕ ӕмӕ Ауызбийы ӕргъӕвст зӕрдӕты.

«Нӕ фесӕфт мӕ хъӕстӕ, мӕ хӕдзарвӕндаг. Мӕ фырт Батрадзы фырт ахӕсдзӕн дарддӕр йӕ фыдыфыды ном. Боразты Ауызбийы ном. Иннӕ лӕппутӕн дӕр цы мӕ бон у? Давгӕйӕ нӕ фесӕфтысты. Ӕгаддзинад не схастой сӕ фыды хӕдзармӕ. Лӕгтимӕ лӕгтӕй фӕцыдысты. Ӕвӕццӕгӕн, сӕ амонд хуыздӕр нӕ уыди», – йӕхинымӕр хъуыды кӕны Ауызби ӕмӕ кӕсы, йӕ сыхбӕстӕ, йӕ хӕстӕджытӕ хӕдзары куыд зилӕнтӕ кӕнынц, уымӕ. Алчи дӕр дзы йӕхицӕн куыст ссардта. Иу дӕр дзы ӕнӕ хъуыддаг нӕу. Суанг ма зӕронд устытӕ дӕр Ауызбийы хистӕр хо Сӕниаты алфамбылай ӕртымбыл сты, фӕрсынц ӕй:

– Сæниат, ныр дæ чындзимæ цытæ кæндзынæ, йемæ кæцы ‘взагыл дзурдзынæ?

– Зæрдæйæ, мæ хур. Зæрдæйы æвзаг алчи дæр æмбары, – йæ цъынд цæстытæй худы Сæниат.

– Сæниатæн та цы у, истæмæйты-иу ын йæ зæрдæ алхæндзæн. Фæлæ, мæгуыр, Афассæ... Нæ лæппутæ дæр диссаг сты, æвæдза. Уыйбæрц чызджы арæхæй æндæр адæмæй бинонтæ скæн...

– Æмæ гæды зæгъыс, Уарзетæ? Нæхи чызджытæ курæджы фыдæй сæ фыды уæларт куы тайынц. Хуртæ, мæйтæ сæ куы кæсы...

– Адæймаг бæзгæ кæнæд æмæ кæмæйфæнды уæд. Далæ Хъазыбеджы лæппумæ кæсут, æд бинонтæ ссыди, æмæ чындзы сæрæны кой йеддæмæ ницы кæнынц. Хистæртæн афтæ у, æмæ сын авгау æрхауынæй тæрсы. Уды гагайы хуызæн. Ахуыргонд...

– Æмæ уæртæ нæхи Фаткайæ цы зæгъдзынæ? Йæ чызг уырыссаг мой скодта, æмæ йын æвзæр у? Цынæ курорты йæ балæууын кодта, ахæм куынæуал баззад. Фатка мæнæн мæ райгуырд зоны, æмæ ма уымæ дæр бакæс æмæ мæнмæ дæр. Чызгау йæ хуыз дзæбæх куы скалдта.

– Фаткайы мын радавтай... Уымæн, мæ хур, йæ хъул тохси акъуырдта, тохси...

Аивæй хъусы устыты ныхæстæм Ауызби. Мæсты кæны, Батрадзы чи фауы, уыдонмæ. Ахъавы, чындзы хабæрттæ сын сæрæй-бынмæ ракæнон, зæгъгæ. Фæлæ куы иу алæууы йæ уæлхъус, куы йæм иннæ фæдзуры. «Цæй, чындз куы ссæуа, уæд æй сæхæдæг базондзысты. Æфтаугæ дæр ма йыл бакæндзысты», – хъуыды кæны Ауызби, æмæ йæ цæстытыл уайы йæ чындзы сурæт.

Раст зæгъын хъæуы, йæ украинаг чындзы хабар фыццаг хатт куы фехъуыста, уæд йæхæдæг дæр хуыздæр уавæры нæ уыди. Афассæ куы ныффæрск уа, лæппумæ исты куы ныффыссын кæна, зæгъгæ, сагъæссты бацыд. Фæлæ Афассæйыл йæ чындзы коймæ хур ракаст. Æмæ иубон Ауызбийы йæ фарсмæ æрбадын кодта, чындзы къам райста æмæ йæ цæстытæ доны азылдта:

– Æгайтма нын чындз ис. Нæ цыппар чындзы бæсты иунæг чындз. Фыццаг чындз... Нæ цыппары кæстæрæн. Батрадз сын куы ницы зонид, уæд йæ хистæрты зæрдæхудты нæ бацыдаид. Фæлæ, æвæццæгæн, кæуынæй ницыуал рамбулдзыстæм, нæ лæг... Мах ма уæддæр нæ зæрдæ

цæуылдæрты дарæм. Фæлæ йæ цотæй бынтон афтидæй чи баззад, уыдон цытæ кæнынц, йæ иунæг хур кæмæн аныгуылд, уыдон куыд фæразынц? Æз лæппуйыл мæ зæрдæ дарын. Нæ зæрдæхудты нæ бацæудзæн. Æвзæр адæймаг нæм не 'ркæндзæн. Уырны мæ. Мæ зæрдæ йæ зоны...

Ницыуал загъта Ауызби, æрмæст чындзы къаммæ аивæй бакаст æмæ та йæ зæрдыл æрбалæууыд, Алан ын йæ чындзы хабæрттæ куыд фæкодта, уый.

Сæрдыгон æнуд бон тыхулæфт кодта. Мæнæуы æфсиртæ зынанæзына змæлыдысты. Цыма хуры фæдыл кастысты, уый хуызæн сæхи иуварс акъул кодтой. Кæрдо бæлæстæм хæстæг мæкъуылы сæр бадти зæронд цæргæс. Хурмæ йе уæнгтæ æрлæмæгъ сты, рæдзæ-мæдзæ кодта.

Ауызби йæ фæныкхуыз нымæтхуд цалдæр дыдагъы бакодта æмæ кæрдæгыл бадт. Цыма йын исчи йæ риуыл дон бакалдта, уый хуызæн йæ хурмæсыгъд морæ хæдон ныххуылыдз. Йæ гом сæрыл хиды æвзист фæрдгуытæ æрттывтой хурмæ. Алан æм быдырмæ хуымæтæджы кæй не 'рцыд, уый æмбæрста, фæлæ йæ бафæрсынил тагъд нæ кодта. Исдугмæ ницы дзырдта Алан дæр.

– Дзур, цы хабар у? – йæхи нал баурæдта Ауызби.

– Батрадзæй фыстæг райстон...

– Æмæ?

– Дзæбæх дæн, зæгъгæ, фыссы...

– Æмæ хъæуæй ардæм æрмæстдæр уыцы иунæг дзырды тыххæй фезгъордтай? Æндæр ма цы фыссы? – стыхст Ауызби.

– Уартæ сылгоймæгты бригады уыдтæн. Æмæ ма, зæгъын, æххæст Ауызбийæн дæр Батрадзы фыстæджы хабар фехъусын кæнон...

– Ссæуинаг куы уыди, цы баци?

– О, мæнмæ дæр фыста, тагъд фæцæуын, зæгъгæ, фæлæ хæстон лæг æдзух йæхи бар кæм вæййы...

– Куыд дзурынц, афтæмæй сæ æндæр бæстæтæм дæр арæх æрвитынц. Ахæмæй дзы мацы уæд?

– Нæ, ахæмæй дзы ницы ис.

– Хæст раджы куы фæци, Алан, уæд ма нæ салдæттæ Германы цы ми кæнынц? Уыцы америкæгтæ исты змæнтынц, мыййаг?

– Бирæгътæ иууылдæр къуыбырхъустæ...

Ауызби ницы дзуры. Æфсиры нæмгуытæ йæ къухы арммæ згъалы. Кæсы мæнæуы сырх нæмгуытæм.

– Æвæццæгæн ма дзы, нырма фысдзармы чи рауай-бауай кæны, ахæм бирæгътæ дæр уыдзæни?

– Ис, Ауызби... Æргомæй чи хæцы, ахæмтæ дæр ма дзы ис...

– Сæ маст исдзысты, уæдæ цы... Æмæ иугæр хъуыддаг маст исынмæ куы 'рцæуа, уæд... Æцæг мæстджын мах куы стæм... Мæнмæ гæсгæ сын æгæр ныххатыр кодтам, искуы та сæ сæртæ ма сдарой...

– Мæнмæ дæр афтæ кæсы, – ныуулæфыд Алан æмæ йæ афтид уæхск базмæлыд.

Алан йæ чемы нæ уыд. Йæ цæстыбынтæ тарбын цъæх дардтой. Йæ хуыз фæцыд. Æмæ Ауызбимæ афтæ каст, цыма дзы лæппуйы хабæрт-тæй цыдæр æмбæхсы.

Стыхст йæхинымæр зæронд. Йæ хъуыдытæ йæ коммæ нал кастысты.

«Мæ зæрдæ ма иунæг Батрадзыл кæй лæууы, уый хорз куы зоны, уæд мæ цы бамбæхсынмæ хъавы? Кæй ма хъæуы мæ зæронд къодах мæ цыппар фырты фæстæ?» – скатай Ауызби æмæ мæнæуы нæмгуытæн сæ сыгтæ æхсæста, аивæй касти мæкъуылы сæрмæ зæронд цæргæс-мæ. Ноджы Алан хатгай йæ афтид дысмæ февналы, йе уæхск хæрдмæ фæхауы, йæ цонджы нуæрттæ атынг вæййынц.

«Риссы, æвæццæгæн та йæ хауд цонг риссы. Ныр цалдæр азы риссы йæ афтид дыс... Йæ цонг йæ уæлæ куынæуал ис, уæд ма дзы рисгæ та цы кæны?» – хъуыды кæны Ауызби, æмæ йын йæ хъустæ судзынц Аланы ныхæстæ: «Кæм мæ мæ армытъæпæн схæры, кæм ме 'нгуылдз схæф кæны, кæм та мæ рæмбыныкъæдз бандзыг вæййы. Стæй уæд риссын байдайы. Райхъал мæ кæны мæ тарф фынæйæ...»

Алан йæ риуы æгънæджытæ бынтондæр суагъта, йæ рахиз къух хæдоны бынты бакодта, йæ галиу уæхскыл ныххæцыд, цыма афтæ дзырдта: «Фæлæуу, цæуыл та хæрдмæ хауыс? Хур бонæй, асæст бонæй чи кæцы у, уый куынæуал æвзарыс...»

– Бахатыр кæн, Ауызби, Батрадзы фыстæг мын мæ зынтæ мæ зæрдыл æрлæууын кодта, – æрæджиау загъта Алан. – Абондæргъы хъæдрæбынты, доны былты зилын. Куы ницы хуыздæр кодтон, уæд сылгоймæгты бригадмæ бафтыдтæн, иу-дыууæ сахаты се 'мгуыст фæкодтон. Кæд мæ, зæгъын, мæ зæрдæйы рыст, мæ цонджы дудын иучысыл ферох уаиккой. Ницы сын мæ бон баци...

– Кæд дын лæппу йæ фыстæджы исты маст скодта? – ныллæг

хъæлæсæй бафарста Ауызби, æмæ йæ мæнæуы нæмгуытæ кæрдæгмæ æркалдысты.

– Маст? Нæ. Ахæмæй нæм дæ зæрдæ мацæмæй æхсайæд...

«Уæдæ цы? Цы мæ басусæг кæнынмæ хъавыс? Дзур, кæд исты зæгъинаг дæ, уæд æй комкоммæ зæгъ», – куырдтой Ауызбийы фæлмæст цæстытæ.

Аланæн, æвæццæгæн, йæхимæ дæр хорз нæ фæкаст, зæронд лæджы афтæ кæй сцыбæл кодта, уый æмæ йæ ныхас дæрдтыл райдыдта:

– Киевмæ хæстæг иу гыццыл хъæуы хуыссыдтæн æфсæддон рынчындоны. Уæддæр мын ацы æнамонд цонг уыди цæф. Æрмæст мын æй лыг, дыккаг хатт куы фæцæф, уæд акодтой. Цонджы цæф дæр куыд нæ рыст, фæлæ ма ноджы мæ дыууæ уæны астæу сармадзаны нæмыджы схъис ныффидар æмæ мæ уый бынтон сулæфын нæ уагъта. Иубон нæм ног цæфтæ æрбаластой, æмæ уыдонæй базыдтам, хæст бынтон кæй æрбахæстæг, уый. Немыц нæ ам куы ‘рбаййафой, зæгъгæ, адæм тасы бацыдысты. Рог цæф чи уыд, уыдон æхсæвы кæдæмдæр афардæг сты. Æз дæр ацæуыныл афæлвæрдтон, фæлæ мын уыцы бон операци скодтой, æмæ мæ бон нæ баци. Рудзынгыл бæргæ ахызтæн, фæлæ рынчындоны кæрты мæ зæрдæ бахъарм. Фæстæмæ та сынтæгыл æрчъицыдтон.

«Тæрсгæ ма кæнут, æмбæлттæ, ам нæ никæй ныууадздзысты. Тагъд нæ машинæты аласдзысты!» – цæфты сабыр кодта чидæр. Стæй кæцæйдæр мæ хъустыл æрцыд: «Æмбæлттæ, ирон уæ ничи у?!» Æз мæ сынтæджы хæрдмæ фæхаудтæн, кæд мæ фыны исты федтон, зæгъгæ, талынг къуымты мæ цæстæнгас ахастон.

Ног та æрбайхъуыст: «Кавказцы есть?» Мæхи нал баурæдтон: «Чи дæ, хæстæгдæр-ма рацу!» Адæмы ‘хсæнты мæм йæ лæдзджыты æнцæйтты æрбацыд кæйдæр сау æндæрг. «Чи дæ, кæй агурыс?» – нæхирдыгонау æм дзурын æз. Уый иуцасдæр мæ уæлхъус алæууыд, стæй мæ сынтæджы тигъыл æрбадт, йæ хъæрзын ссыд, æмæ мын мæ цæф цонгмæ фæлæбурдта. «Бахатыр кæн... Талынджы йæ нæ федтон», – хатыр ракуырдта сау æндæрг æмæ стыхст. «Батрадз нæ дæ?» – мæ цонджы рыст тыхныхъуырд акодтон, афтæмæй йæм мæ рæмбыныкъæдзтыл рабадтæн æз. «Æз Батрадз дæн, фæлæ ды та чи дæ?» – загъта уый, æмæ йæ тæвд комытæф мæ цæсгомыл æрбакалд. «Кæддæр мæ Алан бæргæ хуыдтой», – мæ цæфты рыст мæ зæрдæйыл сæмбæлд, афтæмæй йын дзуапп радтон æз.

Уыцы сахат кæмдæр хæстæг цалдæр бомбæйы фехæлд. Зæхх ныррызт. Хæдзары рудзгуытæ базгъæлæнтæ сты. Уат фæздæгæй айдзаг.

«Уæлæмæ! Кæрæдзийы æнцæйтты цæудзыстæм», – фæхъæр мыл кодта Батрадз æмæ мæ сынтæгæй фелвæста, йæ лæдзджыты къæскъæс ссыд.

Бæстæ хъæрахст сси. Кæмæн куыд йæ бон уыди, афтæ тындзыдта рынчындоны кæртмæ, уынгмæ.

«Æмбæлттæ, сабырдæр! Уæхи æрæмбарут! Ныртæккæ уе 'ппæты дæр аласдзыстæм!» – йæ тых-йæ бонæй хъæр кодта чидæр. Стæй уæлдæфы фæд-фæдыл ныннæрыд цалдæр гæрахы. Исдугмæ цæфтæ сæ хъæлæбайæ фенцадысты.

«Цы фæдæ? – асиныл нæ размæ фæци цавæрдæр æрыгон чызг æмæ Батрадзы дæлармы фæмидæг. – Рæвдздæр! Ме уæхскыл æрæнцой кæн. Фидар хæц... Авгæй конд нæ дæн, сæттынæй мын ма тæрс».

Рынчындонæй чысыл æддæдæр бæлæсты бын ифтыгъдæй лæууыдысты дыууæ бæхы. Сæ бæттæнтæ тыдтой. Футтытæ кодтой. Батрадзы уæрдонмæ сæргъæвтам. Чызг мæнæн дæр аххуыс кодта. Стæй бæхтыл уыциу æхситт фæласта æмæ тæхгæ-тæхын уæрдоны абадт.

Цæфты чи раласта, уыцы машинæтæй цалдæр нæ фæрсты сивгъуыдтай. Сыгъди рынчындон. Пиллон арт уагътой хъæуы хæдзæрттæ. Арвы æмбис сырх хъулон дардта нæ фæстæ...

«Чи дын у?» – тарст бæхтæ нæ æнахуыр фæндæгтыл кæдæмдæр скъæфтой, афтæмæй афарстон Батрадзы.

«Æз та, зæгъын, кæд дæ зонгæ у», – мæ хъусы мын æрбадзырдта Батрадз æмæ чызгмæ хæрдмæ скасти.

Æз дæр мæ цæфты судзгæ рыст мæ дæндæгты 'хсæн нылхъывтон. Æрмæст мæ цæсыгтæ мæ коммæ нæ кастысты. Кæйдæр чызгæй сæ æмбæхстон. Æвæццæгæн, Батрадз дæр афтæ хъуыды кодта.

«Олесь, цы фæдæ? Иучысыл ма бафæраз. Тагъд дзæбæх фæндагмæ бахæццæ уыдзыстæм... Но-о!» – дзырдта чызг æмæ, цыма хъандзалтыл лæууыд, уыйау-иу хæрдмæ фæхаудта. Йæ дыууæ дзыккуйы дыууæ зæрватыккау мæ хæд сæрмæ ратæх-батæх кодтой, сæ базыртæй мын мæ фындзы рагъ хостой. Æрцахсынмæ сæ хъавыдтæн, фæлæ мæ чызг æндæрхуызон куы бамбара, зæгъгæ, мæ ныфс нæ бахастон. Батрадз мæм йæхи хæстæг æрбаласта, цыдæр зæгъынмæ хъавыд, фæлæ уыцы сахат чызджы дзыккутæ нæ сæрмæ ауыгъдæй аззадысты.

«Чи у, кæдæм нæ ласы?» – ныллæг хъæлæсæй загъта Батрадз æмæ чызджы дзыккутæм фæлæбурдта...

Ауызби аивæй йæ сæр иуварс азылдта, схуыфыд. Алан æй фембæрста, фæсырх.

– Дзур, дзур. Чызг æнæ дзыкку нæ фидауы, – загъта Ауызби æмæ Аланмæ йе 'рфгуыты бынты бакаст.

Алан дзырдта дарддæр:

– Чызг дзуццæджы абадт, фæстæмæ фæзылд æмæ ныл йæхи сцагъта: «Кæд сын бæхы къæдзил æнхъæл дæ, уæд фæрæдыдтæ. Суадз мын мæ дзыккутæ!..»

Мах ныхъхъус стæм, хъыпп-сыпп дæр нал скодтам. Чызг фæстæмæ сыстад, йæ даргъ цæнгтæ сцагъта, бæхтæм февзыста.

«Олесь, цы ныхъхъус дæ? Истытæ дзур», – нæ хъустыл та ауад чызджы уынгæг хъæлæс.

«Махæй афтæ ничи хуыйны» зæгъынмæ йын хъавыдтæн æз, фæлæ уыцы сахат, мæнæрдыгæй цы цæлхытæ уыди, уыдонæй иу йæхи цæуылдæр скъуырдта, портийау хæрдмæ фæхаудтæн, мæ фæсонтæ сæрхъæдмæ æрхастон æмæ мæ хъæлæсы дзаг ныхъхъæр кодтон: «Бауром!.. Мæ бон нал у...»

«Олесь, де 'мбалы басабыр кæн. Кæуынæй фæндаг цыбырдæр нæ кæны, – загъта чызг, æмæ мæм афтæ фæкаст, цыма кæугæ кæны. – Олесь, цы ныхъхъус дæ? Исты дзур...»

«Бауром... Æнæрай скæн дæ Олесæй!» – цыма уæрдонæй агæпп кæнынмæ хъавыд, уый хуызæн гуыффæйы сæрхъæдмæ фæлæбурдта Батрадз.

Чызг ницы дзуапп радта, æрмæст йæ бæхтыл ноджы тынгдæр ралæууыд.

Нæ сæрмæ талынг арвы гуыв-гуыв кодтой хæдтæхджытæ. Хæрдмæ хауди уæрдон. Кæдæмдæр згъордтой машинætæ. Чидæр сæ урæдта. Хъæр кодта сæ фæдыл. Хъæу нал зынди, æрмæст ма арвы кæрæттæ тарбын сырх дардтой. Кæмдæр ма зæхх нæрыди. Чидæр мын мæ цонг йæ рæбынæй тыдта, мæ фæсоны цæф зæрдæ рæхуыста... Батрадзæн дæр йæ дæндæгты къæс-къæс цыд, хъæрзыдта, дон агуырдта.

«Дæ хорзæхæй, бауром. Мæ уд сисын мæ бауадз»,– куырдтон, лæгъстæ кодтон чызгæн, фæлæ уый йæ бæхтæй махмæ нал æвдæлд.

Иу ран æрлæууыдыстæм. Чызг уæрдонæй уыциу сæррæтт акодта.

Батрадз рабадт, аххуыс кодта мӕнӕн дӕр. Куыддӕр уӕрдонӕй рахизынмӕ хъавыдыстӕм, афтӕ та чызг ногӕй нӕ уӕлхъус алӕууыд.

«Кӕдӕм? Уӕ бынатӕй змӕлгӕ дӕр ма фӕкӕнут! Хид хӕлд разынд», – уыциу хъӕр ныл фӕласта ӕмӕ бӕхтыл фехситт кодта.

Фыццаг нӕ цӕсгӕмттыл доны уазал ӕртӕхтӕ ӕрбакалдысты, цӕлхыты гыбар-гыбур аскъуыд, стӕй уӕрдоны гуыффӕ донӕй айдзаг...

Бонӕрдӕм иу хъӕумӕ бахӕццӕ стӕм. Чызг, йӕ размӕ цалдӕр ӕхгӕд машинӕйы кӕмӕн лӕууыд, ахӕм дурын хӕдзары раз бӕхтӕ баурӕдта. Зӕгъгӕ дӕр ницы кодта, афтӕмӕй кӕдӕмдӕр азгъордта. Нӕ цӕфты рыстытыл ма райсомы уазал дӕр бафтыд. Донластӕй нӕ гӕртт-гӕртт цыд. Мӕнӕн мӕ сӕр зылд, сӕнттӕ цагътон. Арв мӕм хъуынтъыз мигътӕй касти. Куывтон мӕлӕтмӕ. Батрадз мын йӕ уазал къухтӕй мӕ къӕмисӕнтӕ ӕууӕрста.

«Сыст... Цом, искӕй хӕдзармӕ бацӕудзыстӕм... Нӕхи адӕм куы сты, исчи нӕ суазӕг кӕндзӕн», – ӕвӕццӕгӕн, йӕ ныхас йӕхимӕ дӕр нӕ хъуыст, афтӕмӕй мын лӕгъстӕ кодта Батрадз.

Ӕз мӕ фӕстаг тыхтӕ ӕрӕмбырд кодтон, сыстынмӕ хъавыдтӕн, фӕлӕ мӕ чидӕр мӕ цинелы ӕфцӕгготӕй ӕмӕ мӕ дыууӕ къахӕй ахӕр-хӕр ласта. Ӕз  тарстхуызӕй хӕрдмӕ скастӕн. Нӕхионтӕ кӕй сты, уый бамбӕрстон, ме 'муд ӕрцыдтӕн. Уӕрдонӕй чысыл ӕддӕдӕр хибарӕй лӕууыди бурдзалыг хӕрз ӕрыгон чызг. «Сабырдӕр... Хъӕды лыггӕгтӕ уын не сты, мыййаг. Дысон-бонмӕ сӕ уӕрдон фӕхоста», – дзырдта чызг, ӕмӕ йӕ фӕлурс цӕсгомыл сыгъдысты йӕ дынджыр цъӕх цӕстытӕ.

«Бахатыр кӕн, бузныг дӕр дын нӕ загътам», – лӕгтӕй иуы уӕхсчыты сӕрты йӕм бакастӕн ӕз. Уый мӕм зына-нӕзына йӕ мидбылты бахудт, дзургӕ ницы скодта.

Уыцы бон нӕ Батрадзимӕ фӕсчъылдыммӕ аластой. Мӕн – Казахстанмӕ, уый – Цӕгатырдӕм...

– Уӕд чызг та? Цы фӕци? – Аланы хынцфарст акодта Ауызби.

– Уым баззад, – йӕ къӕхты бынӕй ныуулӕфыд Алан. – Нӕ цӕуыны размӕ ма нӕм иу уад ӕрбакодта. «Олесы дӕр дысон раластой... Раирвӕзт! – цин кодта чызг, ӕмӕ йӕ фӕлурс уадултӕ туджы хъазыдысты. – Рынчындоны йемӕ чи уыд, ахӕмтыл амбӕлдтӕн, ӕмӕ мын ӕй уыдон загътой, уымӕн дӕр йӕ зӕнг уыди цӕф», – Батрадзы сынтӕджы тигъыл бадт, афтӕмӕй тагъд-тагъд дзырдта чызг.

«Цы нæ вæййы, мыййаг ма искуы куы сæмбæлæм... Дæ номæй дæр дæ нæ бафарстам», – загъта Батрадз.

«Мæ ном – Аксанæ», – дзуапп радта чызг æмæ сыстад.

Батрадз æй баурæдта: «Аксанæ, хъыг дын ма уæд, фæлæ ма нын æххæст дæ адрис гæххæттыл куы афыстаис…»

«Ныртæккæ, – сыстад чызг æмæ кæдæмдæр азгъордта. Уайтагъд фæстæмæ фæзылд, гæххæтт Батрадзы къухты фæсагъта, бахудт æмæ цæугæ-цæуын загъта: – Æз тæхын... Олесы мæ ссарын хъæуы…»

«Махæй дæр-иу ын салæмттæ ратт», – йæ сынтæджы рабадт, афтæмæй ма чызджы фæдыл ахъæр кодта Батрадз...

Ауызбийы нæ фæндыд, Аланы даргъ таурæгъ ууыл куы ахицæн уыдаид, уый. Æмæ йæ фырты æрдхордмæ йе 'рфгуыты бынты каст, цыма йын афтæ дзырдта: «Лæппу, бæндæн цасфæнды куы фæбийай, уæддæр ын искуы кæрон æнæ уæвгæ нæй...»

– Æмæ йын чи уыди, уыцы Олесь кæй хуыдта, уый? – Аланы хъуыдытæ æрдæгыл аскъуынын нæ бауагъта Ауызби.

– Йе 'фсымæр... Йæ хистæр æфсымæры ивддзаг мах раласта. Хæрз сывæллон чызг. Рæхснæг бæрзы хуызæн. Фæлæ артæй уæлдай нæ уыди, йæ фезмæлдыл цæст нæ хæцыди...

– Æмæ сымах дæр уæ ирвæзынгæнæджы хъуыды дæр нал æркодтат. Цы фæци, уый дæр нал базыдтат. – Аланы «даргъ бæндæнæн» йæ тæккæ кæроныл æрхæцыд Ауызби.

Аланæн дæр æй цы бамбарын хъуыди, æмæ «бæндæны кæрон» суагъта:

– Базыдтам, Ауызби. Фæцагуырдтам æй цалдæр азы. Дæ фырт дæр, æз дæр. Æрмæст дæ фырт мæнæй дæсныдæр агурæг разынд. Истæмæй ма нæ хъаст кæныс?

– Гъемæ уæ цæрæнбон бирæ уæд. Æгайтма уæ хæрзгæнæджы ссардтат. Уæ ирвæзынгæнæджы нæ ферох кодтат...

Алан сыстад, йæ афтид дыс йæ ронбасты нытъгъыста, йæ риуы æгънæджытæй цалдæр сæвæрдта.

– Уæдæ дын мæ цыды сæр дæр схъæр кæндзынæн. Батрадзимæ мах цы гыццыл Аксанæ фервæзын кодта, уый дæ чындз баци...

Ауызби фестъæлфыд, йæ ныхы æнцъылдтæ фæйнæрдæм алыгъдысты.

– Æмæ йе 'фсымæр та... Цы фæци, мæгуыр?..

– Нал æй ссардта...

– Лæппу дæм æй ныффыста?

– О, Батрадз...

Зæронд цæргæс мæкъуылæй стахт. Ауызби æмæ Аланы сæрмæ цалдæр зылды æркодта, стæй арвы цъæхы сфардæг. Дыууæйæ дæр йæ фæдыл акастысты.

– Алан, мæ хур, чысыл мæм фæлæуу, æз ма уæртæ мæ кусæн дзаумæттæ афснайон. Ныртæккæ фездæхдзынæн. Курын дæ, мæнæн сæ куыддæриддæр фæдзырдтай, не ‘фсинæн дæр-иу сæ афтæ радзур. Бауырнæд дæ, æхсызгон ын уыдзæн, – загъта Ауызби, æмæ уый дæр йæ бынатæй систад.

– Цу, уæртæ дæм доны был банхъæлмæ кæсдзынæн, – дзуапп радта Алан æмæ уæззау къахдзæфтæй астымы ‘рдæм араст. Уайтагъд æхсæркъудзиты ауон фæци.

Дон фæрв бæлæсты бын йæхинымæр цæуылдæр хъуыр-хъуыр кодта. Ивылд нæ уыд, æмæ йæ былгæрæттæ зæронд самандуртау нысхъуыдтæ сты хурмæ. Иу ран дзы стурвос сæхицæн фæндаг акъæртт кодтой, сæ сæфтджыты фæдтæ æлыгыл дондзæстытæй баззадысты.

Алан йæ хæдон раласта, йæ хæлафы фадгуытæ уæраджысæр-тæм стылдта æмæ доны бацыд. Цалдæр армыдзаджы дзы скалдта йæ судзгæ цæсгомыл, йæ уымæл риуыл. Стæй гыццыл сывæллонау футтытæ систа, дон лæсæнтæй уади йæ бæрзæйыл, йæ фæсонтыл, йæ хæлафы комдæлы. Йæ иунæг къухæй æууæрста йæ хъуынджын риу, йæ афтид дæларм. Цин кодта сæрдыгон хъарм доныл. Йæ хуылыдз къухы цъыччытæй донмæ хаудысты фыдуаг къогъотæ.

Афтæмæй йæ æрбаййæфта Ауызби. Сдзурынмæ йæм хъавыд, фæлæ исдугмæ йæ мидбынаты сагъдæй баззад. Стæй фæстæмæ-фæс-тæмæ рацыд, фæрв бæласы ауон æрлæууыд æмæ Аланмæ кæсынтыл фæци. Алан афтæ уæззау цæфтæ у, уый æнхъæл нæ уыд. Лæппуйæн йæ лыстæг къубалы бынмæ йæ астæуыстæджы хъултæ уырынг-тæ-уырынгтæй ныххал сты кæрæдзи фæдыл. Рахиз уæны бынты цæфхады йасæй æрбазылд цъæх-цъæхид арф нос. Йæ фæйнæфарс – дыууæ нарæг уадздзаджы. Доны æртæхтæ сыл уырдыгмæ згъордтой, æрмæст цæфты хуыз аивын сæ бон нæ уыди. Мæллæг, æнæхъару уæхсчытæ...

«Йæ буарыл иу æнæхъæн гæбаз дæр нал и, афтæмæй йæ схъæрзгæ

дæр никуы ничи федта. Куы иу сыхы февзæры, куы иу хæдзарæй ракæсы, куы быдыры балæууы», – Аланы цæфтæм аивæй каст, афтæмæй йæхинымæр хъуыды кодта Ауызби. Стæй йæ сусæг кастæй йæхæдæг фефсæрмы, иуварс азылд æмæ схуыфыд:

– Алан, ам дæ?..

– Фæцæуын...

...Адæм ацыдысты. Батрадзы хæдзары ныууагътой сæ хъæлдзæгдзинад, сæ арфæтæ. Сыхæгтæй чидæр дуары сæрмæ тæрхæгыл сæвæрдта ноггуырды сыппайаг. Нывонды къæбæл бакодтой гайладжы хъуырыл. Стæй сыхы чындзытæ хæдзар бафснайдтой, ныммарзтой кæрт, уынг. Мæй раджы скаст æмæ та раст Боразты хæдзары сæрмæ ныллæууыд. Цыма бынтон хæстæг уыди, цыма иннæ 'хсæвтæй тынгдæр рухс кодта...

Сæниат сæхимæ нал ацыд, йе 'фсымæр æмæ йæ чындзы хæдзары ахæм циндзинад рагæй нал федта, æмæ сын Афассæимæ ныхас бацайдагъ. Суанг фæсæмбисæхсæвтæм нал бафынæй сты.

– Цымæ йыл цы ном сæвæрдтой... Батрадз уый тыххæй ницы фыссы? – фарста Сæниат.

– Де 'гæрыл, сæ чызг, йæ фыдмæ дын ахæмтæ уæнды? Алан куыд дзуры, афтæмæй, дам ыл æнæ мах не 'вæрынц ном.

– Мæ хур акæн, гыццылæй дæр æмбаргæ уыди Батрадз. Хъуыды ма кæныс, иухатт нын уæртæ кæрдо бæласæй куы рахауд æмæ къалиуыл ауыгъдæй куы баззад? Йæ гыццыл къухæй, мæгуыр, бæласы цонгыл ныззæгæл, кæугæ дæр не скодта...

Афассæ йæ цотæй æппæлаг нæ уыди æмæ та ацы хатт дæр фырты коймæ йæхи баурæдта. Сывæллон фыдуаг митæй фылдæр цы кæны! Батрадз дæр – афтæ. Раст зæгъын хъæуы, уый иннæтæй тæлфагдæр уыди. Уæвгæ мадæн йæ хъæбултæ иууылдæр – иу хуры тынтæ. Мады гуыбыны дæр хъулæттæ фæвæййы, фæзæгъынц. Чи зоны. Æрмæст мадæн йæхи зæрдæйæн йæ цотæй уæлдай хъулон ничи вæййы.

– Чындз, æвæццæгæн, ныр уалдзæгæй раздæр нал ссæудзысты, – дзуры Сæниат. – Ацы уазæлтты... Дзидзидай сывæллонимæ...

– Алан куыд дзуры, афтæмæй, куыддæр чындз йæ сæрæн фæуа, афтæ рацæудзысты, – дзуапп дæтты Афассæ. Æмæ, нæ лæг цы фæци, зæгъгæ, дуармæ йæ хъус дары.

– Æххæст уалдзæгмæ куы лæууыдаиккой... Урссагæй дæр куы ницæмæй рæвдз стут. Уæдмæ кæд мах хъуг ныззаид...

– Ардыгæй уалдзæгмæ де ‘фсымæр куынæ сразы уа. Изæрсарæй йæм нæ кæсыс? Цъил фестад...

– Цы кæна уæдæ... Рыст зæрдæ хуры хъарм хуыздæр æмбары. Йæ гыццыл хуртæй йын бафсæдут...

– Цы, уый зоныс, сæ чызг?

– Цы?

– Ныр дæр мæ нæма уырны... Бахатыр мын кæн, фæлæ мæ цæстытæ куы бацъынд кæнын, уæд та мæ хъæбысы фесты. Худы мæм йæ гыццыл дзæццытæй. Тилы мæм йæ нæрст тымбыл къухтæ. Стæй уæд кæдæмдæр фæцæйтæхы. Йæ фыдыфыды æккоймæ сбыры. Йæ мады хъæбысæй мæм нал фæкомы. Йæхи мæ рамбæхс-бамбæхс сисы...

– Чындз, фидардæр уæвын дын æмбæлы. Дæ бæлццæтты ссыдмæ ма уæддæр бафæраз.

– Уæдмæйы фаг ма суыдзынæн...

Ауызби зынæг нæ уыди. Уый дæр хуыссæг нæ ахста. Кæрт – æфснайд. Æрмæст скъæты фæстæ цæхæрадоны сыхы куыйтæ стджытыл сæ кæрæдзийы хъуын калдтой. Ауызбийы куы федтой, уæд сæхи фæйнæрдæм айстой, каурæбынтæй кастысты. Фехситт сыл кодта, æмæ куыйтæ сæ бынатæй фæцагайдтой.

Æхсæвы уазал æлхысчъытæ кодта Ауызбийы ногдаст цæсгом. Бацыд сарамæ. Абон кусарт кæм сфыхтой, уыцы артдзæсты уазал фæнык йæ лæдзæджы фындзæй азмæста. Иугай зынджы муртæ ма ферттывтой артдзæстæй. Фæныкæй, æрдæгсыгъд æвзалытæй чыргъæд байдзаг кодта æмæ араст Стыр фæндагмæ. Абон та сихæрттыл хидмæ хæстæг дон ратыдта, фæласта уæрдонвæндагæй, абон райсом Ауызби кæй бапырх кодта, уыцы фæнык æмæ ныр фæстæмæ ныйих, ныддæвдæг. Фæнык пырхгæнгæ йыл ацыд, æмæ йæ фæд-йæ фæд Стыр фæндагмæ бахæццæ.

Бæстыл иу цъиуызмæлæг нæ уыд. Æрмæст йæ фæйнæварс сæ бæгънæг хихтæй кæрæдзийы рæхуыстой æргъæвст бæлæстæ. Сæ ауæттæй фæндаг ныллыгтæ кодтой.

Ауызби чыргъæд систа, куыддæр рацæуынмæ хъавыд, афтæ кæцæйдæр машинæйы уынæр йæ хъустыл ауад. Банхъæлмæ йæм каст. Машинæ, тындзгæ, згъордта горæты ‘рдæм. Йæ цырæгъты рухс йæ

разæй тахти æмæ ауиæтты сæрты гæппытæ кодта. Машинæ Ауызбийы раз æрлæууыд. Æрыгон шофыр йæ сæр кæбинæйы рудзынгæй радардта æмæ хъæрæй загъта:

– Сбад. Горæтмæ цæуыс?

– Нæ... Бузныг, – дзуапп ын радта Ауызби.

– Уæд та, кæдæм цæуыс, уый зæгъ. Æз дæ фæхæццæ кæндзынæн...

– Æз мæнæ ацы хъæуккаг дæн, – хъæумæ къухæй ацамыдта Ауызби.

– Хорз лæг, кæд искæмæ æнхъæлмæ кæсыс, уæд дзæгъæлы. Ацафон мæн хуызæн æдылыты йеддæмæ фæндагыл никæйуал ссардзынæ, – загъта шофыр æмæ, фыццаг машинæйæ цыдæр ныхъхъыррыст кодта, стæй йæ цæлхытæ бырынцъаг фæндагыл сæ мидбынаты скафыдысты.

Æрдæгсыгъд æвзалыты муртæ, уазал фæнык йæ къæхты бын хъысхъыс кодтой, дымгæ йæ уæраджы сæртыл тыхстис, афтæмæй цыди сæхимæ Ауызби. Исдугмæ йæм афтæ каст, цыма иунæг нæу, фæлæ йæ фæдыл цæуынц йæ фырт æмæ йæ чындз. Чындзы хъæбысæй йæм йæ гыццыл къухтæ тилы йæ фыртыфырт. Фæкæлынæй тас сын нал у ныр. Фыды къонайы цæхæр сæ фæкæлын нæ бауадздзæн, йæ фæд-йæ фæд сæ бакæндзæн хъæумæ. Ауызбийы хæдзармæ.

Æмæ йæ сæр бæрзонд систа зæронд Ауызби, йæ зæнгтæ фæрогдæр сты, дымгæйы уазал дæр ын ницыуал тых кæны. Йæ ныллæг хæдзары сæрмæ тохынайæ лæгæрды артдзæсты фæздæг. Рудзгуытæй йæм сиды æмбисæхсæвы рухс, абоны циндзинад...

# КАЛОТЫ ХАЗБИ: 105 АЗЫ



**1921 – 1943**

*Тæхуды, куы бафидин мæ хæс мæ бæсты раз æмæ куы ‘рхауин кæнæ сымахау, о мæстыгæр уылæнтæ, куы ныппырх уаин!*

*КАЛОТЫ Хазби*

# ÆЗ МÆ ЦАРД НÆ НЫМАЙЫН ÆВГЪАУЫЛ

## ЗÆХМÆ КУРДИАТ

Гъей, ныхæсты ныфс, мæнæй цæй дард дæ!
Гъей, цæй тыхджын дæ, зæрдæйы рад!..
О нæ зæхх, цæрынæн мæ ныййардтай
Æмæ мын дæ урс æхсырæй ратт!

Мæн дæуыл дунейы уаг ныббаста.
Демæ ахицæн мæ хъару нæу.
Уарзын æз дæ хæхтæ судзгæ уарзтæй,
Уарзын æз дæ фæйлаугæ мæнæу.

Уарзын, о, фæлæ, зæгъ-ма, нæ дуджы
Æз нæртон уæйгуыты ‘хсæн цы дæн?!
Курын, бауадз фидар тых мæ туджы,
Ма мæ бамбæхс де ‘рттиваг тæмæн.

Мæн хъæуы дæуæй поэты хъару
Æмæ ‘ндон фаттæ æппæт дзырдтæн.
Гъей, кæм дæ, сæрибар дуджы уари,
Рахæсс-ма дæ базыртæ мæнæн!

*1940 аз*

* * *

Æз бонивайæнты æфсæнбын лæдзæг райстон.
Æз хаттæн хæтæнты, æз цæуæнты цыдтæн.
Æрвон дæлагъуыстыл мæ зыд цæстæнгас хастон
Æмæ кæмдæриддæр дæ буц сурæт уыдтон...

Æз бадтæн быдыры фæлмæцыдæй изæрмæ.
Фæцæйтахт хурзæрин, фæуагъта ма йæ тын.
Æхсызгон уддзæфæй рызт дидинæг мæ сæрмæ,
Йæ зæлдаг сыфтæй мæм дæ рухс цæсгом фæзынд.

Æз-иу егъау фурдмæ æнафоны ныфтыдтæн,
Æмæ дзы стъалыты æргъæусæр мæй хызта.
Æддæуæз былгæрон фынкæйдзаг нывæфтыдтæй
Уым уылæн уылæныл дæ рæсугъд ном фыста.

Æз хохы митсæрмæ уæд талынджы фæраст дæн,
Мæ размæ цыд сæдæ цинтимæ бон.
Æрвон дæлагъуыстыл мæ зыд цæстæнгас хастон
Æмæ кæмдæриддæр дæ буц сурæт уыдтон.

*1940 аз*

* * *

Фæхицæн райдзаст æрдз йæ фынæй,
Мæйдарæй боны рухс фæразæй.
Æмæ фыццаг хуры сæлфынæг
Йæхи сындæггай мигъты 'руадзы.

Ныгъуылы ком йæ урс цæвдары,
Кæмдæр ма мæргътæ хъалмæ сидынц.
Æз дæр дын, о мæ зæрдæдарæн,
Салам сæууон хурæн æрвитын.

*1940 аз*

* * *

Æхсæв дæ дзыккутау куы 'рхауы,
Йæ тарф фынтыл куы вæййы зæхх,
Æмæ фæлмæсты цæстыхаутау
Куы суымæл кæны хъæды 'ртæх,

Уæд æз мæхинымæр фæзæгъын:
«Тæхуды, фен ма дæ æрмæст,
Æрбад дæ уæлрудзынг æртæхау,
Æртæхау рудзынгыл æрлæс!..»

*1941 аз*

* * *

Дæ уæнгты ‘нæкæрон ныфс уа,
Сæрибар уартхæссæг æфсад.
Ды та дæ сабыр цард
Ныууагътай...
Æнафоны нæ зæхмæ ‘ртахти
Фыдгулы зилдухгæнæг зынг.
Хæцын у зын.
Фæлæ уæлахиз
Ды дæ, мæ уарзон бæстæ, ды!
Æнцад, куыдз-рицæр,
Размæ ма хиз,
Дæ ных сæтты!..
Æллæх, цæй тæригъæд у зæхх!..
Дæ тугæй чъизи кæны зæхх,
Йæ рухс цæсгом мæйдарæй ивы...
Æгъгъæд!
Ды сахуыр дæ фæливын.
Лæбур, дæ гæндзæхтæ уал цæгъд,
Мæлæты мад, æнаккаг талæу!
Фæзынд нæ фондзтигъон ыстъалы,
Уый фехста сау мигътæм йæ тын,
Налаты цард ыскъуынæг тын.
Уый зоны: мах ыстæм уæлахиз.
Æнцад, куыдз-рицæр,
Размæ ма хиз,
Дæ ных сæтты!..

*1941 аз*

* * *

Идыл рæдзæ-мæдзæ кæны...
Йæ уылæнтæ ма узы,
Фæлæ сын уддзæф дары ронг...
Мæй доны ферттывта
сызгъæрин къусау
Æмæ ныттынг йæ налхъуыт рон.

Идыл,
фæлас-ма мæ, цæй, демæ,
Дæ цины цæстысыг мыл тау...
Æз дæн хæларзæрдæджын Демон,
Мæстыгæр, сонт
дæ уылæнтау.
Фыдуаг дымгæ цæры мæ риуы,
Сабыр – мæ бакаст та, мæ уынд.
Мæнæн æхсызгон у фæхудын,
Кæнæ æгомыгæй лæууын.
Идыл!
Фæнды мæ дуне фенын,
Æмæ мæ лас,
æмæ мæ лас...
Æз кувдзынæн дæуæн
æхсæвæй-бонæй,
Куыд кувы дымгæйæн бæлас...

* * *

Ды дзырдтай:
«Нæма уыдтæн Кавказы,
Никуы ахæтыд йæ цъититыл мæ цæст,
Æз уыдтон тыгъд быдыртæ мæ разы,
Уыдон уарзгæйæ фæцардтæн æз...»

Ды дзырдтай...
Фæлæ дæм æз нæ хъуыстон,
Мæйы бур æрфыгмæ уыд мæ каст.
Дымгæ уæд бæгънæг бæрзы æнкъуыста,
Сидзæрау уыд къулбæрзæй бæлас...

Ды дзырдтай...
Фæгуырысхо дæ уайтагъд...
Азылдтæ æмæ ныууагътай мæн...
Зæрдæ мæимæ кæдæмдæр атахт.
Зæрдæ атахт саудзыкку чызгмæ...

*1941 аз*

* * *

Æз мæ цард нæ нымайын æвгъауыл:
Цард цæуы,
æхсæрдзæнтæй кæлы.
Мæн хъæуы
фæстаджы тохы ‘рхауын,
Мæн хъæуы
сæрыстырæй мæлын...
Цæй, мæ фæндыр,
дзæгъæл дæ ныууагътон,
Нал мысын, мæ хорз хæлар, дæ уынд...
Æз, ныфсхаст цæргæс,
мæ базыртæ ысцагътон
Æмæ тымыгъмæ
æнхъæлмæгæс
лæууын.

*1941 аз*

* * *

Куы сæтты тымыгъ
даргъ бæлæсты.
Уый хъæпæн фæндагыл куы ‘рхуыссыд...
Кæй бон уыдзæни, кæ,
нæ фæстæ
Зæххы зæрдæйы маст
ныффыссын!..
Æз федтон
хъарм туджы суадон,
Лæджы буарæй æмбæрзт астым...
Гъей, сахъ нæртон,
æри дæ уадындз,
Нынкъусон зæхх æз
ризгæ уастæй!
Æри!
Мæн у дунейы арфæ,
Æз цард дæуæй

хуыздæр æмбарын...
Дæлдзæхы тымыгъ
фемæхст
арвæй, –
Сызгъæрин хуры тынты
уарын.

*1943 аз*

## САБИМÆ

Æдзух цæудзæни цардамондмæ бæстæ,
Цъæхдæр хъæдабæйæ уыдзæни зæхх фæлыст.
Дæу уздзæн хур йæ авдæны мæ фæстæ.
Дæуæн лæварæн баззайдзæн мæ фыст.

Дæуæн æрттивдзæн Бобронау дæ цæрæн,
Налхъуыт дæр ын нæ уыдзæни æвгъау.
Ærымыс-иу, нæ фидæны фæлтæрæй
Кæй дæ ды хæсджын, буц лæппу, мæнау.

*1940 аз*

## ХУРМÆ

Хъус-ма, хурзæрин!
Лæджы ныхас дæм
Кæд æнусты царды тых ысхаста,
Уæд мæ фыст дæр айс лæварæн.
Ды дæ тынтæ
Царды хосæн дарыс,
Сурыс сау фыдфынтæ,
Æмæ алчи у зæххыл
Дæ митæй разы...
Æхсæв сау базыртимæ тæхы,
Мардау бæсты ‘нкъарддзинадмæ ласы.
Фæлæ райсом
Цъititыл дæ тын куы схъазы,
Райсы
Уæд йæ фæндыр зæрдæ

Ӕмæ демæ алы ран хæты.
Ӕрдз йæ уæнгтæ айвазы,
Ныххуды.
Комæй сысты
Мигъ
Ӕмæ дын цудгæ
Арвы хъугоммæ фæуайы!
Алчи ралæууы йæ куысты,
Ӕмæ ‘гас дуне фæрайы.
Зымæгæй куы стыхсы бæстæ,
Фæзты
Мит куы бамбæрзы бынтон,
Хъæд куы фæкæсы
Фæйнæрдæм джихæй,
Дон
Куы бамбæрзы йæ уылæн ихæй,
Уæд æгас дуне фæбæллы
Уалдзæгмæ...
Ды дæ зынг цæстæй æркæсыс,
Митæй равзæры æрра дон
Ӕмæ ‘хсæрдзæнтæй фæкæлы
Коммæ,
Уылæнтæ фæхæссы...
Фæзты
Байдзаг вæййынц мæргътæ
Ӕмæ уалдзыгон хъæлæстæй
Ӕрдзы ног уагмæ фæхонынц.
Уарзон дидинæг æртоны
Ӕмæ судзгæ былтæй сисы
Ног рæстæджы къайы хай.
Сæгуыт карст айнæгмæ схизы
Ӕмæ мигъты ‘хсæн фæлгæсгæ
Уый æдасæй
Коммæ цингæнгæ ныууасы.
Быдырмæ фæтырнынц адæм,
Нал вæййы дзæгъæлы бадæн

Æмæ ‘ндонзæрдæджын бæхтæй
Алчи зæххы риу фæлдахы.

Сæрд куы ралæууы йæ рады,
Уæд æфсадыс
Зайæгойты хъармæй,
‘Рыскъæф нал фæцæуы армы,
Сауæй
Баризы сыкъамо,
Уазæг фены ‘фсины къух рæдауæй.
Хорз куы сцæттæ вæййынц хортæ,
Уæд йæ бур гауызтæ ‘ркæны
Фæззæг...
Нозтæн
Нал вæййы бынат.
Фынгыл фесты
Сау бæгæны.
Сис дзы нуазæн
Æмæ йæ дæ хорз хæлармæ
Ратт.
Уарзын
Æз, æхсæвы тары
Уæрдæтты хъыс-хъыс куы ссæуы
Æмæ сусæгæй тæрхоны
Хъуым куы бацæуы, уæд уый.
Уарзын, райсомæй
Куы хоны
Де ‘рттиваг хуыз бæсты
Хъалмæ
Æмæ д‘ азарæй æвзистау
Æртæх нартхæрттыл куы схъазы,
Уæд фыр цинæй
Æз мæ риумæ ‘вналын
Æмæ стонг цæстыты ‘нгасæй
Быдырты дарæс нуазын.

Фæлæ ницы ис уæддæр
Нæ зæххыл,
Хурзæрин, дæуæй
Хуыздæр.
Фæзæгъын,
Циу дæ цуры мæй?
Арæх бирæ хорз поэттæ дзурынц:
«Лирæ тынгдæр уарзы мæйы».
Фæлæ федтон уый мæрддзæстæй...
Й‘ астæу хъусцæгау ысвæййы...
Уарзын æз сызгъæрин хуры,
Дзуры
Йемæ арæх зæрдæ
Цинады ныхæстæ карзæй,
Æмæ йе ‘рттиваг цæхæртæ
Бирæтæн кæнын æвгъау...
Гъей, тæхуды, гъей, тæхуды,
Цард-цæрæнбонты
Дæуау
Чи фæхуды!

*1940 аз*

# ИКЪАТЫ ВЛАДИМИР: 90 АЗЫ



**1936 – 1990**

*О хур, дæумæ кæнын тæхуды,*
*Йæ хъарм кæмæн тавы æдзух!..*
*Куы уаид ахæм хъарм мæ уды, –*
*Зæххыл дзы никæй уадзин цух!*

*ИКЪАТЫ Владимир*

# РÆСТДЗИНАД ХУРАУ АЛКÆЙ ДÆР ХЪÆУЫ

## ФЫЦЦАГ – МÆ МАДÆЛОН ÆВЗАГ

Ис дунетыл алхуызон ӕвзӕгтӕ –
Номдзыд ‘мӕ ӕрдхӕрӕны хъӕздыг.
Зӕрдӕйӕн – ӕхцон сӕ дзырд, сӕ зӕлтӕ, –
Ӕз лӕууын сӕ кады раз уырдыг!..

Фӕлӕ мын мӕ зӕрдӕйӕн ӕхцондӕр
Басгуыхти мӕ мадӕлон ӕвзаг.
Ӕз куы хъусон абон ӕмӕ сом дӕр
Уый адджын дзырд, уый нӕртон зӕлланг,

Уӕд уыдзынӕн амондджын ӕнусты,
Дзыллӕты раз алхатт дӕр – нымад.
Никӕмӕ нӕ кӕндзынӕн тӕхуды,
Хъуысдзӕнис мӕ ингӕнӕй дӕр зард!..

## ÆНУСТЫ БÆЛЛИЦ

Ӕнус-ӕнус дыууӕ ‘фсымӕры – хицӕн,
Кавказы хохыл хордзенбаст – сӕ хъысмӕт.
Цӕры сӕ афтӕ алчи дӕр йӕхицӕн,
Фӕлӕ сӕ риуты бацарди ыстыр мӕт:

Кӕрӕдзимӕ сын хӕхтыл нӕй фӕцӕуӕн,
Сӕ уӕзгуытӕ та – хохӕмбаст, ӕмарӕн.
Хъысмӕты тӕрхон афтӕ у фыдӕнӕн, –
Гъе раст цыма бӕгъатыр Амыранӕн!..

Сӕ цин ӕмӕ сӕ хъыджы бон та иу у, –
Сӕрбахъуыды ӕрвгӕрӕтты фӕцӕуынц!..
Сӕ бамбарӕг, сӕ фарсрахӕцӕг чи у, –
Скиф-аланты схъистӕ ма кӕй хъӕуынц?!

Сæ фæндаг хæхтыл, сæрсæфæнтыл хизы, –
Сæрд уа, зымæг, ам маргъæн дæр – зын тæхæн!
Йæ кой, йæ тасæй адæймаг нырризы,
Фæйнæрдыгæй – зæйцæуæнтæ, сæрсæфæн!..

О, афтæ уыд хъысмæты тæрхон рагæй,
Фæлæ ныззылди ыссæдзæм æнусы:
Нæ номдзыд лæгты зонд æмæ æхсарæй
Ныр хох фæкъæртт и, – алчи дæр æй хъусы!..

Фæндаг нын байгом, фарны фæндаг абон, –
О Иры мад, фест фидиуæг, ныхъхъæр кæн!..
Ды дæр æй фехъус, дуджы æлдар – атом,
Фыдызнагæй, фыдбылызæй йæ хъахъхъæн!..

Нæртон рæсугъд, дæ ирон фæндыр рахæсс,
Æрцæгъд, æрсимæм, мæрдтæ дæр куыд растой.
Дыууæ ‘фсымæрæн фесæфти сæ сагъæс,
Сæ худтæ цинæй хохы сæрмæ фехстой!..

Нæ хæлæрттæн-фæндаггæрдджытæн – арфæ! –
Гуырдзиаг уа, уырыссаг, украинаг...
Цырт сын ныссадзæм, Кады цырт, уæларвмæ
Куыд уа мыггагмæ дзыллæтæн сæ цинаг!..

Цæут нæм гъеныр, дунетæ, хæларæй,
Ирыстон уын – нæртон фысым, æрдхæрæн!
Нæ уарзт, нæ цинтæ алкæмæн – æмбарæй,
Æнусты иумæ уарзонæй куыд цæрæм!..

## ТЫБЫЛТЫ АЛЫКСАНДРÆН

«Æтт! Ирон зарæг ма иу хатт! –
Дзурынц ахст лæппутæ, –
Науæд карз дуджы фыдихуард
Фескъуыны нæ удтæ!..

Кæд æнæ мæлгæйæ нал у, –
Амæлæм иронау!..
Иу хатт ноджыдæр нæ хъæру
Ферттивæд æхсонау!..

Мах нæ рахондзæн фæсмойнаг
Сомбоны нæ хъæстæ, –
Не знаг, зонут æй, сæргойаг
Бауыдзæн нæ фæстæ!..»

…Айхъуыст ныккæндæй ирон зард
Хъарæджы фæлхуызтæй!..
Диссаг басгуыхтæ, ирон мад,
Сахъгуырдты хæссынтæй!..

Зарынц ахстытæ иронау –
Сахъ ирон лæппутæ.
Тохы ‘нæсæттон æндонау
Иууылдæр – сæ удтæ!..

Райсом кæнæ та иннæбон
Айхъуысдзæн сæ хабар...
Ма кæ, ма-иу ку, сæ фæдон,
Саутæ дæр сыл ма дар!..

«Заргæ мардыстæм фыдæлтæй, –
Бадзуры Тыбылон, –
Мачи ма хъæрзæд йæ цæфтæй
Не знаджы тыхы бон!..

Зарæг акæнут кæронмæ,
Науæд арв нытталынг...
Кæд нæ ахуыссид ысбонмæ
Не ‘ппæтæн нæ сау зынг!..

Рох нæ уыдзæни нæ ингæн,
Ма тæрсут, мæ хуртæ! –
Мах æрцыдмæ та нæ Ирæн
Гуырдзæн сахъ лæппутæ!..»

# ЦЫРТЫ ДУР

*Арын дзы Гаглойты Рутены ном*

Æз куы рамæлон, уæд-иу мын
Ма батыхсут хистыл.
Фаг у зианджынæн иу зын, –
Баввæрсут-иу куистыл.

Дардыл ма-иу сидæд хонæг:
О, Рутен, зæгъ, нал и, –
Карз хъысмæты бар – зæххон лæг, –
Æрдзæн фæтк, æгъдау и!..

Ма-иу фервитут сæндзæуттæ,
Ма-иу бафтут хардзыл...
Мадæр-иу фæдарут саутæ
Афæдзмæ мæ мардыл!..

Мадæр мын цыртыл ыстыхсут, –
Кадуарзаг нæ уыдтæн.
Иу цъæх дурыл-иу æрфыссут
Ном, мыггаг уæ фыртæн!

Фæлæ дур, фæдзæхсын, зонут:
'Нахуыр бæстаг ма уæд.
Тынг кæуыл фæрыст ирон уд,
Уый мæ цыртаг бауæд!..

Ирæй Ирмæ хох кæм фæкъæртт,
Фæндаг дзы кæм ахызт,
Уым цъæх айнæджы фæзгъæр къæртт
Басгуыхæд мæ уаз цырт!..

## ЗÆХХЫ РИС

Хъæрзыс, мæ ныййарæг мад-зæхх,
Фæлæ цæмæн? Бæлвырд нæ зонын.
Дæ рис, дæ сагъæстæ мын зæгъ, –
Мæхи дæ фырт, дæ хъæбул хонын...

– Мæ рис, мæ сагъæстæ – уæззау,
Мæ хъæбул, бамбар-ма дæ мады...
Мæ зæрдæ сагъæстæй ныссау,
Цы маст нæ бавзæрстон мæ царды!..

Ныр та – уæлдай катайаг, ныр
Мæ сæрмæ хæсты мигътæй – талынг,
Мæ мæт мын балхъивы мæ хъуыр,
Тæрсын, куы ныххуысса мæ сау зынг!..

Фыдлæгтæ – 'нæсæрфат, уæууай,
Зынг-хæстмæ рабастой сæ гæрзтæ!
Фæцис, дам, карз атом нæ хай
Æмæ йын бавзарæм йæ хъæстæ!..

Мæхи мæт никуы кодтон, нæ,
Мæ мæтаг – хъæбултæ, сæ фидæн...
Лæджы фарн, райхъал у, кæм дæ,
Аркæс мæм, дунейыл дын иу дæн...

Куы сæфон – фесæфдзæн æппæт,
Æрцæудзæн сау хъаймæт мыггагмæ.
Лæджы цард бауыдзæн æвæд,
Мæ фырттæ, байхъусут уæ мадмæ!..

Тыхст дуджы басгуыхæд уæ зонд:
Нæртон, уæлмонц фæндтæ нывæндут,
Мыггагмæ разынут уæззонд,
Мæ риуыл уарзонæй фæцæрут!..

Ныддымут ног хæстæн йæ тас,
Хæстæндзарæг йæ сæфт куыд ара,
Хæцут сабыр цардæн йæ фарс,
Æнустæм хæсты тас куыд нал уа!..

## РÆСТДЗИНАД УАЛ ДÆХИ УДÆЙ ÆРФÆРС

«Цы у рæстдзинад, дунетыл кæм и?!» –
Кæйдæрты фарстæн дзуапп дæттын мæхæдæг:
Рæстдзинад домыс? – бафæрс уал дæхи –
Куыд уай бынтондæр раст æмæ сыгъдæг лæг!..

Рæстдзинад хурау алкæй дæр хъæуы,
Æнæ рæстдзинад бахуыссид нæ сау зынг!..
Рæстдзинадагур алчи дæр цæуы,
Куы ныххилы мæ царды рухсмæ талынг!..

Фæлæ рæстдзинад æрдзы лæвар нæу,
Йæхи хъæдæй нæ райгуыры, нæ зайы...
Рæстдзинад домы тох æмæ быцæу
Фыдлæгтимæ, сæ фыдми сын нæ тайы!..

Рæстдзинадтауæг алы хатт дæр – лæг,
Фæлæ, уæууа, йæ хурхгæнæг дæр лæг у!..
Кæд агурыс зæххон рæстдзинад ‘цæг,
Уæд иу фæдзæхст æнус-æнус бæрæг у:

Рæстдзинад уал дæхи удæй æрфæрс,
Дæ царды йæ дæ уды къæрттау бауарз!..
Нæртонæй йæ дæ кады худау хæсс,
Фæцагайын æм паддзахы дæр ма уадз!..

Рæстдзинад гамхуд, сайæн ныхас нæу,
Нæдæр æрхъызы февзидæн ыссыр у!..
Рæстдзинады уæззау посты фæлæуу, –
Нæ лæгдзинад, нæ намысы мыхуыр у!..

## ЛÆДЖЫ ЗÆРДÆ

Лæджы зæрдæ æвæрæн у, æвæрæн, –
Æвæрæм дзы нæ цин æмæ нæ уарзт!
Нæхи хъæздыг, уæд амондджын æнхъæлæм,
Нæ фæкæнæм нæ цардамондæй хъаст!..

Лæджы зæрдæ æвæрæн у, æвæрæн, –
Æвæрæм дзы нæ хъыг æмæ нæ маст!
Нæ цардамонд уæд уый фæстæ æфхæрæм,
Фæкæнæм дзы хæрамы охыл хъаст!..

Цæй, зæрдæты æрмæстдæр цин æвæрæм,
Æфснайæм дзы æвдадзы хосæн уарзт!..
Нæ царды бонты уарзонæй фæцæрæм,
Цæй, ма хæссæм нæ кæрæдзийæн маст!..

## НÆ ИРЫ НОМХÆССÆН ЧЫЗДЖЫТÆ

Нæ Иры номхæссæн чызджытæ,
Нæ царды базырджын бæллицтæ!
Налхъуыт, налмасæй конд фæрдгуытæ,
Уæ рынтæ бахæрон, уæ низтæ.

Уæ фæкаст – хъавæгау рæстдзæвин,
Зынг фатау зæрдæйыл æмбæлы...
Уæ уарзт æнæлаз ‘мæ æнæхин,
Нæ цуды уд-зынты, нæ кæлы...

Уæ фæхудт, уе сныхас – поэзи,
Цæхæр арт лæппутыл æндзары...
Зæххыл бæллиццагæй цы фенди,
Уæ удты бацарди, уæ тары...

Уæ хъазт, уæ фæндыры æрцагъдмæ
Ныхмæлы айнæг дæр, нырризы...
Уæ фидыц, уе ‘гъдау ‘мæ уæ уарзтмæ
Уæларвæй Хуры фырт æрхизы...

Уæд ахуыр, куысты, зæгъ, – хъазуатон,
Уæ ном Ирыстоныл ныхъхъæр и...
Уæллæй, тæхудиаг – йæ хъал бон,
Сымахæй къайы бар кæмæн и!..

Нæ Иры номхæссæн чызджытæ,
Дæттæй, уæ зæрдæ уын куы ссарин, –
Поэты базырджын хъуыдытæ
Уæ номыл барджынæй фæзарин...

## ФÆДЗÆХСТ МÆХИЦÆН

Мæ уд, кæдæм тындзыс,
Кæдæм тæхыс дæрдджынæй?
Дæ хæтæнтæ, дæ фæндæгтæ – фæудхъус.
Æви нæ бафсæстæ
Дæ уарзынæй, бæллынæй
Æмæ цæрынæн дæу хъæуы æнус?!

Нæ, ма бабæлл,
Уый – халоны æмбисонд.
Лæгау лæгæн æрдæгæнус дæр – фаг.
Цæй, уый бæсты
Дæ фæстаг зарæг самон,
Кæд дын ныккæнид иу æхсон зæлланг!..

*ГÆБÆРАТЫ Юри*

# ÆМÆ НЫУУАГЪТА РУХС ФÆЛГОНЦ ЙÆ ФÆСТÆ

*Уац*

Зæрдæ алы адæймаджы риуы дæр тæлфы, фæлæ адæм æмхуызон уарзын нæ зонынц сæ зæрдæтæй. Афтæ – риссын дæр æмæ, Хуыцау ма зæгъæд, фæлæ – мæлын дæр. Адæймаг та, цалынмæ уарзын базона, уæдмæ нæ базондзæн риссын, афтæ амæлын дæр, кæд мæлæт фылдæр Хуыцауы фæндонæй вæййы, уæддæр.

Ирон адæмы ныры фæлтæры Фыдыбæстæ зæрдæбынæй уарзыны сæр иууыл тынгдæр бахъуыд, нæ бынысæфтмæбæллæг сыхæгты ‘рдыгæй та радон геноциды рис куы бавзæрстам, уæд. Фæлæ цы давы Фыдыбæстæйы уарзын,  риссынхъом ыл куынæ уай, уæд?

Икъаты Владимир йæ райгуырæн зæхх æмæ йæ раттæг адæммæ æнæкæрон уарзондзинад йæ зæрдæйы йæхæдæг кæм бавæрдтаид – гуырдзæй йæ рахаста. Фæлæ, поэт уыцы уарзондзинадыл цас æнувыд уыд, уый искæй зæгъинаг нæу; йæхæдæг æй куыд æмбæрста æмæ æнкъардта, афтæ – ничи.

Æмæ йæ зæгъгæ дæр аив æмæ зæрдæбынæй раджы кодта:

*Ирыстоны бынтон гæвзыкк куы уон,*
*Куынæ дзы уа мæ ингæнæн дæр фаг зæхх,*
*Уæддæр йæ дзыхъхъы уадз æмæ цæрон, –*
*Хуыцау, кæм дæ?! Хуыздæр амонд мын ма зæгъ!*

Уый уарзынхъом зæрдæйы æргом ныхас у, фæлæ ма риссын зоныны кой дæр скодтам, æмæ уымæн дæр, чи зоны, йæхæдæг хуыздæр дзуапп ратта:

*Ирыстоны æнæныфс лæг куы уон,*
*Æфсымæр, хо, æрвад мын дзы куынæ уа,*
*Уæддæр мæ ныфс, мæ хъæздыгад – йæ ном,*
*Йæ сæрвæлтау мæ мæлæт уадз æрцæуа!*

О, фæлæ поэзи базырджын ныхæстæ, романтикон узæлд æмæ патриотикон цæлхъытæ дæр уарзы. Æрмæст ам дызæрдыг кæнæн нæй

Владимиры æцæг уарзт æмæ йæ зæрдæйы æнæгуызавæ рисыл – поэт сын сæ рыст базырджын поэтикон уæлтæмæны куыд æвдыста, уымæй сæ царды, Ирыстоны хъысмæты иууыл риссагдæр рæстæг куы æрæййæфта, Фыдыбæстæйы тыххæй цард раттыны сæр куы бахъуыд, уæд ирддæрæй равдыста...

Аскъуыд йæ уарзаг æмæ риссаг зæрдæ, кæй уарзта æмæ кæуыл рыст, уыцы Ирыстоны рыстæй. Æмæ ацыд йе 'нусон бæстæм, йемæ кæй ахаста æмæ йын уым дæр æнцойдзинад чи никуы ратдзæн, уыцы æвидигæ уарзт æмæ æнусон рыстимæ. Ацыд, фæлæ йæ фæстæ ныууагъта лæджы фæд, иудадзыг нæ цæстытыл чи хъуамæ уаид, ахæм рухс фæлгонц.

Ацы дзырдтæ æрмæст мæхи уды райгуыргæ æнкъарæнтæй рантысгæ не сты – афтæ дзырдтой æмæ дзурынц, Владимиры æнафоны мæлæтыл зæрдæбынæй чи фæрыст, уыцы адæм. Уыдон та зонгæйæ, æнæзонгæйæ ноджы зæрдæагайгæдæр ныхæстæ нывæстой сæ судзаггаг хъарджыты Икъайы-фырты табæты уæлхъус, адæм зæххæн уæз кæм кодтой, уыцы фыдохы митинджы.

Дзæнæтыбадинаг Икъаты Владимир, Ирыстоныл уæззау бонтæ куы скодта, уæды онг йæ уарзон адæмæн уыд æрмæстдæр уарзон поэт, уæлдайдæр – сабитæн уæзгæ уацмыстæ фæлдисæг. Йæ поэзийы ис уарзондзинад дæр, фæлæ уæддæр, куыд поэт, йæхи Ирыстоны сæрвæлтау цæрынæн снывонд кодта. Ирыстонæн, ирон адæмæн æмæ йæ мадæлон æвзагæн.

*Æвзаг – нæ удты фæлгонц махæн,*
*Æвзаг – нæ зондайдæн, нæ гакк.*
*Æвзаг паддзах æмæ цагъарæн*
*Кæны æнæхъулон лæггад.*

*Тæссаг, – куы баныгæнæм не 'взаг,*
*Тæссаг, – куы нын бауа мæрдрох.*
*Мæлдзæн ныл сау худæгæй не знаг,*
*Æваст нæ баййафдзæн фыдох.*

*Нæ къона фехæлдзæн бынтондæр,*
*Нæ артыл ауадздзыстæм дон,*
*Нæ фыдæлтæн, бецау, сæ ном дæр*
*Ныстъæлдзæн абон æви сом.*

Поэт ӕрмӕст сагъӕс нӕ кӕны йӕ мадӕлон ӕвзаджы хъысмӕтыл. Йӕ фидӕн цӕмӕй кӕуинаг ма уа, уый тыххӕй цы кӕнгӕ у, цавӕр хӕс ныл ис, уымӕн дӕр ары сӕрфат.

*Хӕцӕм нӕ фыдӕлты ӕвзагыл,*
*Хӕрӕм йӕ сыгъдӕг номӕй ард,*
*Ӕндзарӕм суг-ысхъис йӕ артыл, –*
*Бӕллиццаг басгуыха йӕ цард.*

Дзырд дӕр ыл нӕй, куыд журналист, афтӕ дӕр нымад уыд хуыздӕрты фыццӕгтӕй иуыл, фӕлӕ стӕй йӕ курдиаты алывӕрсыг хуызтӕ сӕмхӕццӕ сты, нӕ дуг йӕхӕдӕг куыд схӕццӕ ӕмӕ сӕмтъеры, афтӕ. Ӕмӕ Икъаты Владимир йӕ адӕмӕн басгуыхт поэт-трибунӕй. Иунӕг уысм дӕр ӕнцой чи нал зыдта, уыцы поэт йӕхи ӕппӕрста иу ранӕй иннӕмӕ. Нӕ тыхст ӕмӕ уырыд рӕстӕджы не 'хсӕндзарды цыдӕриддӕр цаутӕ цыд, – Владимир сыгъд ӕмӕ ӕхсыст сӕ тӕккӕ гуылфӕны. Абон «Адӕмон Ныхас» бирӕ цӕмӕйдӕрты ссис дзырддаг, ис дзы, кӕй зӕгъын ӕй хъӕуы, гуырысхо чи 'взӕрын кӕны, ахӕм рох ӕмӕ сусӕг-ӕргом хабӕрттӕ. Фӕлӕ уӕдӕй абонмӕ ӕмӕ нырӕй фӕстӕмӕ дӕр ӕнӕдызӕрдыггаг уыдзӕн ӕрмӕстдӕр иу хъуыддаг: «Адӕмон Ныхас»-ы активондӕр уӕнгтӕй иу – Икъаты Владимирмӕ – нӕ уыд нӕдӕр хи пропагандӕ кӕныны, нӕдӕр хи схъӕздыг кӕныны, нӕдӕр хицауадмӕ баирвӕзыны монц, йӕ разы ӕвӕрдта ӕрмӕстдӕр иу хӕс – Ирыстоны хӕдбардзинад бахъахъхъӕнынӕн иучысыл ӕххуыс уӕддӕр бакӕнын. Ӕмӕ йыл ӕууӕндыдысты адӕм. Ирдӕй сӕм зынд йӕ уды сыгъдӕгдзинад, ӕмӕ йын аргъ кодтой йӕ алы дзырдӕн дӕр.

Йӕхӕдӕг йӕхицӕн ницы агуырдта, нӕдӕр йӕ риу хоста ӕмӕ йӕхицӕн уӕлдай кад агуырдта. Йӕ иу ӕмдзӕвгӕйы цӕйау зӕгъы:

*Кӕд дӕ поэт, уӕд хъуамӕ уай цӕттӕ*
*Сӕрбахъуыды рӕстаг тохы мӕлынмӕ.*
*Дӕ адӕмӕн нывонд кӕнай дӕ сӕр,*
*Фӕдисон уай сӕ цин ӕмӕ сӕ хъыгмӕ.*

Ӕмӕ кӕм нӕ уыд фӕдисон Ирыстонӕн йӕ цинты дӕр ӕмӕ йӕ хъыгты дӕр! Фыццаджыдӕр уыд ирон дзырдаивады фӕдисон. Йӕ поэзи йемыдзаг у раттӕг зӕххы хӕрзиуджытыл райын ӕмӕ сабийау

цин кæнынæй. Цæуылдæриддæр æмæ кæуылдæриддæр фыста, алцæмæн дæр æмæ алкæмæн дæр ардта йæхи хæдхуыз ахорæнтæ, иу ын иннæйы нæ фæзмы, нæ фæлхат кæны, фæлæ сæ фæндаг иу ранмæ цæуы – лæджыхъæд æмæ Фыдыбæстæмæ уарзондзинад кæм иу кæнынц, ахæм тыгъдадмæ.

Уый поэт-фæлдисæджы хуызы, поэт-патриоты фæлгонцы ноджы ирддæрæй равдыста йæ парахат æмæ æнæлаз удыхъæд. Уыцы уæззау бонты дыууæ хатты ацыд Мæскуымæ дæр йæ адæмæн исты æххуыс фæуыны ныфсæй. Уым æмбæлд алыхуызон партиты минæвæрттимæ, мæскуыйаг ирæтты æхсæнад «Фарн»-ы разамонджытимæ, фæдисы телтæ фыста Горбачев, Лукьянов æмæ æндæртæм.

Икъаты Владимиры амæлæты фæстæ зынгæ ирон поэт æмæ публицист Дзуццаты Хадзы-Мурат фыста: «Владимирæн æрдз сфыццаг кодта æхсæнадон темперамент, æмбæстагон æнæнцой æмæ фæдисоны монц. Искуы, зæгъгæ, адæмы социалон æмæ национ бартæн тыхми кæнынц, уæд-иу йæхицæн бынат нал ардта, растын-иу кодта æндæрты дæр рæстдзинад æмæ адæймагуарзоны сæрвæлтау. Амæй фæстæмæ нын нæ фаг кæндзæн Владимиры æргом, сыгъдæг ирон ныхас, нæ нын фаг кæндзæн йæ ныфсхаст, йæ хъæру, йæ фезмæлд».

Йе ‘нæрцæф æмæ æнæнцой удыхъæды миниуджытæн мæхæдæг дæр бирæ хæттыты уыдтæн æвдисæн. Йæ мæлæтæй иу къуыри раздæр уыдаид, афтæ мæм æрбацыд куыстмæ. Уæд ма театры куыстон. Йæ цæсгомы нуæрттæ æнæнцой хæлбурцъ кодтой, йæ цæстыты тыхстхуыз судзгæ æхсидавау æндæвта æддæмæ: «Сидзæрдон сæхгæдтой. Куртайы сидзæрдон. Ӕдыхыл сæ хъæру æвзарын се ‘нусон гакк у. Хъуамæ фæдисы хъæр ныккæнæм – æндæр гæнæн нын нæй... Дæуæн æй хæс кæнын. Ныфс мæ ис, сараздзынæ йæ. «Нæ» мын ма зæгъ, курын дæ...»

Ацу æмæ дæм разынæд, «нæ» дын чи зæгъын кæна, ахæм дурзæрдæ! Фæлæ куыд, цы амалæй?.. Дардæй йæ чифæнды дæр ныффысдзæн, иумæйаг ныхæстæ кæрæдзийыл бацъаппытæ кæн, æмæ æрмæг – цæттæ… Фæлæ уый цас сæрмæхæссинаг хъуыддаг уыдаид уыцы дывыдон дуджы!

Дыккаг бон базыдтон, Советон Цæдисы Мидхъуыддæгты министрады хæстонтæ цæуинаг кæй уыдысты Куртамæ. Сæрмагондæй Куртамæ нæ, Итраписы онг цыдысты. Цоциты Алан æмæ мын булкъон Алексей Востриковы фæрцы фадат фæцис семæ бронетранспортерыл

Куртайы онг ацæуынæн. Ахызтыстæм блокадон Цхинвалæй. Алы рудзынг, алы бæласы бынæй дæр лæгмæ мæлæт кæцæй æнхъæлмæ каст, уыцы гуырдзиаг хъæуты астæуты бахæццæ стæм Куртайы хъæумæ. Армытъæпæныйас цыппаркъуымон рудзынггондæй суыдтон сидзæрдоны бæстыхай æмæ, æфсæддонтæй хистæр чи уыд, уымæн бамбарын кодтон, кæй æрбахæццæ стæм. Уый машинæ бауромын кодта. Люкæй куы схызтæн æмæ зæхмæ куы æргæпп ластон, уæд мæм сæ хистæр бынмæ æрдзырдта, рæстæг мын кæй ис æрмæстдæр сахаты ‘рдæг, цалынмæ фæстæмæ раздæхой, уæдмæ æмæ… сæ машинæ скусын кодтой æмæ дарддæр ацыдысты.

…Йæ удæн æррайы йеддæмæ алчи дæр тæрсы… Цы йæ ‘мбæхсон, ме уæнгты уазал ризæг ацыд. Æз æнхъæлдтон, фæлæудзысты мæм, мемæ бацæудзысты сидзæрдоны онг, стæй дарддæр семæ ацæудзынæн, æмæ фæстæмæ – Цхинвалмæ…

Лæууын сагъдæй фæндаджы был, бæстæ мыл куыройау зилы... Фæндагæй сидзæрдоны ‘хсæн стыр донхæрисы бын арты алыварс чи бадт, уыцы гæрзифтонг боцъоджынтæ мæм сæ цæстытæ ныццавтой. Фыццаг цы ахъуыды кодтон, уый: цы уæлдай ма мын у, ардæм мæм æрбацæуой æмæ мæ ам агæрах кæной кæнæ мæ амынæты акæной æви мæ цæугæ-цæуын… Æмæ араст дæн сидзæрдоны ‘рдæм. Уыдон, куы сæм баввахсдæр дæн, уæд ме ‘рдæм нал кастысты, иууылдæр се ‘ргæмттæ артмæ аздæхтой… Æмæ, фыр тас æви фыр цинæй райдыдтон æмбарын: ирон дæн, ууыл хъуыды дæр кæй нæ акодтаиккой, ома афтæ чи сæрра, æмæ нæм йæхи къахæй комкоммæ æрбацæуа. Фæстæдæр, мæхимæ куы ‘рцыдтæн, уæд æй бамбæрстон – æнæмæнг мæ фæсарæйнаг журналист кæнæ исты æхсæндунеон организацийы минæвар фенхъæлдтой…

Сидзæрдоны бæстыхай йæхæдæг дæр лæууыд сидзæрхуыз æмæ æрхæндæгæй. Цы цалдæр бынтон æнæхицау сабийы ма дзы баззад, уыдон æвæгæсæгæй иу хатæны къуымы нынныгъуылдысты æмæ сæ тарст цæстытæй дзуапп агуырдтой сæ дарддæры хъысмæтæй. Кусджыты иууылдæр рарвыстой кæнæ… ратардтой.

Уыдонæй, уыцы кусджытæй, фембæлдтæн алкæуыл дæр, фæзылдтæн сыл иугай æнæхъæн горæты, федтон директоры, обкомы бæрнон кусджытæ æмæ райкомы разамонджыты. Фæлæ куыд федтон æмæ банкъардтон, афтæмæй сидзæрдоны рæнхъон кусджыты йеддæмæ æндавгæ дæр никæуыл бакодта сидзæрты кæуинаг хъысмæт.

Мæ уац фыст фæдæн æмæ бацыдтæн Владимирмæ. Уæд редакцийы культурæйы хайады сæргълæууæг уыд. Дæргъæй-дæргъмæ къæлидоры дыууæрдæм рацу-бацу кодта, ныллæг хъæлæсæй Къостайы «Додой» дзургæ. Æрмæг куы бакаст, уæд арф ныуулæфыд:

– Хорз у, – æндæр ницы загъта.

Куы йын загътон, иуæй-иу бæрнон бынæтты кусджытæ ацы хъуыддагмæ куыдфæндыйы цæстæй ракастысты, уый, уæд фестъæлфыд. Йæ цæстытæ мæ æрцытау ныссагъта æмæ загъта мæстыйæ:

– Æмæ уыцы хабар цæуылнæ банысан кодтай дæ уацы?! Ахæсс æй фæстæмæ æмæ йæ ногæй рацараз. Адæм хъуамæ зоной алцы дæр æмæ алкæй дæр. Райсом-иу мæм æрбацу...

Æмæ йæм бацыдтæн райсом. Куыстмæ нæ, – хæдзармæ...

Мæрддзыгой...

Мæ уац уæддæр бахастон редакцимæ. Зæгъгæ дæр сын кодтон, Владимир мын кæй бахæс кодта йæ ныффыссын. Уый дæр сын загътон, зæгъын, кæд уæ сидзæрдоны хъысмæт не 'ндавы, уæд Владимиры мæрдон удæй уæддæр фæхатыр кæнут æмæ йæ ныммыхуыр кæнут. Фæлæ… Абон дæр, – кæмæн йæ удæгасæй, кæмæн йæ мæлæты фæстæ – кады, цыты ныхæстæ кæмæн фæкæнæм, уыдон ыл авд дуары сæхгæдтой… Уæддæр ма чидæртæ, Дзуццаты Хадзы-Мураты загъдау, цæмæдæр æнхъæлмæ кастысты…

…Уый та ацыд йе 'нусон бæстæм рæсыд зæрдæйæ. Мах уæд дæр æмæ ныр дæр дзурæм, Владимир не 'хсæнæй æнæрæстæджы кæй ацыд, уымæн æмæ цæрынхъуаг уыд, уымæн æмæ нæ йæ цæхæр зæрдæйы ныфс тынг зæрдиагæй хъуыд. Фæлæ, чи зоны, йæхицæн йæ тæккæ рæстæгыл, йæ тæккæ афоныл мæлæт уыд. Уымæн æмæ, цы федта, цы бавзæрста, уыдон ын уæлион дунейы рисæн æгæр бирæ дæр уыдысты...

Уый нал æрæййæфта, фæндзæм скъолайы уæлмæрд куыд рæзыд, уый, Зары трагеди, Беслæны æвирхъау тугтæригъæд æмæ бирæ æндæр уæззау хабæрттæ.

Фæлæ уæддæр æмæ уæддæр мах, цагъдуæлдай ирон адæмы, хъуыд æмæ хъæуы йæ сæр, уый хуызæн фырттæ сафын фыдызæххæн æгæрон зиан у.

Икъаты Владимир йæ фæстæ цы рухс фæлгонц ныууагъта, уый та нын цæсты гагуыйау хъахъхъæнинаг у. Йæ ивгъуыдæн æмбæлон аргъ кæнын чи нæ зоны, уымæн рæсугъд фидæн нæй. Хуыцауæн фæндон

уæд, цæмæй фæлтæрæй-фæлтæрмæ уæм нæ ивгъуыд æмæ нæ удварнæн аргъ кæнынхъом. Æрмæстдæр нын уæд уыдзæн Владимир æмæ уый хуызæтты рухс нæмттæ æнæ къæмдзæстыгæй арыны бар.



**Йæ чызджытæ Мæдинæ æмæ Иннæ æмæ йæ фырт Владимиримæ**

# ИКЪАТЫ ВЛАДИМИРЫ БАЗЫРДЖЫН ХЪУЫДЫТÆ

- ✓ Куы уаин тулдз бæлас, тæхуды, –
  Мæ тых Ирыстонæн æз раттин!
- ✓ Хорз лæджы хæдзар – бæркадджын.
- ✓ Нæ царды фарн æнæ рæстдзинад – сæфт.
- ✓ Лæджы цард афтæ æнцон нæу,
  Фæлæ – адджын дыууæйæ иумæ!
- ✓ Чиныг – нæ хæзна, нæ дзыллæйы фарн.
- ✓ Уарзтмæ лæг куы нал тырна,
  Уæд хуыскъудæй амарди.
- ✓ Æвзаг у нацийæн йæ хъомыс,
  Йæ фидыц – цины уа, зындоны!
- ✓ Зæрдæйы равгæн цæстытæ – айдæн.
- ✓ Фарн арæхстгай дæтгæйæ у кæстæртæм…
  Кæй рæдийæм нæ хъомылады хатт,
  Уый ‘рыздæхы фыддывæрæй нæ сæрмæ!
- ✓ Æндæр бæстæйы лæг куы суа паддзах,
  Уæддæр йæ дон, йæ Фыдызæхх фæмысы.
- ✓ Æхсæны царды ма агур рæстдзинад,
  Фæлтау дæхицæн удæнцойæ цæр!..
- ✓ Амондджын у, царды хæрзтæ чи ары йæ куыстæй…
- ✓ Хæрамæй цæрынæй
  Хæларад – хуыздæр!
- ✓ Зарæг райгуыры зæрдæйы æмæ зæрдæтæм атæхы.
- ✓ Сонт уарзт хивæнд у, нæрæмон.

*ТЪЕХТЫ Тамерлан*

# АДÆЙМАДЖЫ ФÆД ÆМÆ ТÆМÆНКАЛГÆ КУРДИАТ

*Уац*

Уæрæсейы аивæдты сгуыхт архайæг, РЦИ-Аланийы адæмон нывгæнæг Абойты Зауыр-Бег зындгонд у куыд сфæлдыстадон, афтæ æхсæнадон кусæг дæр. Аивады бæрзæндтæм йæ фæндаг райдыдта Цæгат Ирыстоны Алагиры районы Уæллаг Зæрæмæгæй. Æрдзы, иумæйагæй царды рæсугъдтæ фыццаджыдæр уым банкъардта, йæ чысыл райгуырæн бæстæйы дадзин уым сси, уый цин æмæ сагъæсæй цард.

Курдиат æхсидынæн ын стыр Мæскуы ахъаззагдæр уыд, æмæ æрыгоны бонтæй фæстæмæ уым æрбынæттон. Фæлæ цы йæ куыстыты, цы йæ зондахасты иууыл бæрзонддæр бынаты æвæрд уыдысты Ирыстон æмæ йæ дзыллæ. Йæхи загъдау, Кавказы хъысмæт – йæ хъысмæт, уымæн æмæ йæ хæхты хъæбысы рæзт. Райгуырæн хæхты раз, турист кæнæ бæлццонæй нæ балæууыд, фæлæ – йæ миддуне æдзух хъæздыгæй-хъæздыгдæр кæм кодта, ахæм адæймагæй æд нывгæнæджы æмæ фыссæджы «сис».

Суинаг нывгæнæг, Цæгат Ирыстоны педагогон училищейы аивадон-графикон хайады сахуыр кæнгæйæ, Мæскуыйы полиграфион институты УСФСР-йы адæмон нывгæнæг Андрей Гончаровы æрмадз каст куы фæци, уæд райдыдта кусын аивады алы жанрты. Удыбæстæ йын сси нывгæнæджы гарзæй Нарты кадджыты дуне иртасын, йе 'мзæххон интеллигенцийы хуыздæр минæвæртты сурæттæ нывæндын. Уæдæ Мæскуыйы рауагъдæдтæй искæцыйы æрмæст Ирыстоны нæ, фæлæ Цæгат Кавказы республикæтæй кæцыфæндыйæ авторы къухфыст фæзынд, уæд дæр-иу арæхдæр фæсидтысты Абойты сæрæнгуырдмæ, цæмæй ног рауагъд йæ нывтæй саив кæна. «Детская литература», «Молодая гвардия», «Советский художник» – ацы æмæ æндæр рауагъдæдты аивадон фæлыст радта Гатуты Дзахойы, Расул Гамзатовы, Керим Отаровы, Алим Кешоковы, Дзадтиаты Тотырбеджы, бирæ æндæр авторты уацмысты æмбырдгæндтæн. Æнæхъæн бæстæйы дæр зынгæ фæзындыл нымад æрцыдысты йæ графикæйы серитæ «Ирыстон æмæ ирæттæ» æмæ «Ирыстоны архитектурæйы æмæ рагзаманты цыртдзæвæнтæ».

# «МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ



# АБОЙТЫ ЗАУЫР-БЕГ: 95 АЗЫ



Зауыр-Бег йæ нана Клавдия, йæ фыдыфсымæр Созырыхъо
æмæ уый лæппу æмæ чызгимæ



Йæ мад Лезка



Йæ фыд Петр.
Зауыр-Беджы конд ныв



Мæскуыйы. 1954 аз



Зæрæмæджы йæ райгуырæн хæдзары кæрты. 1949 аз



Мæскуыйы. 1953 аз



Йæ нана Клавдияимæ. 1953 аз



Сталиниры аивадон училищейы йæ диплом хъахъхъæныны рæстæг.
Рахизæрдыгæй – Зауыр-Беджы нывты равдыст, галиуæрдыгæй –
йæ дипломон куыстытæ. 1952 аз





Лизæимæ. Мæскуы. 1958 аз



Мæскуы. 1958 азы январь



Зауыр-Беджы кустыты равдыст. 1961 аз


Кучиты Юрийæн лæвæрд æрцыд
Социалистон Фæллойы хъабатыры ном. 1978 аз


Хъулаты Сергей, Байаты Анатоли, Зауыр-Бег,
журналисттæ æмæ Гиоты Тузар Зауыр-Беджы студийы. 1973 аз



Налцыччы паддзахадон театры раз. 1987 аз



Сæбанты Хаджумары нывты равдысты
Дзæуджыхъæуы нотæты-музыкалон библиотекæйы. 1992 аз



Цырыхаты Михал, Тедеты Георги, Къомайты Риммæ,
Тедтойты Зинаидæ æмæ Плиты Грисимæ



Мæскуйы равдысты рæстæг



Къасара. 1984 аз



Ӕнæсым æрдз. 1976 аз



Зырнæджытæ



Владимир Высоцкий. 1991 аз



Васили Шукшины портрет



Муртаз Магомедовы портрет. 1981 аз




Тауаситы Сослæнбæджы портрет. 1970 аз



Хохаг



Мæ фыдыфыд
Абойты Никъалайы портрет



Хæххон хъæу



Хъæбатырты номарæн



Мады сурæт. 1983 аз




Уастырджи



Чеджемты Георгийы чиныг «Чичи æмæ Бечи»-мæ конд иллюстрацитæ. 1968 аз



Хохаг æмæ тæхаг. 1974 аз







1957 азы ләппу сси Мæскуыйы Графикæйы дæсныты цæдисы уæнг, фæстæдæр та – йæ разамонæг. Организаторы курдиатæй æххæстæй фæхайджын, æмæ йын уый дæр лæвæрдта адæмæн алывæрсыг лæггад кæныны гæнæнтæ. Аив дзырды дæсны дæр уыд, æмæ йæ райстой ССР Цæдисы Журналистты цæдисмæ, уыимæ уæд стыр бæстæйы Нывгæнджыты цæдисы уæнг нæма уыд. 1970 – 1980 азты куыста Советон Цæдисы центрон телеуынынады сæйраг нывгæнæгæй. Паддзахад куы фехæлд, уæд та, Мæскуыйы советы депутат уæвгæйæ, йæ хъарутыл нæ ауæрста сфæлдыстадон иугондтæн æххуыс кæныны хъуыддаджы. Ахъазгæнæг ын уыдысты Уæрæсейы аивæдты ног императорон академийы æмæ Дунейы адæмыхæттыты аивады ассоциацийы вице-президенты «цинтæ» дæр.

Бирæкъабазджын æхсæнадон куыст æй нæ хъыгдардта йæ профессионалон фæндагыл хуызджын ахорæнтæй хи дуне нывæндын. Цы иу, цы иннæ къабазы иста бирæ хæрзиуджытæ, фæлæ йын сæйраг уыдон нæ уыдысты. 15 сæрмагонд равдысты Уæрæсейы æмæ фæсарæнты, йæ райгуырæн Ирыстонæн æвæджиауы лæвар – Ирон аргъуан Мæскуыйы астæу (зындгонд у куыд Сыгъдæг Мады Майрæмы аргъуан Кулишкæты) – уыдон ын уыдысты сæрыстырдзинады, цин æмæ ног æнтыстытæм тырныны хос. Алайнаг дунейæн ахæм «кæрт» райсын уыд æрмæст, паддзахады сæйраг сахары стыр кад кæмæн уыд, ахæм адæймагæн – Абойты Зауыр-Бегæн…

Нывгæнæгæн йæ 300 куысты бæрц абон сты Цæгат Ирыстоны Тугъанты Махарбеджы номыл аивадон музейы, библиотекæты – йæ къухæй аивгонд сæдæгай чингуытæ, æмæ уый у зæххыл йæ арфæйаг фæдæн хуыздæр æвдисæн.

Ирыстоны культурæйы ирддæр стъалытæй иуæн йæ курдиат æмæ хъару, бæлвырд, сывæллоны бонтæй фæстæмæ ныфсæвæрæг фесты, æндæра хъысмæты фæлварæнтæн нæ ныффæрæзтаид. Йæ фыдыфсымæр Абойты Созырыхъойы чызг, РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг Абойты Алетæ куыд мысы, афтæмæй сæ фыдыфыд Абойты Никъала уыд Зæрæмæджы хъæуы ревкомы хицау, æмæ йæ равзæрстой делегатæй Цæгат Ирыстоны облæсты зæхкусджыты фыццаг съездмæ. Цыд Дзæуджыхъæуы 1930 азы январы кæрон. Уым йæ раныхасы загъта, хæхбæсты зæххæй кадавардзинады тыххæй колхозтæ аразæн кæй нæй, уыимæ дзы кæй æмбæлы фосдарынад рапарахат кæнын, æмæ уый руаджы дзидза, æхсыры продукци уадзын.

«Хæрзгæнджытæ» фæци, йæ хъуыдытæ йын дæлгоммæ рафæлдæхтой, æмæ йæ уыцы аз фæззæджы йæ хистæр фырт Петримæ иумæ æрцахстой. Ахæстоны уæвгæйæ ма Никъала базыдта, Петрæн лæппу кæй райгуырд, æмæ йын ныстуанæн рарвыста ном: «Зауыр-Бег». Ноггуырд баззад йæ фыдыфсымæр Созырыхъойы бæрны. Уый хæрз æрыгон уыд, æмæ репресситы азарæй фервæзт. Кочысаты Мухарбег, Дзотты Лазæр æмæ æндæр курдиатджын фæсивæдимæ сфæлдыстадон куыст кодта газет «Рæзгæ талатæ»-йы. Йæ хæрæфырт дæр ирон аив дзырдмæ фемхиц…

Созырыхъо архайдта йæ туг, йе стæджы уды рæстдзинад дзыллæйы размæ рахæссыныл æмæ ма уый тыххæй суанг Мæскуымæ, фæскомцæдисы сæйраг комитетмæ дæр фæцыд. Цы уыдаид, чи зоны, фæлæ уæдмæ ныццарыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст, æмæ лæппу тохы быдырмæ ацыд.

Зауыр-Бегæн йæ сабидуг бынтон ныттæгæлтæ. 10-аздзыдæй сси колхозы кусæг, æмæ уый тыххæй майданæй хорзæхджынгонд æрцыд. Абойты хæстон та цæфтæй æрхæццæ Алагирмæ æмæ йæ мадыфсымæр Баситы Михайы хæдзары сæмбæлд. Йæ хо Баситы Чабæханы цинæн кæрон нал уыд. Созырыхъо йын, немыц æрбабырсынц, мемæ Зæрæмæгмæ цом, зæгъгæ, загъта, фæлæ чызг йæ рынчын мады куыд ныуурагътаид. Фæстаг фембæлд сын уыд – Чабæхан немыцимæ æмгуыстыл не сразы, æмæ йæ йæ мад æмæ йе ʻфсымæримæ амардтой.

Ацы хабæрттæ дæр суинаг нывгæнæгыл сахадыдтой – йæ фыдымад Баситы Клавдияйæн балæвар кодта йæ фыццаг нывтæй иу. Баситы Чабæханы дзы равдыста, немыц æй йæ фæстаг фæндагыл куыд фæкæнынц, афтæмæй. Царды рæз хæссын æй «адæмы знаджы» байзæддаджы хуызы бахъуыд, фæлæ æвзыгъд, ахуырыл æнувыд рауад, æмæ уыцы уавæры дæр йæ уд æмæ къухы бæркад тауынхъом сси йæ дзыллæйыл.

«Бафæндæд дæ, æндæра кæмфæнды æмæ кæдфæнды дæр дæ чысыл райгуырæн бæстæйæн лæггадгæнæг уыдзынæ», – ацы зондыл хæстæй саразта Абойты сæрæнгуырд Мæскуыйы йе ʻрмадзæй ирон културæ парахатгæнæн бынат. Цас адæм уыд уыцы кæрдзындæттон «уазæгуаты» йе ʻмзæххонтæй! Уæдæ кæстæртыл куыд аудыдта, уый та хицæн хабар у. Уæрæсейы сгуыхт артист Хæбæлаты Олег фыста: «Студенттимæ фембæлды Зауыр-Бег дыууæ сахаты дæргъы дзырдта америкаг литературæйы классик Генри Лонгфеллойы сфæлдыстады

тыххæй. «Песнь о Гайавате» сын каст ирон æвзагыл йæхи тæлмацæй. Фæлварæнты рæстæгмæ та америкаг индейæгтæ иронау сдзырдтой мæ хæлары æмæ ирон студентты руаджы! Щукины номыл театралон училищейы ирон студийы ахуыргæнджыты дисæн кæрон нал уыд…»

Бæлвырд у, æмдзæвгæтæ кæй фыста æмæ йæ фесæфты размæ Мустай Каримы трагеди «Не бросай огонь, Прометей!» дæр ирон æвзагмæ кæй раивта. Кæронмæ йыл нал бакуыста, фæлæ афтæмæй дæр мыхуырмæ цæттæгонд æрцыд, зæгъгæ, уæд хорз æрмæг уаид актертæ æмæ режиссертæн, йæ ном ын ссарыны охыл æвæрд спектакль куы райгуырид, уæд.

«Мæ сæр дæ бæрзæндты хæссын, мæ ирон æфсымæр!», – дзырдта йын Кайсын Кулиев. «Мæхицæн мæ зæрдæ цы зæгъы, уый – дæуæн дæр. Стыр курдиаты хицау адæймаг дæ!», – уый та Махмуд Эсамбаевы ныхас. «Стыр бузныг дæ тæмæнкалгæ курдиаты тыххæй. Цæр æмæ цæр мин азы!» – Тæбæхсæуты Балойы фæндиаг. «Æцæг адæмон нывгæнæджы сфæлдыстады мидтых кæуылты у. Йæ уацмыстæ зæрдæскъæфт кæнынц сæ национ хæдхуыздзинадæй. Æрмæст йæ монументалон куыст «Нæ адæмы фарн бирæ уа!» дæр кæуылты арфхъуыдыджын у!» – уый та Абайты Васойы хъуыды. «Абойты Зауыр-Бег фесæфт 2000 азы, æмæ ма йæ фæд рабæрæг уа, уый зын бауырнинаг у. Фæлæ дзыллæйы зæрдæйы баззад хæларзæрдæ, рæсугъд, зондджын адæймагæй. Æнæкæрон уарзтæй уарзта йæ райгуырæн бæстæ æмæ йæ адæмы æмæ сын ныууагъта йæ зæлланггæнаг хæдхуыз аивадон сфæлдыстад. Мæ мады ‘рдыгæй дæр мын хæстæг æййæфта, мæ хистæр æфсымæр Юриимæ дæр хæларæй цард. Ленинграды Аивæдты академийы студент куы уыдтæн, уæд-иу уырдæм Мæскуыйыл цыдтæн, æмæ мыл Зауыр-Бег ма сæмбæла, уымæн гæнæн нæ уыд. Уыцы æгъдауæй мын лæвæрдта удварны æмæ национ этикеты зонинæгтæ. Æниу æрмæст мæнæн нæ, фæлæ, йæ зонгæтæй чидæриддæр Мæскуымæ æфтыд, уыдонæн се ‘ппæтæн дæр. Схонæн æй ис Ирыстоны уæды рæстæджы æххæстбарджын минæвар Уæрæсейы сæйраг горæты. «Хохаг», «Бæхджын ироны портрет», «Руслан», «Фыййæутты кафт», «Мидхæсты хъæбатыр Гæджиты Бадилайы портрет», Уастырджийы фæлгонцтæ, йæ графикæ æмæ бирæ æндæр куыстытæ та йын адæм бауарзтой, æдзух сæ фенæн ис мыхуыры алы фæрæзты», – аивадиртасæг Дзантиаты Анатолийы хатдзæг.

Дзæвгар ма ис зындгонд адæмы хъуыдытæ æрхæссæн нывгæнæг, фыссæг æмæ æхсæнадон архайæджы тыххæй. Алчи сæ

аивадиртасæг нæ уыд, фæлæ сæ сæ хæлары куыстытæ æмхиц кодтой нывгæнæджы алкæуыл æмæ алцæуыл дæр æххæссæг дунемæ. Къоста, Тауаситы Сослæнбег, Хъантемыраты Ирбег, Мугуты Хадзы-Мурат æмæ Пушкин, Владимир Высоцкий, Владимир Шукшин, Ирыстоны хæхтæ æмæ Дагестаны къуылдымтæ Бурятийы фæзтимæ, Гатуты Дзахойы таурæгътæ тызмæг цардыл æмæ Чеджемты Георы радзырдтæ сывæллæттæн. Алцæуыл дæр – бæстон, арæхстджын архайд, æмæ табуафси – кæттагыл райтынг æнæхъæн алæмæттаг дуне. Ирыстоны, Уæрæсейы æмæ дунейы историйы æмæ культурæйы арф фæд ныууадзæг адæмыл сагъæсгæнæг, фæлæ уыимæ – ныфсæвæрæн цæстæнгас. Къостайы авдæн Нар æмæ хохæгты сурæттæ та хицæн ныхасы аккаг нырма иу æмæ дыууæ хатты не суыдзысты. Ахорæнты «æвзаг» дæр – афтæ, уымæн æмæ уынæм ахæм удгоймаджы къухæвæрд, йæ алыварс дунейы рæсугъдтæ чи æнкъары, хурыскастыл бацин кæнын йæ бон кæмæн у, нæ хуыздæртæй йе 'цæг дунемæ чи ацыд, уыдоны уды рæстдзинад чи æмбары æмæ сæ зæрдæйы рухс кæй тавы.

«Нывгæнæгæн хъуамæ æхсæнадон нысаниуæг уа. Æмæ иугæр афтæ у, уæд ын æхсæнады тыхсын кæнæг фарстатæй иппæрд уæвæн нæй. Уый нæ, фæлæ ма сæ аиуварс кæныныл дæр хъуамæ архайа. Абон сæ сæйрагдæртæй иу у хъомылад. Нывгæнæгæн цæмæй йæ бон хъомыл кæнын уа, уый тыххæй йæхæдæг уæд æгъдауыл хæст. Уымæн кæнæм æдзух ахуыр», – Абойты Зауыр-Беджы ацы ныхæстæ та ныстуанæн баззадысты сфæлдыстадон фæсивæды ног фæлтæртæн.

Уæдæ йæ поэтикон рæнхъыты та ныстуанимæ сиды йæ райгуырæн бæстæмæ:

*Ирыстон,*
*Райхъал у дæ фынæй!*
*Дæ цардыуаг дæ къухтæм райс.*
*Куыд хъуыса зарæг хохрæбынæй –*
*Ирон зарæг,*
*Ирон ныхас.*
*Фыдæлты хорз зарæг*
*Куыд зила*
*Дæ сæрмæ, раст цыма цæргæс.*
*Дæ кадджын фæндагыл цæугæйæ*

*Ӕдзух дӕ развӕндагмӕ*
*Кӕс!*

(«Ирыстон»)

Хӕдхуыз фӕлгонц ссары мадӕлон ӕвзаджы хъысмӕтыл хъуыдыты аныгъуылгӕйӕ дӕр:

*Куыроймӕ дон*
*Куынӕуал цӕуа,*
*Уӕд нал фӕкусы.*
*Ирон куыройӕн*
*Хъӕуы ирон дон –*
*Ирон ӕнусы!*

(«Сагъӕс мадӕлон ӕвзагыл»)

Йе ʻрдхӕрӕн Ирыстонимӕ ныхасы та раргом вӕййынц йӕхи бӕллицтӕ:

*– Кӕд райгуырид ӕцӕг ирон, –*
*Йӕ ном уаид нӕртоны ном!*
*Уырызмӕгау – ыстыр зондджын,*
*Батырадзау – хъӕбатыр гуырд,*
*Алӕджыхъотӕй сагдӕр лӕг,*
*Цӕразонтӕй та – кадджындӕр!*
*Кӕд самаид бӕрзонд мӕсыг*
*Нӕ хӕхбӕсты ирон дурӕй.*
*Кӕд сырӕзид фӕдисы лӕг*
*Йӕхи фыртӕй Фыдыбӕстӕн.*
. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .
*Тӕхуды ʻмӕ мӕ бӕллицтӕ*
*Куы суадзиккой цъӕх талатӕ,*
*Нӕ иумӕйаг дыргъ бӕласыл*
*Куы ӕрзаид хӕрзад дыргътӕ,*
*Куы ӕрхонин нӕртон куывдмӕ*
*Ӕз иуылдӕр нӕ адӕмы,*
*Ӕмӕ фӕрнӕйдзаг зарджытӕ*
*Куы айхъуысид нӕ хъӕубӕстыл!*

(«Тӕхуды»)

«Ирон зарæг», «ирон дон», «ирон дур» – уыдон авторы зондахасты «ирон æнусæн» фидар быдур æвæрынц, уымæн æмæ нацийы удварны мæсыг амайæн налхъуыт-налмастæ сты. «Ирон æнус» йæхæдæг та сси, йе 'взартæ Абойты Зауыр-Беджы ахорæнтæй æмæ дзырдтæй нывæст куыстыты тау кæмæн радтой, ахæм арф философон æмбарынад.

Ирыстон цæрæццаг у æмæ уыдзæн йæ адæмы хæлар ахастæй кæрæдзимæ æмæ се 'нгомдзинадæй. Иугæнæг символты сæры-сæйрагыл Зауыр-Бег нымайы Къостайы: «Къоста нæ кæрæдзийыл бæтты!.. Ирыстон амондджын у, Къоста кæмæн ис!»

Амондджын – уый раст у, фæлæ Ирыстон Къостайы фæндиаг фæцис, йæ фæдзæхстытæ йын æххæст кæнæм? Ацы фарстæн дзуапп автор агуырдта йæ публицистикæйы, æхсæнады хъæндзинæдтыл æргом æмæ уæндонæй дзургæйæ.

Бирæ азты дæргъы хъæппæрисджын къорд архайы Абойты Зауыр-Беджы номыл Дзæуджыхъæуы Терчы былгæрон фæсивæдæн сфæлдыстадон фæз саразыныл. Йæ цыртдзæвæны цурмæ дзы æрбамбырд уæвæн куыд уа, равдыстытæ, фысджытимæ æмæ нывгæнджытимæ фембæлдтытæ, æндæр алыхуызон мадзæлттæ дзы куыд цæуа, æмæ уыдæтты руаджы Иры зынгзæрдæ хъæбулы ном куыд цæра. Сæххæст уæд уыцы хъæппæрис нæ удыбæстæ æмæ нацийы хæзнатæ парахат кæныны хорзæхæн!

...Абойты Зауыр-Бегæн ис райгуырæн бон – 1931 азы 1 август. Йæ мæлæн бон бæрæг нæу, фæлæ сфæлдыстадон кусæг æнæ уый дæр цæргæйæ баззайы йæ куыстыты. Алайнаг философ Анахарсисы фæлгонцимæ къухдарæн ын уыд йæ райгуырæн бæстæимæ æнусон бастдзинады æвдисæн. Æнусмæ баст дæ, Зауыр-Бег, йемæ, кæд дæ хъысмæтæн ницы зонæм, дæ хион-хæстæджытæ, дæ хæлæрттæ æмæ дæ курдиатæн аргъгæнджытæ абон дæр ма дæ фæзындыл сæ зæрдæ дарынц, уæддæр...

*АБОЙТЫ Зауыр-Бег*

# МÆ ЦАРД МÆ ЗÆРДÆЙÆ У БАСТ ДÆУЫЛ, ИРЫСТОН!

## ХУЫЦАУЫ АРФÆ

О, фарн дæм бадзура,
Мæ удæнцой Ирыстон,
Аланты рухс ном
Бакодтон дæ бар!

Æмæ дын æз
Мæ арфæтæ ныффыстон
«Сызгъæрин чиныджы»
Иронау, ‘мæ сæ ‘мбар!

Къостайы зонд-ныхасмæ
хъусут!
Кæрæдзийыл уæхи
бæттут!

Уæ фыдæлтау
Уæ кадыл кусут,
Кæрæдзийæн
Уæ уд дæттут!
Уæлдайдæр та
Уæ зæрдыл дарут
Уæ фыдæлты стыр фæдзæхст:

Æвзæр кæстæры
Макуы ‘взарут,
Æвзæр хистæрмæ
Дарут цæст!
Æмæ уын уæд æгас Кавказ
Уæ кадыл зарджытæ кæндзæн.

## ФÆДИСЫ ХЪÆР

Фæфæнды мæн,
Цæмæй
Ирон ироны ‘мбара
Æмæ йын ма кæна
Зæрдæрыст дуджы маст...
Цæмæй ирон,
Кæд ын зын у, уæддæр
Ироны рæдыд бара,
Йæхи аиппау...
Цæмæй ирон,
Йæ цардыуаг уа, йе ‘гъдау
Кæна нæ фыдæлтау иронау!
Кæй нæ фæнды
Ирон фарнæй цæрын,
Æндæр фæткæй йæ чи ивы,
Нæу уый та, нæу,
Ирон!

*Мæскуы, 1997 аз*

* * *

Нæ хæхтæ хуры рухс нæ ивынц!..
Лæууынц нæ тар мигътæй уæлдæр!..
Сæ бæрзонд цъуппытæ æрттивынц
Мæйрухс стъалытæй хуыздæр!

Сæ цъæхснаг зарæгмæ сын хъусæм,
Нæ кæмттæ сын ысты хъырнæг...
Сæ зардмæ хъусгæйæ фæкусæм,
Нæ фæллад уадзæн та – æрнæг...

Бæрзонд къæдзæхы ‘рнæгыл бадгæ,
Нæ сихор равæрæм нæ разы
Æмæ, нæ кæрæдзимæ хатгæ,
Фæбадиккам иуцалдæр азы!

Фæлæ нæм хъæуы хистæр лæгтæ
(Сæ номыл ацыдыстæм зиумæ)
Кæсынц æнхъæлмæ... дуртыл бадгæ...
Æхсæвæр бахæрынмæ иумæ!

## НÆ МÆСЫГ, МА ‘РХАУ!

Мæ цард мæ зæрдæйæ у баст
Дæуыл, Ирыстон!
Дæ урссæр хæхтæм иу ыскаст –
Æгъгъæд мæ рыстæн!

Ызнонау нал хъуысы дæ зарæг,
Нырхæндæг зæрдæ.

Мæрдтæн æнцондæр у мæнæй, –
Дзæнæты бадынц...
Кæнынц... æнæмæты фынæй...
Кæм ис мæ уадындз?!

Æз сæм фæдисы хъæр кæнын,
Цæмæй мæ хъусой,
Мæ уадындзы æмзæл кæуын
Æдзæссыгхуызæй.

Кæд раздæхиккой искуы, кæд,
Сæ рухс дзæнæтæй,
Цæмæй нын равдисой сæ фæд.

Нæхæдæг нал уынæм цæстæй, –
Нæй разамонæг...
Гъе уымæн æз мæлын мæстæй.

Ды уыдтæ, ды, æмæ ды дæ
Мæ дин, мæ аргъуан.
Æз-иу дæм кувынмæ цыдтæн,
Нæ мæсыг, ма ‘рхау!

*Мæскуы, 1999 аз*

*АБОЙТЫ Зауыр-Бег*

# НЫХАС ЗÆРДÆЙЫ КУЛЬТУРÆЙЫ ТЫХХÆЙ

Ныртæккæ политикон, социалон æмæ националистон хъæддаг кафты (кæд сæрхъæн кафт нæу, уæд) культурæ рохуаты аззад. Пахуымпар уæвын нæ хъæуы уый зæгъынæн, æмæ æхсæнад уымæн кæй бафиддзæн æвирхъау аргъ. Æмæ йæ фидын дæр райдыдта – æнæзакъон миты, æбуалгъ фыдракæндты, алцæй æргъты дæлæмæхауды хуызы.

Куыд уынæм, афтæмæй æцæгдзинæдтæ цух сты удварнæй, уыцы æнæхъоладзинæдтæн та бауромæн ис æрмæст удварны фæрæзтæй.

Удварныл æнцайæг закъæтты арæзт хъуамæ æххæстгонд цæуа уавæры фæрæзтæй, удварны уагæй бæрæг кæнгæйæ.

Раст уыцы æртæ æууæлы лæууынц хицаудзинады механизмы быиндуры дунейы æппæт цивилизацигонд паддзахæдты. Æртæ хицаудзинадæй алкæцы, стæй та се ‘ппæт дæр иумæ цас æнæсахъат уой, уымæй аразгæ сты æппæт æхсæнадон организациты рæзт æмæ дæргъвæтиндзинад.

Фынг лæууы æртæ къахыл, æмæ йæ фидар лæуд аразгæ у æртæ къахæй алкæцыйы фидардзинадæй. Уымæн у афтæ ахсджиаг хицаудзинады æппæт институттæ дæр раст æвзарын раст зонды æмæ демократийы уагæвæрдтæм гæсгæ. Æнæ уымæй демократи у декораци. Ныртæккæ, æхсæнад йæхи дæр куы нал æмбары, уæд уæлдай стырдæр бæллæхтæ цæуы культурæйыл – тæккæ æнæхъахъхъæддæр æмæ æнцондæр къахыргæнæн къабазыл.

Кæсут уæхæдæг: сфæлдыстадон сæрибар фæллойыл хæст адæймагæн нæй иудадзыджы куысты мызд, гонорарыл та сын фидар зæрдæдарæн нæй. Уымæ гæсгæ уыцы къабазы уавæр лæууы гæвзыкдзинады арæныл, уыимæ нывгæнæг дæр, – сæрыстырæй амæлыныл разы уæвгæйæ, кæд йæ Хуыцауы лæвар, йæ курдиат хæйрæгæн – коммерцийæн – нæ ауæй кæна, уæд!

Уыцы æууæлты сфæлдыстадон интеллигенцийы бон цæргæйæ баззайын у æрмæстдæр кæрæдзийы æмæ хæрзгæнджыты æххуысæй. Гъе афтæ æнæргъæвгæ уымæн ссис Мæскуыйы æппæт сфæлдыстадон цæдистæ баиу кæныны фарста. Уыцы хъуыддаджы сæ фарс

хъæддыхæй лæууы Културæйы, аивады æмæ историон бынтæ хъахъхъæныны фæдыл Моссоветы иудадзыгон къамис. Ацы рæнхъытæ ныффыссæг дæр ис уыцы къамисы.

Уæдæ афтæ: културæ у удварны хæзна, æмæ уый бамбарыны тыххæй схизын хъæуы уый æмвæзмæ. Æрмæстдæр афтæмæй банкъарæн ис йæ хорздзинæдтæн.

Алы адæймаг дæр йæхирдыгонау æмбары културæ. Ахуыргонддзинад у културæйы нысан, ымайынц иутæ. Пъолмæ нæ ту кæнын културæйыл нымайынц иннæтæ. Уыцы «æнæмæнджы миниуджытæй» иу дæр æцæг културæйæ зæрдæ не ʻвæры.

Рафæлдахæм этимологион дзырдуат. Загъд дзы ис: «Културæ бердзенаг æвзагæй тæлмацæй амоны «культ» – истæмæн кувын, «ур» – хур, рухс, ома «културæ» амоны хурæн, рухсæн кувын. Ам ис културæ æмæ удварны комкоммæйы бастдзинад. Културæ афтæ æмбæрстой незаманты индиаг зонды къуыбылæйттæ – махатматæ дæр. Уыдоны нымадæй, адæймаджы сфæлдыстой Хуыцау æмæ Æрдз. Уымæ гæсгæ, дæ нысаны аккаг цæмæй уай, уый тыххæй дæм хъуамæ уа Зæрдæйы културæ æмæ Зонды културæ. Куыд уынæм, афтæмæй рагзаманты зондджынтæ ахсджиагдæрыл нымайынц зæрдæйы културæ.

Афтæ дзырдæуы: бирæ чи цæры, уыдон иууылдæр хæларзæрдæтæ сты, уæлдайдæр хохæгтæ. Уыдонæн сæ уаджы ис фæлмæнзæрдæ æмæ уазæгуарзон, зондджын æмæ хъæбатыр уæвын, уæлдайдæр та мыггаджы кад хæссын – уый сæм у æппæтæй уæлдæр æвæрд.

Æрхæсдзынæн уын иу ахæм цау. 1812 азы Фыдыбæстæйы хæсты уæлдай тынгдæр чи фесгуыхт, уыдонимæ уыдис ирон булкъон. Саккагын кодтой тæккæ кадджындæр хорзæх, фæлæ йæ райсын нæ бакуымдта æмæ ракуырдта, паддзахимæ йæ цæмæй фембæлын кæной, уый. Æмæ мæнæ Александр I раз æрлæууыд æрыгон хæрзконд булкъон урс цухъхъайы.

Фысым уазæгæн ацамыдта бандонмæ, сбад, зæгъгæ. Уый рог акуывта йæ сæрæй æмæ лæугæйæ баззад. Уый Александр банымадта æгоммæгæс мийыл æмæ мæстыйæ бафиппайдта, паддзахы коммæ кæсын хъæуы, зæгъгæ. Йæхи сраст кæныны тыххæй лæппу æрхаста йæ адæмы æгъдау: кармæ гæсгæ кæстæрæн бадæн кæй нæй хистæры разæй.

– Уый циу, уæ културæ? – бафарста паддзах.

– О, дæ бæрзонддзинад! – дзуапп радта хохаг æмæ æрхатыд паддзахмæ, раздæр уал ды сбад, зæгъгæ...

Йæ амондæн, фембæлд ахицæн хæларæй – паддзах йæ уазæгæн балæвар кодта сызгъæрин æхсаргард.

Динау културæ дæр у иумæйаг исбон хур æмæ уæлдæфау, зæхх æмæ донау. Уæлдæр не 'вæры национ, социалон кæнæ профессион миниуджытæ. Адæймагмæ кæнæ ис, кæнæ нæй. Бирæтæ ма хъуыды кæндзысты, æхсайæм азты «Комсомольская правда»-йы фæрстыл физиктæ æмæ лирикты тыххæй цы парахат быцæу бацайдагъ, уый. Ныхас цыдис, Мæймæ раздæр кæмæн тæхгæ у, физикæн æви лирикæн, ууыл. Быцæу ныхасæн кæронбæттæн скодта Илья Эренбург. «Уыйас ницы мары, Мæйыл раздæр йæ къах чи æрæвæрдзæн – физик æви лирик. Ахсджиагдæр у уый, цæмæй Мæйыл æдзæсгом лæг ма 'рбада!» Цымæ, цы ныффыстаид Даниель Дефо, æдзæрæг сакъадахыл Робинзоны бæсты æдзæсгом-гуымиры, хъæддаг адæймаг куы рахызтаид, уæд?

Фæлæ, цæй, æдзæрæг сакъадах йæхи бар ныууадзæм. Абон мæ тынгдæр тыхсын кæны Зæххы æхсæзæм хай — тагъд, æвæццæгæн, раст адæймагæн йæ фæд дæр кæм нал баззайдзæн, уыцы бынат.

Æппæтдунеон историйы дæргъвæтин рæстæг иу æмæ дыууæ цивилизацийы не 'взæрд, фæлæ-иу, раджы уа æви æрæджы, уæддæр фесæфтысты æндæр æмæ æндæр аххосæгты руаджы. Фыдæлты истори ногæй фæзыны дунеон æнусон рæстæджы цыдмæ гæсгæ афæдзы афонтау. Уымæ гæсгæ хъуамæ адæймаг уа стыр зонды хицау, æрдзы æнусон закъæттæм гæсгæ, Хуры æмæ Стъалыты, Мæйы æмæ Зæххы змæлд хынцгæйæ, цæмæй æхсæнадон цард араза. Раст ахæм зонды тыхæй пайдагонд цæуы адæмы зонд – демократийæ.

Културæйау «демократи» дæр у бердзенаг дзырд æмæ амоны «адæмы хицаудзинад». Никæмæн æй ис æндæр истæмæй ивыны æмæ халыны бар, нæ бæстæйы историйы иу æмæ дыууæ хатты куыд рауад, афтæ.

Паддзахадæн хъуамæ уынаффæ кæной, паддзахадон зонд кæмæ ис, ахæм «паддзахадон лæгтæ», цыбыр дзырдæй, «културæ», «демократи» бæрнондзинады равзæрд чи зоны, ахæм адæймæгтæ.

Алы хæринаггæнæджы бон нæу паддзахадæн уынаффæ кæнын. Хæринаггæнæг хъуамæ кæна хæринаг, æндонтайынгæнæг та тайын кæна æндон.

Дæ удыконд æмæ æгъдауæй ма бæзз, афтæмæй хицауы бынатмæ тырн, уый æнæфсармдзинад у.

Алы адæмæн дæр ис йæхи истори, æвзаг æмæ удыхъæд, æгъдæуттæ æмæ зондахаст. Уыдæттæм гæсгæ ацы рæнхъытæ фыссæгмæ уæлдай хæстæгдæр у йæ адæмы удыконд, уый сфидар суанг ариты, скифты-сæрмæтты æмæ аланты рæстæг, уыдоны комкоммæйы байзæддаг сты абоны ирæттæ куыд цæгатæгтæ, афтæ хуссайрæгтæ дæр (рагон скæсæйнаг æмæ византиаг æрмæгмæ гæсгæ – «асстæ», арабагау – «осстæ», европæйаг æмæ славяйнæгтæм гæсгæ – «ясстæ»).

Диссаг сты незаманты ирæтты тыххæй антикон хабæрттæ. Мæнæ цы фыста Геродот: «Нацийы культурæйæн аргъгæнæн ис, уыцы наци йæхи фынджы уæлхъус куыд дары, уымæ гæсгæ...

Уымæй алантæн-ирæттæн æмбал нæй. Уыдон иннæтæй хицæн кæнынц, хæргæйæ хиуылхæцгæ кæй сты, хистæртæн, сылгоймæгтæн кад кæнынæй æмæ æнæкæрон лæгдзинадæй...»

Уыцы миниуджытæ æрмæст ирæттæм не сты, бирæ адæмтæм сты. Ирæттыл та уæлдай тынгдæр зынынц абон дæр.

Цивилизацимæ адæм цы хай бахæссой, уый сæ нымæцæй аразгæ нæу. Хъуыддаг ис алыхуызон адæмты, дугты æмæ культурæйы кæрæдзийыл бастдзинады. Афтæ, æнæ Вавилон нæ уыдаиккой Египет, Хеопсы пирамидæтæ æмæ Александриаг библиотекæ. Æнæ Египет нæ уыдаид Греци Фидиимæ, Геродот æмæ Аристотелимæ, æнæ уыдон та нæ уыдаиккой Дантейы «Божественная комедия», скифаг обæуттæ æмæ скифаг сызгъæрин, æрхуы æмæ æндон. Уый у антикон дуне. Æнæ уый нæ уыдаид Ренессанс – Леонардо æмæ Микеланджело, Рафаэль æмæ Тициан, Рубенс æмæ Дюрер, Рублев æмæ Дионисий... Æнæ Ренессанс нæ уыдаид нæдæр африкæйаг, нæдæр уырыссаг классицизм, æнæ классицизмæй та – францаг импрессионизм æмæ уырыссаг авангардизм æмæ йæ ныры уылæн...

Афтæ культурæ кæрæдзийыл баста æмæ иу кодта дугтæ æмæ адæмты. Уыцы хъуыддаг у дунейæн йæхийау æнæкæрон.

Истори здæхы фæстæмæ.

Нæ паддзахады хæлды размæ уыдис культурæйы, удварны хæлд. Афтæ уыдис æдзухдæр цивилизациты бабыны, æнæхъæн адæмты æмæ паддзахæдты сæфты размæ...

Цы фидар бастдзинæдтæ уыдис, уыдон атоныны фæстæ сарæзт

Хæдбар Паддзахæдты Æмхæларады бон нæу йæхи «буар» дæр бахъахъхъæнын, уды кой нал кæнгæйæ.

Уыцы æууæлты абон уæлдай ахсджиаг у æппæты сидт: «Цæй, æмæ бахъахъхъæнæм Уд, цæмæй фервæзæм, уый тыххæй!»

## ХОХАГ – УЫЙ КАНД ИРОН НÆУ

Хæхты равзæрдыл рацыд милуан азтæ. Фыццагдæр, дам, равзæрдысты Хурыскæсæны. Цæвиттон, Гималайы хæхтæй бæрзонддæр хæхтæ зæххы къорийыл нæй.

Кавказы хæхтæ сты бынтон æрыгон. Æвæццæгæн ма сæдæмин азы размæ Хъазыбег æмæ Эльбрусы урс сæртæй калдис зынджы фæзгъæртæ.

Цы диссаджы æмхуызон сты сæ урс сæртæ ацы дыууæ бæрзонд хохæн – урс нымæтхудты хуызæн! Дыууæ хохæн дæр ис «дыгай сæртæ». Равзæрдысты иу зæххы хуылфы æмбæхст зынгæй. Нæ фыдæлтæ – скифтæ – дзæгъæлы нæ куывтой æртæ тыхæн: Хурмæ, Зынгмæ æмæ Æндонмæ (кардæн). Æфсæн – сыгъзæрин, æвзист, æрхуы æмæ æндæртæ рацыдысты Зæххы хуылфæй æмæ сты хæхты буары дæр.

Хæхтæ куыд бирæ сты, хохæгтæ дæр – афтæ. Фæлæ кавказæгтæн ис уæлдай кад. Ам, Кавказы, сæхицæн æрбынат кодтой бирæ адæмыхæттытæ æмæ мингай азты дæргъы цæрынц иу арвы бын, иу историйы, иу хъысмæты. Баиу сты удæй, æгъдауæй æмæ цардыуагæй, кæд алыхуызон æвзæгтыл дзурынц, уæддæр. Æвæццæгæн, иу комы куы цардаиккой, уæд се ‘взаг дæр баиу уыдаид. Фæлæ адæмты дих кодтой сæ царды уавæртæ... Ком комимæ баст уыди æрмæст сæрдыгон. Ком дæр, хъæу дæр царди йæхи цардæй. Алчи дæр агуырдта хи æвзаг... Æмæ йæ ардтой – арæзтой... Уымæ гæсгæ алы комы, алы хъæуы дæр ис æвзаджы хицæн ахорæнтæ... кæнæ бынтон хи æвзаг.

Гъе уымæн ис Дагестаны бирæ æвзæгтæ. Бирæтæ дзы сæ хæрз сыхаджы æвзаг нæ зонынц æмæ сæ кæрæдзиимæ дзурынц «даргъдæр æвзагыл».

Кавказ иу у, кæд йæ адæм алыхуызон æвзæгтыл дзурынц, уæддæр. Æвзаг сæйраг нæу. Сæйраг у уд! Уд йæхи нæ ивы. Афтæ сæхи нæ ивынц уды фарн, уды ахаст æмæ уды хъысмæт. Уды кондæй уæлдай æмхуызон сты Цæгат Кавказы адæмтæ – цæсгомæй дæр, æгъдауæй дæр сæ царды фадæтты руаджы, тугхæстæджы руаджы... Арфæгонд уæнт

не сфæлдисæг Хуыцау æмæ нæ фыдæлты фарн! Уæлдай амондджын стæм мах, аланты байзæддаг, иу æвзагыл кæй дзурæм, иу æгъдау æмæ фарн кæмæ ис – Къостайы æвзаг æмæ фарн!..

Ирыстон цæры стыр Кавказыхъæуы. Ацы «хъæуы» мах, ирæттæ, цæрæм иу уынджы, кæнæ иу сыхы... Иунæг не стæм. Нæ фарсмæ – кæсæджы, балхъары, адыгты, черкесты, хъазахъхъы, цæцæны, мæхъхъæлы, лекъæгты, сомихы, гуырдзыйы, бердзенты, курдты æмæ бирæ æндæрты уынгтæ æмæ сыхтæ... Не 'хсæнты цæуы иу стыр Терчы дон. Алы сыхы дæр ис аргъуан, скъола, рынчындон. Нæй нæм æрмæст иумæйаг уазæгуæттæ. Нæ «хъæуы» алы хæдзар дæр у уазæгуат!

Нæ иумæйаг Кавказы иу комæй иннæ коммæ бафтын зын нæу. Афтæ, канд Иры иу комæй иннæ коммæ нæ, фæлæ... Куырттаты комæй – Гуырдзымæ, Туалгомæй – Дыгургоммæ æмæ Асыйы коммæ, Суантæм, Абхазмæ æмæ а.д.

Кæй ранымадтон, уыцы кæмтты æмæ æфцæгфæндæгтыл иу хатт æмæ дыууæ хатты нæ ацыдтæн, уæлдайдæр та – альпинисттимæ иу бæндæнæй бастæй... Иухатт та абалц кодтам Цъæйы альплагерæй Къасарайы комыл, Зæрæмæгыл, Тибыл æмæ ахызтыстæм Мамысоны æфцæгыл Шовмæ. Уырдыгæй – уæлæмæ, Гуырдзыстоны хæхты цъуппытæм. Нæ экспедици æрбынат кодта уæлхох бæрзонд бынаты. Æмæ та ног диссаг! Нæ бынмæ уыд Дыгургом!.. Нæ куыст куы бакодтам, уæд фæстæмæ Цъæйы коммæ нæхи рауагътам бæндæнтыл нæ лагерьмæ, нæхимæ.

Афтæ баст сты иумæ канд нæ кæмттæ нæ, фæлæ нæ хæхтæ дæр! Уымæн зæгъын: Кавказ иу у! Уый чи нæ зоны æмæ æмбары, уый йæ базонæд æмæ бамбарæд! Уый чи нæ зоны, уый у æрцæуæг кæнæ та сæрмагонд «æрвыст» лæг Кавказмæ, цæмæй кæна йæ сау куыст – дихтæ кæна иу Кавказыхъæу алы уынгтыл, сыхтыл, цæмæй хала Хъæуы фыдæлтæй баззайгæ мæсыг, æмæ йын уæй кæна йæ дуртæ! Уый у Кавказы знаг æмæ у ардыгæй суринаг! «Кавказаг» кæнæ «хохаг» – уый канд ирон нæу. Хохаг философийы бындур нæ фыдæлтæ сарæзтой иумæ. Уыцы иумæйаг куывдмæ алчи дæр хаста йæхи хуын, кæмæн цас йæ бон уыд, уыйбæрц. Æндæр ныхасæй, – йæ уд æмæ йæ хъару. Кавказ иу у, кæд йæ сыгъдæг цъитидæттæ цæуынц иу æфцæгæй алырдæм, уæддæр. Цæгатварс дæттæ – Баксаныдон, Урсдон, Æрыдон, Хъобандон æмæ иннæтæ сæхи иу кæнынц сæйраг донимæ – Теркимæ. Афтæ скæсæнæрдæм дæттæ дæр – Сунжæ, Ессæ, Аргъун, Сулак æмæ иннæтæ.

Дæтты фæндæгтæн ивæн нæй. Бафæлварæд ма исчи Терчы дон фондз дихы ныккæнын кæнæ йæ æнæхъæнæй ауадзын æндæр зæххытыл! Нæ рауайдзæн! Никæй бон бауыдзæн!

Арæх мæ фæфæрсынц мæскуыйæгтæ: «Ахæм уавæры цæмæн бахауд Кавказ?»

«Нæхи аххосæй! – фæзæгъын æз. – Уæлдайдæр та нæ сæйраг хицауады аххосæй».

«Куыд уыд раздæр та, фыдæлты рæстæджы?»

«Алчи дæр йæ зæххыл царди сыхагимæ æфсымæры цардæй. Уыдис сæм хæстæгдзинад, бастдзинад, кæрæдзийы æмбæрстой, кæрæдзимæ цыдысты фистæгæй, саргъы бæхыл кæнæ галуæрдоны. Æхсæвиуат-иу бакодтой, кæм-иу сыл баталынг, уым, Уæлдай нæ уыд, кæй хъæу у, кæй хæдзар у — цæцæйнаг, кæсгон æви хъазахъхъаг, ирон æви гуырдзиаг. Нæ «хъæуы» ægъдаумæ гæсгæ, уазæг уыдис Хуыцауы уазæг!»

Гъе афтæ цардысты нæ фыдæлтæ. Æмæ мах дæр уыдоны фæзмын хъæуы. Цæрæм иу стыр «хъæуы» – Кавказы. Иу хохы дæлбазыр. Иу къæвда нæ хуылыдз кæны, иу хур нæ тавы. Раздæр-иу кæрæдзийы æххуысæй ирвæзтыстæм фыдбылызæй . Абон та нæ Кавказы знæгтæ кæрæдзийы ныхмæ аразынц, æмæ хаттæй-хатт ацы фыдбылыз сæ къухы бафты нæхи аххосæй. Абон знаг чи кæмæн у, уый бæрæг нал и. Худинаг нын уæд!

Иу комæй кæнæ хъæуæй æхсæвыгон гæрæхтæ хъуысынц сыхаг коммæ кæнæ хъæумæ, æмæ фыццагдæр райхъал вæййынц мадæлтæ æмæ сабитæ. Сæ тæригъæд Хуыцау никæмæн ныббардзæн!

Фыдбон æмæ фыдлæг бирæ нæ хæссынц!.. Гæрæхты бæсты та райхъуысдзæн фæндыры цагъд, æмæ та раздæры хуызæн йæ цагъдмæ кафдзысты нæ фæсивæд!

Гъе уый у цард. Кавказыхъæуы цард!

Гъе уый тыххæй йæ бахъахъхъæнæм иумæ!

*Мæскуы, 1997 аз*

## КЪОСТА КЪОСТА У

Чырыстийы ном ныр дыууæ мин азы бæрц Дунейы никæмæнуал æрцыд лæвæрд Хуыцауы фырты фæстæ.

Къостайы ном та нæ Иры зæххыл æвæрынц сæ сывæллæттыл, нæма райгуырынц, афтæмæй.

Ацы æгъдауæн ис бамбарæн – Къоста у стыр кады ном, фæлæ



æмбаринаг у æндæр фадат дæр – уыдзæн æви нæ уыдзæн уарзон хъæбул йæ номы аккаг?

Гъе уый тыххæй у мæ ныхас...

* * *

Фридрих Энгельс бирæ чингуытæ фæфыста. Мæ зæрдæмæ дзы уæлдай тынгдæр бахъардтой мæнæ ацы ныхæстæ: «Эпоха нуждалась в титанах, и Эпоха породила их...»

Ныхас цыд, Европæйы Æндидзæн дуг цы стыр лæгтæ радта Аивадæн, уыдоныл.

Мæхимæ исын æгæр стыр бар, цæмæй зæгъон: «Ирыстоны хъуыди Стыр Уд, æмæ йæ Хуыцау балæвар кодта ирон адæмæн... Хетæгкаты Къостайы номимæ!»

* * *

Ахæм зонд мæм Хетæджы-фырты номы тыххæй абон не 'рцыди. Æз райгуырдтæн Зæрæмæджы, мæ сывæллоны бонтæ арвыстон Нары мæ мадырвадæлтæм. Фыццаг хатт уым федтон Къостайы ныв фæндаджы уæлбыл къæдзæхы лæгъз дурыл. Уый фæстæ – Къостайы райгуырæн къона æмæ афтæ дарддæр – йæ музей æмæ йæ цырт.

Уым, Нары дæр æмæ Зæрæмæджы дæр, фыццаг хатт фехъуыстон Къостайы зарджытæ...

Кæсын куы базыдтон, мæхи зонынхъом куы фæдæн, уæд бамбæрстон, «Ирон фæндыр» кæй у иронæн «Ног фæдзæхст»!

Абон кæд исты бантыст мæ удæн, мæ зæрдæйæн, уæд – Къостайы руаджы.

Æгас Ирыстоны номæй нæу мæ бон дзурын. Мæ ныхас, мæ хъуыдытæ раргом кæнын мæ бон у æрмæст Туалгомы номæй. (Чи йæ нæ зоны, уымæн зæгъын – Туалгом диссаг у!) У æмбаст Уæлладжыры комимæ, Мамысонимæ, Зругимæ, Захъхъаимæ. Туалгомæй ис ныххизæн Дзауы коммæ, Куырттаты коммæ, Арвы коммæ, Дыгургоммæ, Цъæйгоммæ... Гъе афтæ Гуырдзымæ дæр.

Уымæ гæсгæ мæ бон у канд зæгъын нæ, фæлæ ныффыссын дæр: Къоста у уыцы кæмтты уд.

Абон куыд у, уый нæ зонын, фæлæ мæ сывæллоны бонты рæстæджыты Къостайы æмдзæвгæтæ дзырдтой, кæсын чи нæ зыдта, уыдон дæр: сывæллонæй, зæрондæй.

Гъе афтæ Къостайы уд бацарди алы хæххон хæдзары алы фыййауимæ, хосгæрдæгимæ æмæ бæлццонимæ... Раст Есо Чырыстийы æмæ Уастырджийы удты хуызæн. Къоста-иу арæх цыд Зæрæмæгмæ.

Мæ хъомылгæнæг, мæ фыдымад Гыцци (Басион), стæй мæ фыдыфыды æфсымæртæ Джиуæрджи æмæ Беса мын куыд дзырдтой, афтæмæй нæ хæдзары баззади иу къам. Къамы ист æрцыд Къостайы чырын, Лабæйæ йæ чи сласта, уыдонимæ. Се 'хсæн уæрдоны бæхыл хæцæг у

нæхи Джиуæрджи (алкæй бар нæ бакодтаиккой Къостайы йæ ингæнæй сисын æмæ йæ Ирыстонмæ сласын).

Къостайæн уыди бирæ æрдхæрдтæ алы рæтты, уыимæ – Цъæйы дæр. Гыццийы ныхæстæм гæсгæ, Къоста арæх æмбæлд Цъæйы Баситы Михалы хæдзары. (Михал уыд Гыццийы æфсымæр, Баситы Чабæханы фыд). Къоста æмæ Михал уыдысты æрдхæрдтæ, æмæ йæ хæдзары уый Нароны æмбæхста, цæмæй йæ ма æрцахстаиккой, уый тыххæй (чингуыты ис ахæм къам: Къоста Цъæйы комы фæндагыл, йæ фарсмæ – саргъджын хæрæг).

* * *

Куыд нывгæнæг, афтæ сфæлгонц кодтон бирæ чингуытæ. Къостайы уацмыстæм скодтон бирæ нывтæ. Йæ фæлгонц ын равдыстон офорты, автолитографийы æмæ графикæйы æндæр хуызты.

Ирыстоны нывгæнджытæй Къостайы сурæтыл чидæриддæр кусы, йæ уацмыстæм ын нывтæ кæны, уыдон се ‘ппæт дæр сты ме ‘рдхæрдтæ.

Къоста нæ кæрæдзийыл бæтты!

Фæстаг рæстæг ме сфæлдыстады сæйраг темæ у Къостайы стыр ныв скæнын – æнкъардæй бады къонайы фарсмæ Чырыстийы Хуызы... Хъуыды кæны нæ хъысмæтыл, нæ фидæныл...

Ирыстон амондджын у, Къоста кæмæн ис!

*БАЛАТЫ Альберт*

# КÆМ ДÆ?

*Абойты Зауыр-Бегæн*

Хъæбул йæ уарзт ныййарæгыл нæ ивы,
Фæлæ нæ дæ, æвæццæгæн, æвыд...
Кæм дæ, Зауыр? Кæд ма дæ цæст æрттивы,
Цы хæлæг кæныс махæн уæд дæ уынд?

О, мысынц дæ нæ Иры урссæр хæхтæ,
Фæзмы дæ зарæг знæт дætты хъæлæс.
Дæу та нæхимæ нал хæссынц дæ къæхтæ,
Æви дæ ферох рагфыдæлты къæс?

Зауыр-Бег, нæ, ды ахæмтæй нæ уыдтæ,
Нæ Ирыстон дæ удлæууæн уыдис.
Ирон дзырдты æхцон зæл дæ рæвдыдта,
Поэзийы зынг де уæнджы сыгъдис.

Фæдисы хъæр ирон адæммæ кодтай,
Цæмæй кæрæдзи бамбарæм хуыздæр.
Æгъдау æмæ фыдæлты стыр фарн домдтай,
Хорз циу, зыдтай, æвзæр дæм каст æвзæр.

Уыд аивад дæ рухс сæууон ыстъалы,
«Кæм дæ, кæ?» – сидынц де 'рдæгконд нывтæ.
Мæ зæрдæмæ мын сау сагъæс æвналы,
О не 'фсымæр, дæ рисæй ам рыст дæн.

Кæд ма æрттивы хуры цæст дæ сæрмæ,
Нымад ма дæ, о, цæрæццæгтыл кæд,
Дæумæ сидæм, дæумæ, Зауыр, нæ хъæрмæ
Фæзын рæхджы нæ Иры дзыхъмæ уæд!

Æмæ та хæхты азæла дæ зарæг,
Рæвдауа нæ дæ рухс цæстыты арт.
Кæд нал дæ... Фод нын хурæргом дæ марæг,
Фыдыуæзæгыл сæмбæлæд дæ мард!

ХУЫГАТЫ Сергей

# ДЖУСОЙТЫ НАФИ

*Мысинæгтæ*

Уæд мæм Хаджеты Таймураз куыстмæ æрбауад, дзæбæх хъæлдзæг уыд, афтæмæй. Æмæ мæм цыма сæрмагондæй искуыцæй мæнæн мæхицæн æппæлынмæ æрвыст уыд, уыйау мæ æппæлынтæ систа – куы мын ме 'мдзæвгæтæй æппæлыд, куы – мæхицæй. Таймураз æппæлаг нæ уыд, фаугæ-иу кодта иннæты фыстытæ, æмæ йæм кæсгæйæ баззадтæн. Цы йыл æрцыд?! Афтæмæй дзы дзырдæй 'нæдзырды 'хсæн куы схауид:

– Æз дæр де 'взæр мады 'фсымæр дæн.

Æмæ йæ дарддæр дзурын нал бауагътон:

– Ме 'взæр мады æфсымæр нæ, фæлæ мæ мады æвзæр æфсымæр.

Нæ цуры чи уыд, уыдонмæ хорз фæкаст, йæ хъуыдыйадмæ йын афтæ кæй февнæлдтон, уый. Худынмæ фесты, худынмæ фæци йæхæдæг Таймураз дæр. Стæй ацыд дзыхæй-дзыхмæ уыцы хъуыдыйад. Нафимæ дæр фæхæццæ и, æмæ, куыд худтаид Нафи, уый-иу мæ цæстытыл ауади, æмæ та-иу ын æз дæр бахудтæн йæ худтыл. Уæдæй фæстæмæ-иу мын йæ ног чиныг куы лæвæрдта, уæд-иу ыл цы афыста, уым дæр уыцы хъуыдыйады кой хъуамæ разынын кодтаид искæуылты: кæнæ «мæ мады хорз æфсымæр», кæнæ «мæ хорз мады æфсымæр», кæнæ та ноджы æндæр исты – Нафийæн амонын куынæ хъуыди, кæм цы ныффыссын æмбæлди, уый.

Æнæуи кæрæдзийæн хæрæфырттæ уыдыстæм Нафи æмæ Таймуразимæ: уыдоны мад Хуыгиан уыди, мæ мад – Дзигуен. Фæлæ Джусойтæ æмæ Дзигойтæ иу мыггаг сты. Æрвадæлтæ нæ – иу мыггаг. Кæддæр, раджы нæ – æрæджы, Джусойтæй чидæр йæ фыд кæнæ йæ фыдыфыды номыл ныффыста йæ мыггаг, мæнæ Таймураз куыд ныффыста йæ мыггаг Хаджетæй, афтæ.

Чингуытæ бирæ уагъта Нафи. Суанг нæ Цæдис куы фехæлди æмæ, стæй чиныгуадзæнтæ паддзахады исбонæн æцæгæлон куы систы, уæд дæр. Йæ пенси-иу бамбырд кодта æмæ-иу чиныг рауадзыны фаг куы баисты æхцатæ, уæд та-иу сæ рауагъта чиныг. Стæй-иу цыма йæхи раст кодта, йæхи хардзæй кæй уадзы йæ чингуытæ, уымæй, уыйау-иу дзырдта: «Чиныг фесæфа, уый гæнæн нæй, фæлæ фыстытæ куы ныйинугай уой, уæд йæ бон у, æмæ сæфгæ дæр фæкæной».

Афтæ-иу загъта Нафи, дзырдмæ дзурæгау-иу загъта. Уый цæмæй зыд-

та Нафи, æмæ, Клавдия афтæ зæрдæргъæвд разындзæн, æмæ йын афтæ æдæрсгæ бабæстæттæ кæнынил схæцдзæни йæ бынтыл! Æрæмбырд кодта, куыд фæзæгъынц, иу ххх нал ныууагъта Нафийы фыстытæй, чингуытæ сæ фæцарæзта, æмæ, дам, дæс æмæ дыууиссæдз чиныджы, ома фæндзай томы! Æгас ирон литературæ кæнæ рауайдзæн уыйбæрц, кæнæ – нæ. Уый дын диссаг! Уал томы рауадзынæн цас æхца бахъæудзæн ныры дуджы! Приватизацигонд типографиты йæхи чи бакодта, уыдон цас æхца æрдомдзысты, уымæн йæ банымайын дæр зын у. Æмæ Бибылты лæппу, Хуссары Президент Федерацийы Президентмæ бахатыд – уый телевизоры æвдыстой – цæмæй Нафийы бынтæ рауадзынæн æхца раттын кæна хицауадæн. Владимир Путин цыма ныфс бавæрдта Бибылы-фыртæн.

Æгуыстæй нæ фæрæзта Нафи – мæнæ цыма рынчын уыди, æмæ куыст йæ хос уыди. Æмæ-иу улæфты сахат дæр æнцад не 'рбадтаид. Нæдæр, йемæ чи уыдаид, уыдоны æруагътаид æнцад бадын. Йæ дзыппæй-иу йæ ручкæ фелвæстаид, æппæты хуымæтæгдæр ручкæ, æмæ райдыдтаид исты бæлвырд кæнын, фылдæр, исты дзырд куыд равзæрди кæнæ искæцы ном куыд фæзынди, уыдæтты тыххæй. Цы фыста, уый, куыд фыста, афтæ амыдта – мæнæ уый афтæ у, мæнæ уый та – афтæ, æмæ уæд мæнæ уый та хъуамæ афтæ уа, дзырдтаид, бынтондæр гуырысхойагæй кæм ницы и, ахæм ныхасы уагæй.

Дæргъвæтин бадтмæ-иу куы бахаудта, уæд-иу дыууæ-æртæ рæгъы фæстæ æнкъард кæнын байдыдта; алчи-иу хъæлдзæг кæнын байдыдта, уый та – æнкъард кæнын. Æмæ, цыма фыст уыди йæ цæсгомыл, уыйау ыл зынди: «Тæхуды, ардыгæй аирвæз æмæ дæ фыссæн стъолмæ бабад». Цыма-иу куыивдтытæм дæр дзæбæх нал хъуыста. Йæхæдæг фынджы сæр бадын нæ уарзта, никуы йæ федтон нæдæр гыццыл фынджы сæр, нæдæр стыр фынджы сæр бадгæ, цæст ыл хæцгæ дæр нæ кæны – Нафи фынджы сæр бада æмæ рæгътæ уадза! Æмæ-иу æм рæгъ куы æрхæццæ, уæд-иу йæ агуывзæйæ ацахуыста, стæй-иу æй æрæвæрдта фынгыл æмæ-иу ыл разил-базилыл схæцыд, йæ бын фынгæй куыд нæ фæхицæн уа, афтæ.

Дзæуджыхъæумæ-иу куы æрцыд, уæд-иу раздæр кæдæм бауад, уый – чиныгуадзæн. Æмæ-иу нæм цыдæр хъæлдзæг цин, хохаг зæллангæнаг цин бахаста йемæ. Кусджытæй алкæй дæр зыдта, уæдæ йæ уыдон дæр куыд нæ зыдтой, æмæ-иу мах ууыл цин кодтам, уый – махыл. Стæйиу цалынмæ ам уыди, уæдмæ дæр-иу нæм æнæ 'рбацæугæ кæм фæци! Æз-иу ахæм рæстæг чызджытæй искæмæн иу чъири сдавын кодтон, нæ

цуры, дукани дæр чи уыди æмæ хæрæндон дæр, уырдыгæй. Нафи-иу уыцы æнгуырстуаны йас агуывзæ дæр йæ бынмæ никуы бануæзта. Уæдæ хæргæ дæр – афтæ: æз нæлгоймагæй Нафийы хуызæн гуыххæл никуы федтон. Кæддæр æй хионы фæрстытæ кодтон – куыд цæры, цы хæры, куыд хæры? Ницы бæрæг мын æрдардта йæ хъус мæ фæрстытæм.

– Алæ, æмæ цыфæнды ахæр, æххормаг ма у, уый йеддæмæ цы уæлдай у! – æрæджиау ма мæм æрбадзырдта: – Хъæдур уарзын, фæлæ, куыд кæнгæ у, уый нæ зонын. Клавдияйы бафæрсынмæ фæхъавын, фæлæ та мæ ферох вæййы.

Æмæ та нæм кæддæр куы ’рбауад, æмæ æз куы базмæлыдтæн, чызджытæй искæй арвитон чъиримæ, уæд мæ фæурæдта:

– Ма тыхс. Ныртæккæ хæдзармæ цæуын æмæ уым бахæрдзынæн.

Æз йæ ныхмæ фæлæууыдтæн:

– Æмæ дзы уæд та нæй хæринаг!

Уый гыццыл алæууыд, афтæ зынд, цыма цыдæртæ нымайы йæхимидæг, стæй бахудт.

– Нæ, ис дзы. Абон скодта Клавдия хæринаг, стæй университетмæ иумæ рацыдыстæм, æмæ нырма уый университеты ис. Хæринагмæ чи бавнæлдтаид, ахæмæй ничи и хæдзары.

Æппæлын раджы райдыдтой Нафийæ. Æмæ диссаг цы у: йæ чингуытæй чи бакаст истытæ, уый дæр дзы æппæлыд æмæ йын дзы æппындæр чи ницы бакасти, уый дæр. Уый диссагæн дзуринаг у. Фыссæджы фыстытæй мацы бакæсай æмæ дзы афтæмæй æппæлын сисай! Уый, адæмы ’хсæн цы кад фæзыны фыссæгæн, уый бафтауы адæмы æппæлынил, уыцы кад. Æмæ уыцы кад раджы æрцыди Нафимæ. Æз ахуыргæнæгæй куыстон хъæууон скъолайы æмæ йæ хорз хъуыды кæнын – ахуыргæнджытæ-иу æппæлыдысты Нафийæ, далæ-иу æй Расул Гамзатовыл барстой – чи сæ стырдæр поэт у? Афтæмæй нæдæр Нафийы зыдтой, нæдæр Расулы. Æз дæр-иу дзырдтон цыдæртæ семæ, афтæмæй æз дæр нæ зыдтон Нафийы, цалынмæ йын йе ’мдзæвгæты æмбырдгонд «Зын кары» нæ бакастæн, уæдмæ.

Кад раджы кæй æрцыд Нафимæ, уый бирæтæн æхсызгон нæ уыд, уыцы кадыл цин чи нæ кодта, ахæмтæ дæр уыд, стæй, æвæццæгæн, гыццыл нæ. Уый ирон хæлæг у, уый йæ кæнон кæнын никуы ныууадздзæн. Цæрæццаг у, тынг цæрæццаг у хæлæг. Æз фехъуыстон, стæй иу æмæ дыууæ хатты нæ: «Кæд Нафи Дзæуджыхъæуы бульвары бады,

уæд Чъребайы хæст гъæйттæй цæуы». Æмæ-иу афтæ дзурджытæ æмæ уыдонмæ æхсызгонæй хъусджытæ кæрæдзимæ чыр-чыр кодтой, нæ сусæг чи уыди, нæ – æргом, ахæм чыр-чырæй. Ахæм адæм хъуамæ æфхæрд цæуиккой, Уголовон кодексы хъуамæ уаид фыст. Уæд къаддæр уаиккой уыцы хæлæг æмæ хæлмаг адæмы ‘хсæн: цæмæн у Нафи стыр ахуыргонд, цæмæн у Нафи стыр фыссæг, цæмæн ис Нафийæн ахæм кад?!

Æмæ, дам, фæтарст æмæ, дам, фæлыгъди! Уæд хахуыр кæныс, хахуыр фыддæр фæуа дæ къона, æмæ афтæ хахуыр кæн, æмæ дыл исчи куыд баууæнда. Æндæр, хорз куы зонынц уый, æмæ Нафи, зæххыл цы стырдæр хæст уыди, уымæй дæр куынæ бамбæхст æмæ æхсæрдæсаздзыдæй бархийæ куы фæцæуæг уыцы хæстмæ, уæд Гуырдзыйы æнæхафт æмæ æнæджелбетт лæбурджыты къордтæй фæтарст? Фæлæ хæлæг ахæм маргыл æнтыд у, æмæ хæлæггæнæгæн йæ гоппа хъуыды кæныны хиадæй фæиртæсы. Уæдæ, Джиоты фыссæг Катя чи уыд, уый йæ цæргæ-цæрæнбонты иу гæды ныхас дæр куынæ загъта, уæд-иу уый æндæр Нафийы кой кодта?! Катя дæр уыцы хæдзары куы цард, æмæ, уыцы бонты иууылдæр, хæдзары бын цы ныккæнд уыди, уым куы цардысты: хæдзар тæккæ æрбаныдзæвæны уыд, æмæ тас уыд, сармадзаны нæмыг ыл куы сæмбæла, уымæй.

Райсомæй, дам-иу ацыди Нафи æмæ, дам-иу цалынмæ лæппуты хабæрттæ базыдта, уæдмæ, дам-иу не ‘рбаздæхти фæстæмæ.

Катяйæн йе ‘фсымæры лæппу нæ тæккæ æмдуар цæры, æмæ-иу кардзыд Катя уыцы бонты арæх уыд Дзæуджыхъæуы. Радзырдта ахæм цау дæр: «Иухатт æрæгмæ здæхти Нафи, æмæ йæм нæ зæрдæ æхсайын байдыдта. Уалынмæ æрбацыд, дыууæ сау дзæкъулы дзидза æрбахаста, афтæмæй. Кæйдæр стурыл дзæгъæл нæмыг сæмбæлд, лæгтæ йыл æрæмбырд сты, аргæвстой йæ æмæ йын йæ дзидза ахастой».

Афтæ нæ уыдаид, стуры хицау афтæ лæвар кæм байуæрстаид дзидза, фæлæ йæ Нафи афтæ радзырдта, цæмæй дзидза лæвар æнхъæлой, æмæ йæм æдзæстхизæй æвнала алчи дæр.

Уæд мæ Чъребамæ цæуын бахъуыд. Нæ лæппуйæн йæ диссертаци хъахъхъæнынæн цыдæр гæххæтт хъуыди уыцы университетæй. Нафимæ бадзырдтон телефоны. Баныхас кодтам: райсом фæцæуын, уал æмæ уал сахатыл уым уыдзынæн.

Чъребайы бирæ хæттыты уыдтæн, фæлæ йын йæ уынгты уæгъдибар

рацу-бацу никуы акодтон æмæ дзы кæм цы уыди, уый нæ зыдтон. Автобусæй куы æрхызтæн вагзалы, уæд кæйдæрты бафарстон:

– Ам уæ Зонадон-иртасæн институт кæм и?

Нæй, кæрæдзимæ ракæс-бакæсыл схæцыдысты, дзуапдæттæг нæй. Æмæ ма уæд мæ фарстмæ бафтыдтон:

– Нафи дæр уым куы кусы, Джусойты?

Нафийы коймæ базмæлыдысты, сæ цæнгтæ иуцалдæрæй дæлæрдæм адардтой. Уæд мæм иу ацæргæ лæг æввахс æрбалæууыд æмæ мын, цыма се ‘ппæты номæй дзырдта, уыйау загъта:

– Уыцы хæдзар дæлдæр и дæлæ, Нафи кæм кусы, уый.

Стæй цыдтæн, лæг мын куыд бацамыдта, афтæ дæлæрдæм, æмæ та-иу мæ пыррыкк фæцыд – уæдæ уыцы стыр институт ничи зыдта, фæлæ Нафийы иууылдæр зыдтой. Æмæ мæм уым иу хъуыды æрцыд: æвæццæгæн, Чъребайы Нафийæ хъуыстгонддæр æмæ зындгонддæр лæг нæй. Æвæццæгæн, республикæйы хицауы дæр афтæ хорз нæ зонынц. Ноджы йæ ном дæр цыдæр хион ад кæны – æнцондзурæн æмæ азæлгæ.

Афтæ хъуыдытæгæнгæ ныххæццæ дæн институтмæ, æмæ дæлæ Нафи дæр суайы йæ тагъд-тагъд хохаг цыдæй.

Университеты нæ хъуыддаг тагъд алыг. Ректор нын ныфс бавæрдта:

– Райсом совет скæндзыстæм, æмæ фæссихор гæххæтт цæттæ уыдзæн.

– Æз æй райсдзынæн, – загъта Нафи, – иннæбон Дзæуджыхъæумæ цæуын æмæ йæ мемæ ахæсдзынæн.

Æмæ нын горæты уынгты æвдæлон арауай-бауай кæнынæн гæнæн фæци. Нафи мын чъребайаг хабæрттæ кодта, æз йæ фæрсты цыдтæн æмæ йæм хъуыстон æмæ мæ кæд не ‘рфæндыди – афтæ цу æмæ цу Нафийы фæрсты æмæ хъус æмæ хъус Нафимæ! Куы никуыдæм фæхæццæ уыдаиккам, афтæ куы цыдаиккам. Цæуын мæм цыди Чъребайы уынгты. Кæд, ардыгон кæй уыдтæн, уартæ Цъоны дзыхъхъы кæй райгуырдтæн æмæ-иу мæ фыд ардыгæй хор кæй хаста нæ бæхыл, уымæн афтæ уыд. Мах-иу – сывæллæттæ – æрхъæцмæ куыд нал хъæцыдыстæм æмæ-иу нæ къуыппæй куыд ракæс-ракæс кодтам далæ Къахыры фæндагмæ. Уыцы бонтæ мын бацагайдтой мæ зæрдæйы æнкъарæнтæ. Ардыгæй хаста хор, ацы уынгты-иу фæцæйцыд мæ фыд, йæ уæргътæ тыххæй хæссын чи фæрæзта, уыцы бæхы разæй.

Уæддæр ныххæццæ стæм, Нафитæ кæм цардысты, уыцы хæдзармæ. Дзæбæх цыппæрдигъон хæдзар. Æрмæст дзы фысджытæ цардысты. Сæхæдæг æй сарæзтой. Мæскуымæ фæцыдысты цалдæрæй. Нафи – сæ раздзог. Æмæ сын, стыр Цæдис кæй хуыдтой, ома Советон Цæдисы Фысджыты цæдис, уый радта æхца. Хæдзары раз – алыхуызон дидинджыты къутæртæ, се 'хсæнты – стыр бæлæстæ. Бæлæстæн сæ бынты – стъолтæ æмæ бандæттæ. Дзæбæх бацæуæнтæ сæм æмæ сæ дзæбæх рацæуæнтæ. Нафи стъолтæй иуы раз æрлæууыд. Æрлæууыдтæн æз дæр.

– Ай Бестауы стъол у, – дзуры Нафи. Афтæ хуыдтой Бестауты Гиуæргийы йе 'ввахс æмбæлттæ. – Ам уарзта бадын. «Стайы царм дарæг» дæр ам тæлмац кодта.

Бадтыстæм, кастыстæм стъолмæ, Гиуæрги-иу кæдæм багуыбыр, æмæ, кадæджы цы æнахуыр авналæнтæ ис, сæ азæлд рæнхъыты сæрты кæмæн акæлы, уыдон цыма ирон дзыхыдзырд агуырдтой, цыма гуырдзиаг æвзагыл рæдыдæй фыст æрцыдысты, уыдон сыгъдæг иронау куыд арæзта Гиуæрги, æмæ куыд хорз фидыдтой сыгъдæг иронау! Кæд йæ ныффыссыны цыдæр æмбæхст и уыцы кадæгæн, æмæ иронау афтæ кæй сфидыдта, уым бирæ нæ, фæлæ гыццыл-гыццыл зынын байдыдта уыцы сусæг? Æмæ, дам, уæды онг гуырдзиаг поэзийы, ацы кадæг куыд фыст æрцыд, ахæм уагыл фыст кадджытæ нæ уыди, уый, дам, арвы хъугау бæрæг дары се 'хсæн йæ хицæн хуызæй. Уый, дам, æндæр æрмдзæф у, гуырдзиаг æрмдзæфы хуызæн чи нæу, ахæм æрмдзæф. Афтæтæ ахуыргæндтæ фæфыстой, уыцы кадæг халгай æмæ мургай чи февзæрста, уыдон. Æвæдза, цас диссæгтæ æрцыди ацы дунейы, æмæ дзы цас диссæгтæ баззади, не 'рцыдысты, афтæмæй!

Фæдзæбæхдæр уыдзæн, уыцы ныфсæй куы ницыуал уыди йæ зæрдæйы Гиуæргийæн, уæд йæ зæрдæ ахсайдта йæ фыстытæм: цы фæуыдзысты, куыд фæуыдзысты! Æмæ йæхи бакъул кодта Нафимæ: «Мæ фыстытæ – дæ фæдзæхст».

Æмæ сæ æрæмбырд кодта Нафи æмæ сæ æртæ дзæбæх томы сарæзта. Уадзгæ сæ мах ракодтам ам, «Ир»-ы, æртæ томы дæр иумæ.

Уый фæстæ бадтыстæм фынгыл.

Нафи йæ царды фылдæр бонтæ иунæгæй æрвыста. Ныр йæ лæджы кары сæрты куы ахызт, уæд æмбисонды дзæбæх æмбалыл сæмбæлд: хæрзконд, хæрзæгъдау, хæрзуаг. Æмæ сулæфыд Нафи. Æмæ нын хуымæтæджы фынг æрцæттæ кодта Лидæ! Æмæ нæм куыд узæлгæ хатыд ахæрынæй дæр æмæ ануазынæй дæр! Тынг зæрдæйæ уыдысты

кæрæдзийыл Нафиимæ, æмæ сыл тынг дзæбæх фидыдта уый. Æз та цин кодтон – ныр Нафи иунæг нал уыдзæн. Ацы дзæбæх Гаглуен дохтыр йæ фарсмæ куы уа, уæд ын кусын ноджы фылдæр бантысдзæн!

Фæлæ нæй! Бирæ нæ ахаста йæ амонд Нафийæн: цæуыныл фæци а дунейæ Лидæ. Æмæ фæцудыдта Нафи, фылдæр фæстиат кæнын байдыдта Дзæуджыхъæуы. Фæлæ йæ куыст нæ уагъта. Æниу æй куыст йæхæдæг дæр нæ ныууагътаид!

«Ир»-ы хицауад хицæн цæстæй касти Нафимæ, æмæ сæ фæдисоны хуызæн уыди Нафи. Цæмæ йæм баулæфыдаид чиныгуадзæн, æмæ цы куысты нæ балæууидаид! Уæдæ хистæр фысджытæй искæй бынтæ бабæстон кæнын хъæуы – Нафи! Уæдæ кæцыдæр къласæн ахуыргæнæн чиныг ныффыссын хъæуы, уæд дæр – Нафи! Æмæ цы ахуыргæнæн чингуытæ ныффыста ирон литературæйæ, уыдонæн æмбал кæм уыд! Æмæ-иу сыл редактортæ кæрæдзийы тонынмæ æрцыдисты, стæй-иу сæ кæй хал схауди, уый-иу, куыд фæзæгъынц, цинæй куыд амарди!

Æмæ-иу йæ райгуырæн боны бæрæгбон куы æрцæйцыд, уæд-иу развæлгъау цæттæ кодтам нæхи: цы йын рауадздзыстæм! Йæ фæстаг юбилейтæй йын иумæ сфæнд кодтам йæ иууыл стырдæр æмæ, ахуыргæндты ‘хсæн быцæуагдæр чи сси, уыцы роман-дилоги «Сырдоны цæссыгтæ» рауадзын. Хъуыддаг афтæ рауад, æмæ романы фыццаг чиныг рацыди раздæр, цалдæр азы размæ уым, Хуссары. Фæлæ дыккаг чиныгæн йæ бынатæй фезмæлынæн ницыуал амал уыд, æвæццæгæн, романы тыххæй цы ныхмæвæрд хъуыдытæ фæзынд мыхуыры, уыдон дæр хъыгдардтой чиныг рауадзыны хъуыддаг. Мах бавдæлдыстæм æмæ, чи рацыд, уыцы чиныг баиу кодтам, чи нæ рацыд, уыцы чиныгимæ æмæ сæ иумæ рауагътам иу чиныджы. Чиныгæн редактор уыдтæн æз æмæ афтæ лæмбынæгæй никуы редакци кодтон иу къухфыст дæр. Уæлдайдæр дзы цы дæргъвæтиндзæф бынæттæ ахста мæ цæст, уыдоны фæцыбыр кæнын куыд зын уыди! Мæ тыхстытæ-иу куыд нæ фæхæццæ уыдаиккой Нафимæ! Æмæ-иу уæд дыууæйæ ныссагъæс кодтам иумæ, æмæ-иу нæ Хуыцау, цы хуыздæр уыд, ууыл бафтыдта.

Уæдæ дзы ахæм хъуыддаг дæр æрæййæфтон. Гыццыл хъуыддаг уыд, æниу афтæ гыццыл хъуыддаг дæр нæ уыди, дзæбæх ыл ахъуыды кæн, уæд. Уый, нæ Цæдис куы фехæлд, уый фæстæ уыди. Нафийæн цыдæр уацмыс рацыди, дыккаг хатт рацыди. Æмæ сфæнд кодтам,

цыма фыццаг хатт рацыди, афтæ йын куыд банымайæм гонорар. Гонорар чи нымадта, уый кабинеты уыдыстæм æртæйæ. Афтæ-афтæ дын рафыстам гонорар ын куы загъта сылгоймаг, уæд Нафийæн йæ цæсгом асырх, стæй йæ сæр батылдта фæйнæрдæм.

– Æмæ уый куыд уыдзæн? Уый раст нæ уыдзæн. Уæ зæрдæ мын кæй загъы, уый тыххæй бузныг, фæлæ ма бакæнæм афтæ. Уый раст нæу.

Раст куы зæгъон, уæд тынг бадис кодтон, уымæн æмæ уый æнхъæл нæ уыдтæн Нафийæ. Уæдæ дуне куы сфæлдæхти, иуæй-иутæ бæсты бындзар куы аныхъуырдтой, уæд уыцы цалдæр туманæй бæстæйы банк цæрдхуынкъ фæуыдаид?!

Æмæ уæддæр куыд куыствæразон уыд Нафи! Цас чингуытæ рауагъта, цас ма йын уадзинагæй баззади! Иу та æндæрхуызон куыст кодта, цыдæр дзырдуæттимæ баст чи уыд, ахæм куыст, æмæ-иу мын йæ кой кодта, йе 'ртыккаг хайы бæрц, дам ын фæдæн. Æмæ йæ тынг уырныдта, кæронмæ йæ кæй фæуыдзæни, уый.

Фæлæ йæ нæ фæци.

Уыцы райсом, аходæн афон уыдаид, афтæмæй нæм æрбадзырдæуыд: «Нафи нал и». Лæугæйæ баззадыстæм æгас бинонтæй. Куыд нал и Нафи?! Уый гæнæн куыд и, æмæ Нафи мауал уа?! Ацыдыстæм Ирланимæ.

Йæ хотæ кæугæ бацыдысты немæ, Нафи цы уаты уыди, уырдæм:

– Мæнæ дæм дæ мадыфсымæртæ æрхæццæ сты, Нафи!

Æмæ, дам, дзæбæхæй схуыссыд дысон. Хъæлдзæг, дам, уыд. Гъа, алчи, дам, йæ уатмæ ацæуæд. Райсом, дам нæ хъуыддæгтæ ис.

Æвæццæгæн, баихсыд йæ зæрдæ. Уыйбæрц фыссын æнцон у, уæлдайдæр, зæрдæйæ куы фыссай, уæд!

Æмæ мæ бафарстой йæ хотæ:

– Уæлæ горæты сæрмæ, Намысы Аллей чи у, уым ын нæ раттиккой бынат?

Хотæй Хуссары ничиуал уыд, æмæ, ам куы уыдаид йæ бынат, афтæ сæ фæндыди.

Æмæ сын загътон:

– Нафи Хуссары лæг у, æмæ йæ ам нæ ныууадздзысты. Йæ бынат уым и.

Æмæ, æцæг, уайтагъд цæуын байдыдтой машинæтæ кæрæдзийы фæдыл, æрмæст хицауады машинæтæ нæ, алчи йæхи машинæйыл

дæр – тагъд кодтой Нафимæ. Æппæты разæй æрхæццæ Челæхсаты Хъазбег, уартæ Дзауы цæрæг.

Фæссихор ацыдысты æнæхъæн уынджыдзаг машинæтæ. Уыдонæй фылдæр уыдысты, йе ʻвæрæн бон чи ацыд, уыдон. Цыдысты мæрддзыгой Дзæуджыхъæуæй Чъребамæ. Æвæццæгæн, нырма ахæм стыр мæрддзыгой нæдæр уырдыгæй ардæм рацыд, нæдæр ардыгæй уырдæм.

Уым горæты сæрмæ иу рухс уæлвæзы байгом ног уæлмæрд. Фыццаг æм Нафи бацыд. Æмæ зæрдæйæ нæ цух кæнынц уыцы рæнхъытæ:

*Ныр куыд фæцæуон æз Къуыдарæй, –*
*У йæ зæххыл мæ уд ныхæст.*
*Гъе стæй афтæ у: хæс куы дарай,*
*Хъуамæ бафидай уæд дæ хæс.*

Нæ фæцыд Нафи Къуыдарæй. Йæ хæс дæр бафыста. Уæлдайджынтæй.

*Ноябрь, 2023 аз*



Нафи æмæ Хуыгаты Сергей

*ГУСАЛТЫ Барис*

# ДЗЫРД-ХУЫЦАУ ДУГÆЙ ДУГМÆ*

## СКАНДИНАВИАГ ЛИТЕРАТУРÆ

Скандинавиаг литературæйæн дæр номгæнæг фесты цыппарæй: даниагæн – Андерсен, норвегиагæн – Ибсен æмæ Гамсун, Швецийы та ахæмыл нымад у драматург Август Стриндберг, æрмæст нæдæр зæронд Уæрæсейы уыд хъуыстгонд, нæдæр советон дуджы, æмæ йын йæ ахадгæ сфæлдыстадыл мах дæр нæ бафæстиат уыдзыстæм – хатырæй фæуæд…



**Ханс Кристиан Андерсен**

**Ханс Кристиан Андерсен** (1805 – 1875) – фыссæм ын йæ цард, йе сфæлдыстады фæдыл истытæ æви нæ? Сабийæ фæстæмæ кæмæн нæу зындгонд, ахæм адæм чысыл разындзæн, ноджы ма йын йæ уацмыстæ азæй-азмæ диссаджы хъæздыг фæлгонцты мыхуыр кæнынц сывæллæттæн.

Хорз. Æппæты райдианты фыста пьесæтæ, стæй та æмдзæвгæтæ (сæ ну хуыйндис «Мæлæты къахыл лæуд саби» – æнахуыр темæ…). Стæй худæджы чиныг фæндаггон балцы тыххæй, уалынджы та, Италийы куы уыд 1830 азты, уæд ныффыста роман «Фæлгæнд», йæ фæстæ та иннæ – «Æрмæстдæр хъисфæндырæй цæгъдæг» – курдиатджын адæймаджы æнæрай хъысмæты тыххæй. Æрмæст ын аивадон хуызы рæгъмæ хæссыны аккаг нæ рауадысты.

Уæдмæ ралæууыд йæ аргъæутты амондджын дуг сабиты хæрзæбонæн. Фæлæ айдагъ сывæллæттæн хъæугæ нæ уыдысты – хистæр чиныгкæсджытæ хъуамæ райхæлдтаиккой сæ арф мидис ахæм уацмыстæн, куыд «Къаролы ног фæлыст», «Къаннæгон», «Булæмæргъ», «Ауыæттæ»…

* *Дарддæр. Райдайæн 2025 азы 7, 8, 10-æм æмæ 2026 азы 1 – 7-æм номырты*

Аргъауæн хорз, æхцон кæрон æмбæлы, æмæ йын сæ дзæвгар хай ахæмтæ дæр сты, фæлæ йæм æмбæлы ахæмтæ дæр, сæ геройтæ æхсæндзарды хæраймаг уавæрты амæттæгтæ кæмæн фæвæййынц. Уæддæр Андерсены фæуырны гуманистон идеалты фæуæлахиз.

Нæ, ницы хуызы сфидауид сывæллæтты литературæ æнæ Ханс Кристианы уацмыстæй – цæстытыл ауайын кæнын дæр нæ комы ахæм æдзæрæгау уавæр, кæд алы аргъæуттæ хъуаг нæ уаид, уæддæр.

Кад æмæ йæм радимæ æрхауд Андерсенмæ æппæт дунейыл зындгонд фыссæджы – аргъæуттæгæнæджы – бæрзонд ном. Хуры тын æрцахста æмæ йын йе 'мбисонды рухс йе сфæлдыстады суадонмæ сарæзта.

Йæ иу сурæт-ныхасбаст арæх бахъæуы ахæм уавæры: чидæр, цы бынаты аккаг нæу, уый та æрцахста, йæхи стауы, æппæлы йæхицæй, зæгъгæ, уæд та йæ бакъæрцц ласынц: «Æмæ къарол зыбыты бæгънæг куы у!»


**Генрик Ибсен**

**Генрик Ибсен** (1828 – 1906). Куы йыл басæттон, уæд куыддæр драматургты тыххæй фыссын зивæггæнæгау фæкæнын, уымæн, æмæ куыд зæгъон-ныстуан кæнон, бакæсинаг у, зæгъгæ: чи нæ кæд кастис пьесæтæ куыд литературон уацмыс, афтæ; уæдæ йын йæ уацмыс сценæйыл фенын дæр цы ныфсæй амындæуа?! Кæд æмæ йæ зынгæдæр пьесæтæ «Норæ» æмæ «Пер Гюнт» дæр, сценæ циу, уый рагæй нал зонынц суанг Мæскуыйы дæр. Афтæмæй, хъуыддаг бæстон-бæлвырдæй чи зоны, уыдон æй бафиппайдтой, æмæ Генрикы драматургион æнтыст уый мидæг ис, æмæ йын ног хуызтæ-формæтæ сарæзта, нæй йын дзы фольклор дæр æмæ фантастикæ дæр. Сæ архайджытæ сты норвегиаг бинонтæ, сæ цыхт царвы кæмæн мæцы, ахæмтæ. Стæй – сæ хæлæрттæ æмæ фæсдзæуинтæ.

Архайд та фæцæуы иу ран – иу уаты, нымад архайджыты дзы алывæрсыгæй февдисынц. Сæ сюжеттæ – здыхтытæ, нуарджын, цымыдисаг. Йæ иннæ авторон миниуæг та уый у, æмæ пьесæйы йæхæдæг автор архайæг свæййы, иннæты фæрсынтыл схæцы, цы 'рцыд, уый цæмæн, цы 'фсонæй, кæй аххосæй æрцыд, зæгъгæ.

Сæйрагдæр Ибсены сфæлдыстады у уыцы хъуыды, æмæ алчи дæр æппæты фыццаг йæхи раз дзуапдæттæг кæй вæййы, цы цардыуаг равзæрста, цы фæндæгтыл цыд, уыдæтты тыххæй.

Йæ иу критикæн драматург ахъаззаг дзуапп радта – раст ма кæддæрты Герцен дæр афтæ загъта: «Æз мæхæдæг рис дæн, хъæдгæмттæ дзæбæхгæнæг нæ дæн»:

*Любезный друг!*
*Вы мне в письме вопросы задаете:*
*Чем люди ныне так удручены*
*И дни влачат в безрадостной дремоте,*
*Как будто страхом странным смущены?*
*И почему успех не тешит душу*
*И люди переносят все невзгоды*
*И ждут безвольно, что на них обрушат*
*Грядущие, неведомые годы?*
*Я здесь не дам сих тайн истолкованья, –*
*Вопрос, а не ответ – мое призванье.*

Раст тæккæ уыйау уыд зындгонд драматургæн йе сфæлдыстадон мадзал. Æмæ йæхæдæг йæхицæн цы фæтк сæвæрдта, цы куыстадон æгъдау æрхъуыды кодта, уымæй фалæмæ дзы домын дæр ницы фæтчы. Йе 'мдзæвгæйæ дзуапп та ма йын ногæй лæмбынæгдæр бакæсæм æмæ дзы, цымæ, нæ цардыуаджы уавæр-æууæлтæй зонгæйæ ницæуыл æрхæцид нæ мидæгмæуынæг цæст?..

Иу чысыл цины хабар ма – разынд Ибсенмæ æлвæст зондæй рантысгæ базырифтонг ныхæстæ дæр:

*Йæ хорз хæларæн нæлгоймаг йæхицæй алцы дæр рауæлдай кæндзæн, æцæг ын йæ уарзон сылгоймаджы никуы ратдзæн.*

* * *

*Сæрибар уымæн ахъаз у, цæмæй дæ зæгъинæгтæ кæронмæ зæгъай.*

* * *

*Кæд бацæуæны дуар уæрæх гомæй баййæфтай, уæд ма агур, дæ хорзæхæй, чъылдымты мидæмæ бафтæн.*

* * *

*Стыр дзыллæ рæдиаг сты, къаддæр адæм растдæр вæййынц.*

* * *

*Быхсындзинад – гъе уый у æцæг зонджын лæджы гаккæвæрд.*

* * *

*Тъыфыл цæргæсы бакæн къалатийы мидæг, æмæ йын йæ каубыд æхсындзæн, сау æфсæнæй сты йæ уистæ æви сызгъæринæй, уымæй та хъауджыдæр нæй.*

* * *

*Иунæгæй хæсты чи бацæуы, чи тох кæны, уый дын æппæтæй тыхджындæр.*

* * *

*Æппæтæй хъомысджындæр уый у, æмæ æппæтæй иунæгдæрæй чи баззад.*

* * *

*Тæппуддзинад йæ тыхы куы бацæуы, уæд дзы æнауæрдондзинад рауайы.*

* * *

*Мин дзырды ферох уыдзысты, иу лæджыхъæдджын хъуыддаг зæрдылдаринагæй баззайдзæн.*

* * *

*Фынæйы хосæн æппæтæй хуыздæр баз – сыгъдæг цæсгом.*

* * *

*Æвзонг азты цы байтауай, уый зæры кары æркæрддзынæ.*

Хатыр, хорз адæм, фæлæ йын сæм æз мæхи æрхъуыды ныхæстæ – тæккæ ацы уысмыл, бауырнæд уæ, – æмхасæнау æфтауын:

*Цы зæгъинаг уыдтæ æмæ дын зæгъын та цы нæ бантыст, уый – ахсджиæгты ахсджиагдæр!* (Абон у дыццæг, 24 сентябрь, 2024 аз).



Кнут Гамсун

**Кнут Гамсун** (йе ‘цæг мыггаг Педерсен) (1859 – 1952) – йæ царды азтæм гæсгæ хорз ацард, æцæг фæстагмæ, «йæ кард къæдзилыл асаст», зæгъгæ, цы уавæрæй бакæнынц, афтæ рауад: зыдта йе сфæлдыстады бирæтæн тæхудиаджы бæрзæндтæ, стæй йæхи аххосæй йæ кад, йæ ном къæхты бынмæ ‘рхауд, зæххæй сисынмæ дæр нал бæззыд. Æрмæст ын уæддæр æмæ цыфæндыйæ дæр йæ тыхджын курдиат йæ тæригъæдтæ хатыргæнæг, сыгъдæггæнæгау басгуыхт.

Уæуу, цал ахъаззаг романы – аивадон цæстæй сæм кæсгæйæ – сфæлдыста, цал: «Стонг» (1890); «Пан» (грекъæгтæм хъæдты бардуаг) æмæ «Мистеритæ» (1894); драматикон трилоги «Паддзахиуæг кæныны къæсæр» (1895), «Царды хъазт» (1896), «Зæрæхсид» (1898); уыцы аз ма роман «Виктория» дæр, стæй цыппар азы фæстæ æмдзæвгæтæй фыст пьесæ «Мункен Вендт», дыууæ азы куы рауад, уæд та поэтикон æмбырдгонд «Хъæддаг зарæггæнджытæ»; 1906 азы – «Фæззыгон стъалыты бын», уæдмæ – «Бенони» (1908), «Æцæгæлон бæлццон цæгъды сусæгæй» (1909) æмæ ма лыстæгдæртæ; 1917 азы фыст роман «Зæххы сойтæ»-йы тыххæй йын æртæ азы фæстæ саккаг чындæуыд Нобелы преми. 1820 – 1830-æм азты фæд-фæдыл мыхуыры цыдысты романтæ: «Сылгоймæгтæ цъайы цур», «Фæстаг сæргонд», «Хæтæнхуæгтæ», «Август», «Афтæмæй цард та цæуы», «Цæг батымбыл» æмæ æппæты фæстагмæ – нæуæдзаздзыдæй! – чиныг «Хæмпæлæхгæд къахвæндæгтыл!»

(О, цæугæ-цæуыны: 91-аздзыд Хуыгаты хорз Сергейæн дæр абон «Мах дуг»-ы номырæй номырмæ мыхуыргонд цæуы йæ ног роман!).

Мæ дис Гамсуны «трудоголикыл» хохаг æнæфенды дисау нæу, фæлæ йын йæ уацмысты номхыгъд йæ академион биографийæ уымæн рафыстон æнæзивæгæй, æмæ та мæ фæджих кæной: ау, ахæм стыр фыссæг дæр куыд адзæгъæл дæлбыл тæссæртты фæндагмæ, куыд куырм æмæ къуырма разынд?!

Ау, уырысы тасæфтау фæдзæхст не ‘ппæтмæ дæр хауы: «От сумы и тюрьмы не зарекайся»?!

Йæ ном Кнут уырыссагау цы амоны, уый, цымæ, йæхæдæг зыдтаид?.. Фæуæд, фæлæ йæ хъысмæт йæ сабибонты, йæ тæккæ рæзгæйæ нымæтын ехсæй нæ, фæлæ ‘лхъывд быд гæрзыты ехсæй надта: раст-иу сыдæй-стонгæй мæлынмæ ‘рцыд. Æмæ рахау-бахау кодта æфсæстдæр цард агурæг, дыууæ хатты ма суанг Америкæмæ дæр афтыд, фæлæ йæхи тæригъæддаг мæгуыргуры бынатмæ никуы æруагъта: йæ мидæг сыгъд суинаг фыссæджы арт, йæ сæр ын бæрзæндты хæссæг, æндавæг æй.

Цæмæй фæхъауджыдæр иннæ дæсны фысджытæй, уый уымæй, æмæ уыд «уды биографи» бындуронæй – арф æмæ уæрæхæй – равдисынхъом, стæй тынг арæхст адæймаджы царды алы лыстæг хабæрттæ-детальтæ уынынмæ-фиппайынмæ; кадавар аивадон фæрæзтæ-ахорæнтæй йын æнтыст дзурын дæр æмæ бæрнонæй зæгъын дæр. Ног заманты цардæй йын хæстæгдæр кодта ивгъуыд дугты æнæхин, зæрдæргом цард, фæллойгæнджыты ‘хсæн ахастдзинæдтæ, æрдзимæ æнгом баст. Фæлæ…

Цыдæр æгъдауæй йæ нæ бафæндыд пролетарты уæлахиз, тынг дзы старст коммунизмæй дæр æмæ æнæнхъæлæджы фашизмæн фенхъæлдта бæллиццагдæр фидæн, æнæсайд царды æууæлтæ. Æмæ, немыц Норвеги куы бацахстой, уæд сæ фарсласæг фæцис…

Бабын кодта йæ бæрзонд ном, суанг ма йæ фæсхæст, куыд гадзрахатæй рацæуæджы, афтæ тæрхондоны раз дæр æрлæууын кодтой – æртæ азы фенхъæлмæ каст йæ хъысмæты хатдзæгмæ, фыста йæ былтæй фæсмойнагæй кæлгæ фæстаг уацмыс…

Нæ, нæ разынд норвегиæгтæм ахæм æгъатыр бел, цæмæй дзы сæ азимаг классикы баныгæной… Йæ уацмыстæ нымад æрцыдысты бæстæйы культурæйы хæзнатыл. 1959 азы йæ райгуырдыл 100 азы куы сæххæст, уæд ын æй кадджын уавæрты бæрæг кодтой, æцæг сæ йæ азым дæр рох нæ фæцис.

Уæдæ йын йæ фæсмæлæт йæ чингуытæй 15 томæй фылдæр рауагъдæуыд джиппы.

Цы загъдæуа кæронбæттæнæн, кæд – афтæ: йæ сызгъæрин фашистон фаджысы дæр нæ сызгæ…

Нæй, уæд та ма йæ фæсмойнаг рæсуг зондæй рантысгæ ныхæстæй æд базыртæ ницы ссардтон – Хуыцау сæ, ай-гъай, зоны.

*Фæлæ та уæддæр мах, мах – ирæттæ!.. Ромы Папæйæ католиктæдæр, Маркс-Энгельс-Ленин-Сталинæй дæр коммуністтæдæр: иугæр нæ ныхтæ искæй арф ныссадзæм, уæд ын Хуыцауы хатыр дæр нал бакæндзыстæм нæ фыдæхмæ здæхт зæрдæ æмæ хуыдалынг зондæй – мыййаг, цыдæр фæлмæнзæрдæ норвегиæгтæ куынæ стæм!*

*Уымæн, æмæ махæн Родина æмæ Государство, Райгуырæн бæстæ æмæ Паддзахад иу æмбарынад сты, тождественные понятия. Фæлæ – о! – иугæр æддагон знаг, цы паддзахады цæрын, уый ныхмæ у, уæд мæ Райгуырæн зæххы ныхмæ дæр у, æмæ мæ нæ хъæуы йæ тыхæйсадзгæ, бегарагондау дзæнæт дæр!*

*Уыйадыл никуы уыдзынæн йæ фарсласæг, æцæг, кæд хæсты размæ Паддзахад мæ зæрдæмæ нæ цыд, нæ мæ хъуыд йæ алы фæтк, æгъдау, закъæттæм гæсгæ, уæд мæ уыцы æрбалæбурæг знагыл фæуæлахизы фæстæ дæр нæ хъæуы. Уымæн мæ нæ хъæуы, æмæ ницæмæй фæзæрдæзæгъгæдæр. Уый нæ, уый, фæлæ ма фæкарздæр, фæналатдæр, æгъатырдæр фæцис: уæззау цæфтæй, науæд та, æндæр гæнæн ын нал уыд, афтæмæй уацары чи бахауд, уыдоны Сыбыры бинаг къæйы хай кодта, ногæй та алы мидызнæгты мысыд æмæ сæ дзырдхæсджыты цинæн ахста æмæ сæфта, колхозонæн та йæ гражданины паспорт дæр нæ аккаг кодта...*

*Фæлæ мæм уæддæр Гогки гадзрахатæй цæуæгыл нымад нæу ахæм паддзахадыл дæр, кæд æцæг хъæбулы уарзтæй йæ æбар Райгуырæн бæстæ уарзта, уæддæр. Сси, мæнмæ гæсгæ, «невозвращенец». Æрмæстдæр. Стыр зонды хицауæй стыр ахуыргонд дурæхсæнæй дæр не ʻрбахста, цы паддзахад нæ уарзта, уый! Æви? И?*

*О, ныффыста, дам, чиныг «Сталин у хæст», зæгъгæ, англисагау, æрмæст тæлмац нæу уырыссаг æвзагмæ, фæлæ цæхæрзæрдæ æмæ фыцгæзонд патриоттæ суанг хатиагау-китайагау дæр зонынц!*

*Нæй, нæ ивы нæ мидæг, нæ миддуне: дзырдыскъæфы дам-думæн та – фыццагон кад: уыцы фыссæгæн, дам, цы цæсгом, цы фынæй зондæй дæттут Хетæгкаты Леуаны фырт Къостайы ном хæссæг литературон преми, кæд æмæ уый уæлæрвтæм систа æмæ йæ дæлдæр нæ уадзы йæ Райгуырæн бæстæ уæйгæнæг Гогкийы, уæд, и, и, и?! Кæд æз мæхæдæг та графоманты бынæйласгæдæр графоман дæн, уæддæр æз ПАТРИОТ дæн, æмæ мæнæн æмбæлы уыцы тæригъæдджын хæрзиуæг!..*

*Мӕнмӕ, Гусалты ӕлгъыст Барисмӕ гӕсгӕ та дзырдхӕссӕг, нымудзӕг суанг гадзрахатӕйцӕуӕгӕй дӕр ӕлгъагдӕр ӕмӕ тӕссагдӕр у!*

## ИНДИАГ ЛИТЕРАТУРӔ

Ӕргом басӕттын хъӕуы ууыл, ӕмӕ нын ӕртӕминазыккон литературӕйыл бӕстонӕй, бинонығӕй афӕлгӕсын кӕй нӕ бантысдзӕн. Уӕвгӕ та, мыййаг, наукон фӕллойыл фыдӕбонгӕнӕг куынӕ стӕм…

Уартӕ Чырыстийы Райгуырдӕй дӕр ма мингай азтӕ раздӕр, Ведӕты заман, йе сфӕлдыстадон ӕвзаг уал уыд – ныр мард ӕвзаг – санскрит, стӕй куыд фӕстӕмӕ райрӕзтысты алы адӕмыхӕттыты ӕвзӕгтӕ – каннада, телугу, малаялам, ассаймаг, бенгайлаг, гуджаратаг, пенджабаг, урду ӕмӕ ӕндӕртӕ. Хинди та сси паддзахадон ӕвзаг. Алы ӕвзагыл дӕр дзы сӕвзӕрд йӕхи литературӕ – 16 онг…

Поэзи уыд сӕйрагдӕр, прозӕимӕ абаргӕйӕ, уалынджы фӕзынд ног жанр – чампу, поэзи ӕмӕ прозӕ иу уацмысы мидӕг ӕмхӕццӕтӕй. Фысджытӕн та ранымайӕн дӕр нӕй, уыйбӕрц сты алы жанрты дӕр, сӕ темӕтӕ ӕмӕ геройтӕ дӕр – сӕ рӕстӕджы минӕвӕрттӕ, хуызтӕ ӕмӕ цот. Раст ма сӕм англисаг ӕмӕ персайнаг ӕвзӕгтыл дӕр фыстӕуыд аивадон уацмыстӕ.

Нымад, хъуыстгонд-зындгонд, номдзыд, стыр фысджыты ‘хсӕнӕй дӕр иутӕ хъулондӕрӕй, уӕллоздӕрӕй зынын райдайынц – генитӕ ӕмӕ титантӕ.

Индиаг литературӕйы уыцы ном ӕрхаудта Тагормӕ. Кӕд раст уон, уӕд иунӕг уый у Индийы Нобелы премийы лауреат (1913 аз, ӕмдзӕвгӕты ӕмбырдгонд «Гитанджали» – «Нывондаг зарджытӕ»-йы тыххӕй). Йе ‘мдзӕвгӕ «Джанаганамана» (Адӕмы уд») та у абон дӕр Индийы национ гимн.

Тынг раджы йын бадардтон мӕ зӕрдыл йӕ цалдӕр рӕнхъы:

*Горы, горы…*
*Воздетые руки*
*Изумленной земли.*

Стӕй ма йӕ ахӕм фӕдзӕхст-ныстуан дӕр:

*– Цасдӕриддӕр дыл куыйтӕ рӕйы, уыдонӕн се ‘ппӕтыл дӕр дуртӕ куы ‘хсай, уӕд дӕ нысанмӕ никуы бахӕццӕ уыдзынӕ!*



Рабиндранат Тагор

**Рабиндранат Тагор** (Тхакур Робиндронатх) (1861 – 1941) – нæ йын зонын йæ бæлвырд бындур, фæлæ мæм цыдæр æгъдауæй йæ бакаст, йæ уынд, йе сконды æууæлтæй тынг ирон æнгæс кæсы, уæдæ йæ уацмысты бенгайлаг сæргæндтæ дæр æхсызгон зæлланг кæнынц, æмæ сæ-иу афтæмæй, гæнæн кæм уа, уым æрхæсдзынæн…

Хъæздыг лæджы хæдзары райгуырд ацы лæппу, ноджы ма йын уыд курдиатджын æфсымæр, фыссæг æмæ музыкант Джотириндронатх æмæ уый бинойнаг Кадомбори Дебри, аивадыл æнувыд сылгоймаг.

Йæ мадæлон æвзаг Рабиндранатæн уыд бенгайлаг, æмæ фысгæ дæр ууыл кодта, кæд англисаг дæр иттæг хорз зыдта, уæддæр. Æрмæст ыл 14 азы сæххæст, афтæмæй газеты фæзынд йе 'мдзæвгæ «Индусаг армукъайы лæвар». Йæ хæдфæстæ мыхуыры цыдысты поэмæ, радзырд æмæ æрдæгфыст романæй сæргæндтæ, фæлæ аивадон дзырдæн нырма йе 'мгæрæтты йеддæмæ нæма ауадысты…

Иу аз – 1878 азæй фæстæмæ – фæцис Англисы, литературæ æмæ музыкæмæ йæ хъус дардта, фæлвæрдта дзы цыдæртæ, йæ райгуырæн бæстæмæ куы раздæхт, уæд 1881 азы сфæлдыста музыкалон драмæ – баиу дзы кодта индиаг националон цæгъдтытæ æмæ ирландиаг адæмон зарджытæ; мыхуыры фæзындысты йæ фыццаг хæдхуыз æмдзæвгæты æмбырдгæндтæ «Шонддхар шонгит» («Изæрон зарджытæ»), «Пробхат шонгит» æмæ ма ноджыдæр дыууæ чиныджы. Ныфс æмæ цардбæллон хъуыдытæй дзаг. Раст уыцы азты – куыд ын æнтыст, уый дæр æнæдиссаг нæу – ныффыста историон дыууæ романы: «Бибхийы былгæрон» æмæ «Раджа – зонды къуыбылой». Уыдоны фауы тирани æмæ сиды æнæ тыхми тохмæ – Махатмæ Гандийау.

1990-æм азты ныффыста йæ хуыздæр уацмыстæ – радзырдтæ æмæ поэтикон циклтæ, ноджы ма англисагау дæр æмдзæвгæтæ – æмбырдгонд «The gardener» («Дыргъдонгæс»). Кусы журнал «Шадхона»-йы («Цардвæлтæрд») редакторæй, йæ аивадон æр-

мæджытæ, публицистон æмæ дзы литературон-критикон уацтæ мыхуыр кæны. Йæ фыдæлты бæстыхай Шилайдехойы æрцард æмæ зæхкусджыты царды фадæттæм æдзынæгдæр кæсын райдыдта – ницæмæй дзы рухсзæрдæ кæны, йе сæфт уыны, хъæздгуытæ куыд æгъатыр æмæ æнæфсис сты, уымæй; разы нæу, адæм рагон æгъдæуттыл æнæрхъуыдыйæ дæвдæг хæст кæй сты, уымæй дæр. Æмæ йæ уæдыккон уацмысты бæрзонд исы уарзондзинад, æууæнк кæрæдзийы ‘хсæн ахастыты, иу адæймаг цæмæй иннæмæ фæлмæнæй кæса, уæзданæй, æмбаргæйæ. Уæлдай мастдæр ын у сылгоймаджы уавæр – уый фылдæр, уæззаудæр æфхæрд æййафы адæмы дæлдæртæ-уæлдæртæй, кастæтыл дихгонд æууæлты. Йæ радзырд «Мэгх о роудро» («Рухс æмæ аууæттæ») у колониалон æцæгдзинады уæрæхæй æвдыст ныв.

Хицаугæнджытæ, цы сæ фæнды фыдракæндтæй, уый кæнынц, бенгайлаг чиновниктæ Англисæй æрвыст хицауады раз сæхи цагъайрæгтау дарынц, сты удаист, тæппуд, хуымæтæг адæмы уæнгты дæр тас бацыд, фæстæмæ сдзурын дæр нæ уæндынц.

Йæ поэтикон æрмдзæф арæхстджынæй-арæхстджындæрмæ цæуы, йе ‘мдзæвгæтæ дзаг сты лиризмæй, арф философон хъуыдытæй. Бенгайлæгтæм æргом сиды, цæмæй пъæззыйæ се уæнгтæ суæгъд кæной, райхъал уой, тиранийы ныхмæ тохы сæ тыхтæ баиу кæной. Йæхæдæг æнцой нæ зоны: сфæлдыстадон хъазуатон куыстæй уæлдай ма хъæппæрисджынæй архайы æхсæндзарды хъуыддæгты дæр. Калькуттæмæ æввахс ран йæхи скъола байгом кодта æмæ дзы у ахуыргæнæг дæр – уый та раст Лев Толстойау.

1902 азы йыл уæззау зиантæ æрцыд: амард йæ бинойнаг, уый хæд фæстæ та – йæ чызг, уалынмæ та йæ фыд æмæ йæ 13-аздзыд фырт дæр ахицæн сты. Зæрдæдзæф кæд фæцис, уæддæр йæхимæ нæ ныхъхъуыста, ныр та национ хæдбардзинадыл тохгæнджыты рæнхъыты ис, митингты раныхас кæны, фыссы патриотон зарджытæ – сæ иу «Амар шонар Бангла» («Мæ сызгъæрин Бенгали») ссис Бангладешы гимн. О, фæлæ сæ тохы тыхгæнды сидтытæ хъуысын куы райдыдтой, уæд Тагор йæхи фæиуварс кодта – куы йæ зонæм, уый ахæм хуызы архайдимæ разы кæй нæ уыди…

Нобелы номыл преми литературæйы сгуыхтдзинæдты тыххæй куы райста, уæд йæ кад æппæтдунеон сси. Йе ‘мдзæвгæты ног циклы

«Болака» («Зырнæджыты тахт») фыст у, дунейы адæмты хъысмæтыл мæты бацæугæйæ. Ахæм стыр сагъæсы йæ бафтыдта Фыццаг дунеон хæст, стæй йæ балц Англис æмæ Америкæмæ:

*Прошлое осталось позади,*
*Ночь кончалась;*
*Преодолевая смерть и горе,*
*Забрезжила заря нового века…*

Тагор 1920-æм азты дæр – сæ национ хæдбардзинады сæраппонд тохы архайæг, уымæн, æмæ, дам, нæ лидертæ не 'мбарынц фæллойгæнджыты царды нысантæ, стæй, дам, уыцы цытджын тох иуæй-иутæ сæхирдыгонау зыгъуыммæтæ кæнынц, хæссынц æм шовинизмы домæнтæ, дины фанатизм. Æппæт бæллæхты бындур та уый хоны, æмæ адæм талынгзонд кæй сты. Æмæ ныр та йе скъолайы бæсты университет байгом кодта – ныртæккæ уый у Индийы уæлдæр ахуыргæнæндæтты сæйрагдæртæй.

Азтæ дæр кæд сæхионтæ кæнынц, Рабиндранат зæры кары ис, уæддæр, æнцад-æнцойæ сбада, уый нæй: зилы бæстæтыл: ногæй та – Англис æмæ Америкæйы Иугонд Штаттæ, Германи, Франц, Итали, Япон, Китай, Аргентинæ, Скандинави, Чехословаки, Венгри, Болгари, 1930 азы та – Советон Цæдис. Æмæ йыл куыд ис дисæй æнæ мæлгæ?! Алкæм дæр æй нымадæуы Индийы бæрнон минæварыл.

Кæд къаддæр æргом здахы сфæлдыстадмæ, уæддæр, цы йын бантысы, уыдон – хорз æмæ ахадгæ: лирикæйы æмбырдгонд, аллегорион драмæ, публицистикæ… Нымад азтæ рауад, æмæ та æвæллайгæ у йæ фыссæн сис – фæд-фæдыл джиппы уагъд цæуынц уацаутæ æмæ романтæ Инди æмæ дунейы змæст царды тыххæй, фæсивæды хъысмæтыл, тох кæныны хуызтыл, бинонты 'хсæн ахастытыл, фашизмы ныхмæ. Йæ иу уацы – «Цивилизацийы куырмæлхынцъ» – пехуымпарау зæгъы: «Я слышу, как грядет новое человечество».

Йе сфæлдыстады тыххæй уыйбæрц загъд æмæ фыст и Тагорæн, æмæ – æмбисондæн хæссинаг. Адæмон зарджытæ фæзмынгæйæ, айдагъ зарджытæ сарæзта мины бæрц, бындур сæвæрдта радзырд, психологон роман, æмдзæвгæты æгъдæуттæ æмæ хуызтæн бенгайлаг литературæйы.

Алывæрсыг уыд йæ курдиат: нывкæнынады йæ бынтæ сты æнæхъæн дыууæ мин куысты. Иумæйагæй Рабиндранат Тагоры тыххæй афтæ зæгъын æмбæлы, æмæ цардыл зарæггæнæг кæй уыд, нывылгонд цардыл, æнæхæрам зонды хицау адæймагыл бæрзонд аивадæй фæлыст Дзырды фæрцы.

Æмæ куыд хъуамæ ма баззадаид ахæм лæджы фæстæ фæдзæхстытæ, ныстуантæ, зондæй гæрзарм ныхæстæ дæр!

*Мæлæт у, мæнæ хурыскастыл цырагъ куы нал хъæуа, уыйау, хур та нæ ахуысдзæн.*

* * *

*Адæймаг йæхимидæг йæхицæй систæ амайы – нæ йæ фæнды, æцæгдзинадæй та, чи у æмæ циу, уый уынын. Стæй ма йæхæдæг йæхицæй дæр тæрсгæ кæны.*

* * *

*Хъæрахстгæнæг дзыллæйы ‘хсæн уымæн смидæг вæййæм, цæмæй нæм нæхи æфсармы ниуд мауал хъуыса.*

* * *

*Тарф фынæйæ мæ фыны уыдтон, цыма цард у циндзинад. Æз фехъал дæн æмæ йæ уæд бамбæрстон: цард у хæс. Æз дын уæд æнувыдæй фæллой кæнынмæ бавдæлдтæн æмæ йæ уæд бамбæрстон: хæс у циндзинад.*

* * *

*Алы рæдыды размæ дæр дуар куы сæхгæнай, уæд рæстдзинад дæр уынджы къæйыл баззайдзæн.*

* * *

*Исчи сæ æрттиваг хъæндилтæ схондзæн, зæгъгæ, стъалытæ уымæй нæ тæрсынц.*

* * *

*Исты хорз куы ракæнин, зæгъгæ, иудадзыг ууыл чи хъуыды кæны, уымæн рæстæг нал вæййы, цæмæй æцæгдæр исты хæрзгæнæг фæуа.*

* * *

*Рæстдзинад къæдз-мæдзытæ донвæдты лæгæрды.*

* * *

*Цы тæхудиаг у, цы, йæ кад рæстдзинады аккаг кæмæн у!*

О, хæдæгон, Тагор ма уыд композитор дæр, хъазыд сценæйы, касти лекцитæ, йе 'мбæстонтæ йæ схуыдтой Кобигуру, ома Поэт-ахуыргæнæг. Ӕдæппæтæй йæ романтæ сты 12, æмæ сæ тæккæ хъуыстгонддæр та у «Гора». Йе 'мдзæвгæты нымæц та схæццæ 50 æмбырдгондæй фылдæрмæ. Кæд Горький афтæ загъта: «Человек – это звучит гордо», уæд индиаг литературæйы та фыццагдæр адæймагмæ йе 'ргом Рабиндранат аздæхта, уымæн, æмæ, дам, «Адæймаг у дунейы диссæгтæй æппæты диссагдæр».

Йæхи дæр ын поэт-гуру схуыдтой æмæ ахæмы – поэт-ахуыргæнæджы – нысан уый мидæг уыны: Борис Пастернакы тæлмацгондæй йын скъуыддзаг æрхæссæм йæ иу æмдзæвгæйæ:

*Но влагой знания ты щедро освежи*
*Пустыню зла, невежества и лжи –*
*Источники таятся в целине.*
*Ты дай подняться им, дай им забиться*
*сильней,*
*Они тебя взрастили и вспоили,*
*Так сделай так, чтоб жажду утолили*
*Все жаждущие долгие года.*

## КИТАЙАГ ЛИТЕРАТУРÆ

Хæлæггаг миниуæг нын у дис кæнын, стæй… Стæй, цыдæр нын зæрдæрæхойæн хъыг кæй вæййы – хæлæджы охыл, уый дæр Фыссынады бындурыл Китайы литературæ уартæ 3 (æртæ!) мин азы размæ кæй æрфидар – хæлæггаг диссаг: скифтæ дæр – нæ комкоммæйы фыдæлтæ – тынг рагон знæм куы сты, размæцыд адæм, айдагъ сæ сызгъæринæй куыстытæ дæр дуне цымыдисаг куы кæнынц бирæ æнусты дæргъы, уæд китайæгтæй – семæ æнæ æмбæлгæ нæ уыдаиккой алантæй дæр раздæр – уæд уыдоны фыссынадæй сæхи цæуылнæ исты бакодтой?..









**Конфуций** **Цюй Юань** **Ван Вэй**

Уый дзы зæрдæ у, зæрдæ, Китайæн – мингай азты уыцы цау бонгай дæ зæрдыл дар, ма дæ рох кæнæд – Уæрæсейы ТВ дын 2024 азы сентябры кæрон бон кæд æмæ схуыдта юбилейон бон: Конфуцийы райгуырдыл сæххæст 2575 азы!

Йæ мад – Чжэн-цзай, Янь – йæ мыггаг; фыд Шулян-Хэ, хъæбатыр хæстон лæг, уæйыгæмдых, дам… Сæ фыртыл, куы райгуырд, уæд ном сæвæрдтой Цю Ни – уыдон та сты, цы хохыл куывтой, цæмæй сын Арв фырт ратта, уыцы хохы кадæн. Фæстæдæр æй схуындæуыд Чжун-ни. Йæ æнусон ном та у йæ рагфыдæл Кун-фу-цзяны ивд номæй гуыргæ: Confucius! Конфуций.

Куыдфæстæмæ райгуырд йæ ахуырад дæр – конфуцианство… Æмæ йын йæ бирæ фæдзæхстытæ, зонджын ныхæстæй рагагъоммæ истытæ равзарæм хæрз цыбырæй…

*Уарзондзинад æлдариуæг кæм кæны, уыцы хъæуæй дзы тæхудиаг хуыздæр нæй.*

* * *

*Царды мидис райсомæй чи бамбары æмæ базоны, уый изæрæй æвæсмонæй ахицæн вæййы.*

* * *

*Адæм дæ кæй нæ зонынц, ууыл мæтгæнæг ма у, фæлтау удхайраг у, адæмы кæй нæ зоныс, уый фæдыл.*

* * *

*Фыццаджы ӕгъдӕуттӕ дӕр чи зоны ӕмӕ ногтӕ дӕр зындгонд кӕмӕн сты, ӕрмӕстдӕр уымӕн ӕмбӕлы искӕй ахуыр кӕнын.*

* * *

*Дӕ хӕс куы зонай ӕмӕ йӕ ӕххӕст та куынӕ кӕнай, уӕд дын уый – тӕппуддзинӕдты ӕвзӕрдӕр.*

* * *

*Хатыргӕнӕг дӕ вӕййы уарзӕг дӕр ӕмӕ дӕ йе сӕфт уынӕг дӕр.*

* * *

*Уӕздан лӕг, адӕмӕй цы хӕсджын у, уыл хъуыды кӕны, сау лӕг та, кӕцӕй цы ратона, уыл.*

* * *

*Ӕмбыд хъӕдӕрмӕгӕй хӕдзары дзаума куыд нӕй скӕнӕн, афтӕ нӕй цъар ӕвӕрӕн сӕнӕрттӕй амад къулӕн дӕр.*

* * *

*Зонджыны ис зондӕй баййафӕн, фӕлӕ тынг сӕрхъӕнау та никуы ныссӕрхъӕн уыдзынӕ.*

* * *

*Ӕппӕтӕй уӕлдӕр ӕвӕр иузӕрдион уаг ӕмӕ ӕнӕхин уаг, ӕппын ницӕмӕй дӕр дӕ хуызӕн чи нӕу, уыдонимӕ хӕлар ма кӕн; иугӕр фӕрӕдыдтӕ – ма тӕрс сраст уӕвынӕй.*

* * *

*Ӕнӕнымӕц ӕфсадӕн байсӕн ис сӕ сӕргълӕууӕг балхоны, фӕлӕ хуымӕтӕг лӕгӕн та нӕй байсӕн йӕ хивӕнд.*

* * *

*Хурыскӕсӕн у рухс ӕмӕ царды гуырӕн.*

* * *

*Цард циу, уый куынӕ зонӕм, уӕд, мӕлӕт циу, уымӕн цы ‘мбарӕм?*

* * *

*Адæмы æууæнкæй æнæ хай хицауад цæрæццаг нæу.*

* * *

*Разамынд уæд вæййы разамындау, æмæ паддзах паддзах куы уа, министр – министр, фыд – фыд, фырт та – фырт.*

* * *

*Уæздан лæджы хæрзтæ сты дымгæ, сау лæджы бæрджытæ та – кæрдæг, гъемæ дымгæйæн кæрдæг йæ хæтæн куы уа, уæд ын æнæ æртасгæ нæй.*

* * *

*Хорз лæг авд азы дæргъы адæмæн сæ ахуыргæнæг куы уа, уæд ахæм адæмимæ хæстмæ цæуæн ис.*

* * *

*Мæгуыр уæвгæйæ, хъаст ма кæн – уый зын у; бонджын у, æцæг хъал ма у – уый æнцон у.*

* * *

*Фæйнæ зонды хицау адæмæн иумæ кусын не 'мбæлы.*

* * *

*Дзырдæй æрмæстдæр уый домдæуы, цæмæй йæ бамбарæн уа.*

* * *

*Сылгоймаджы басæттын, стæй дæ фæсдзæуины дæр тынг зын у. Æрбахæстæг сæ кодтай дæхимæ, – коммæгæс нал сты, адард сæ кодтай, – хъаст-хъыллист райдайынц.*

* * *

*Конфуцийы æрвыст дæ, зæгъыс? А-а-а, мæнæ дунейы скондæн аивæн кæй нæй, уый чи зоны, фæлæ йæ уæддæр аивын чи фæлвары, ды уымæй зæгъыс, нæ?..*

* * *

*Кæд талынгæй дæ удхæссæг уыныс, уæд иу чысыл сойын цырагъ уæддæр ссудз!*

* * *

*Кæд дæ бæрны Дзырд нæй, уæд цæй фæрцы базондзынæ æндæр адæймаджы?*

* * *

*Æрмæстдæр рухс зонд æмæ талынг зонд нæ ивынц. Хорз лæг азымы йæхи дары, æвзæр та – искæйты.*

* * *

*Йæхи цæсты чи ахады, ахæм лæг искæй фæдыл цæуæг нæу.*

Китай… Айдагъ фæлварынмæ дæр – йæ литературæйы 3 мин азы дæргъы къабæзтæ æмæ хуызтыл, æппæт зындгонд фысджыты номхыгъдтыл аххæссын, мæ зонд сыл байтындзынмæ мæ ныфс нæ бафæлвардзынæн: мæ бон дæр нæу, мæ хæс дæр æй нæй схонæн, ацы куысты хъæугæ дæр, раст зæгъгæйæ, нæ кæны…

Сæ иероглифтæ фыстой стджытыл, уæртджын хæфсыты гоппытыл – уый Чырыстийы Райгуырдæй 18 æнусы раздæр, стæй та – бронзæйыл. Китайаг литературæйы фыццаг аивадон уацмысыл нымад у «Шицзин» («Зарджыты чиныг»), æмæ, дам æй æххæстæй бацæттæ кодта Конфуций – цардис 551–479 азты нæ дуджы агъоммæ.

Куыд поэт, зæгъгæ, афтæ зындгондæй баззад Цюй Юань – райгуырд, ног нымадмæ ма 340 азы куы хъуыдис, уæд. Стæй поэттæй дæр йæ къух йæхимæ кæмæн батасыд фыццагдæр, уый дæр уый уыдаид – йæ ныфс цы фидæнæй æвæрдта, уымæй фыдæнхъæл куы фæцис, уæд…

Прозæ райрæзт историон литературæйы фæрцы. Тынг зындгонд уыд историк-фыссæг Сым Цян, ноджы ма – стыр философ дæр. Æппæтæй номдзыддæр поэт та уæды дуджы – ног V æнусы – у Тао Цянь. Иннæты разæй хуымæтæг фæллойгæнæгæн кад кæнын уый райдыдта йе ’мдзæвгæты, арф-иу хъуыды кодта царды нысаныл, чи у æмæ цы у адæймаг, уыдæттыл.

VIII æнусы йæ ном айхъуыст Ван Вэйæн – поэт, нывгæнæг, музыкант æмæ каллиграфæн. Йе ’мдзæвгæтæй бирæтæ зарджытæ систы, куыдфæстæмæ йе сфæлдыстадыл буддизмы тæваг бæрæгдæрæй зынын райдыдта, фæлæ æлдариуæггæнæг хицаудзинады ныхмæ дæр

сатирæ фыссын уæндыд. Йе стырдæр æнтыстыл ын банымадæуыд йæ пейзажон лирикæ, æрдзы тыххæй куыд диссаджы хуызы фыста, уый.

Ай дæр æмæ ма поэттæ Ли Бо, Ду Фу, Хань Юй, Ли Хэ, Су Ши, Лу Ю, Ли Цин-чжао æмæ æндæртæ къордæй бæрзонд систой китайаг литературæйы ном.

Хъуыдыгæнæг адæймагæн кæддæриддæр цæрын æнцон нæ уыд, уымæн æмæ йæхæдæг дæр йæхицæй ахсджиаг цыдæртæ фæдомы, иу заман æй афтæ басæттын дæр бахъæуы, «в жизни счастья нет, но есть покой и воля» (уæхæдæг ма сæ базонут, кæй ныхæстæ сты, уый), зæгъгæ. Æмæ уартæ йæ рагон дуджы дæр Ван Вэй, сабыр, хибар цардмæ тырнгæйæ, фыста:

*С каждым днем не слабей*
*Любовь и привычка к родне...*
*С каждым днем все сильней*
*Стремленье к покою во мне.*
*Немного еще –*
*И в дорогу пуститься готов.*
*Неужель дожидаться*
*Прихода вечерних годов?..*

Китай адæмон республикæ куы сси 1949 азы 1 октябры, уæд сæм зынын райдыдтой литературæйы ног хуызтæ æмæ жанртæ дæр – зæгъæм, сывæллæтты литературæ, чысыл адæмыхæттыты чингуытæ, фысджыты бынтон нæуæг нæмттæ: монгойлæгтæ Малчинху, Сайнцогт, Уланбаган, уйгурæгтæ Алиев (!) æмæ Хадыр, казахаг Джакулин, чжуайнаг Лу Ди, Ли Цяойæн та йæ адæмыхатт иунæг дамгъæ амоны: «И»-аг.

Абон Уæрæсейы Федерацийы китайаг æвзаг сахуыр кæнынмæ бирæтæ фесты æргомыздæхт. Стæй нын цыма алы хуызы дæр ныфсæвæрæг хæлар паддзахадау у. О Хуыцау, кæддæрау та æцæг нæ мыды къæм ма бахауæд!..

Оммен зæгъут!

## ЛАТИНАГ АМЕРИКÆЙЫ ЛИТЕРАТУРÆ

Цалдæр хæдбар, сæхи культурæ æмæ аивадимæ бæстæйы сты: Бразили, Мексикæ, Аргентинæ, Уругвай, Перу, Чили… Æмæ дзы

алкæй литературæйы рæзт кæй нæ æвзардзыстæм, уый дæр та хатыргонд уæд. Æнæ хæрамгæнгæйæ, мæнæ ацы фысджыты ранымайæм мах дæр – иннæты сæрты, дам, кæсынц, зæгъгæ, æрфидар ахæм хатдзæг:

**Жорж Амаду** (1912 – 2001) – Бразили;

**Хорхе Луис Борхес** (1899 – 1986) – Аргентинæ;

**Хулио Кортасар** (1914 – 1984) – Аргентинæ;

**Пабло Неруда** – йæ æцæг ном та у Нефтали (1904 – 1973) – Чили;

**Алехо Карпентьер** (1904 – 1980) – Кубæ. (О, о, кубæйаг фыссæг у, кæд йæ фыд францаг у, йæ мад та уырыссаг, уæддæр!);

**Габриэль Гарсиа Маркес** (1928 – 2014) – Колумби.

Æз ма сæм мæхи «хардзæй» æфтауын мексикæйаг поэт **Октавио Пасы** (1914 – 1998), 1990 азы Нобелы премийæ хорзæхджынгонды.

Ныр та афтæ: се 'ппæтыл дæр хæрз цыбырæй афæлгæсдзыстæм, уымæн æмæ, йæ хъус литературæмæ чи дары (Хуыцауы диссаг!) æмæ чи дардта, уыдонæн хорз зонгæ сты, Октавиойы сфæлдыстадæн та мæхæдæг дæр ницы зонын – кæй бахъæуа, уый йæ æппæтзонæг Интернетæй базондзæн: уыйбæрц уæ алчи дæр уырыссагау æмбары…



Жорж Амаду

**Жорж Амаду** советон рæстæджыты уыди тынг нымад, бæрзонд æвæрд фыссæг – æмæ куыд хъуамæ ма уыдаид: коммунист у!.. Ноджы ма йæ политикон зондахасты тыххæй ахст дæр фæци, цалдæр хатты эмигрант, Францæй йæ фæсырдтой, чысыл ма бахъæуа, æмæ Сталины æфхæрæн бонты ма суа сæ амæттаг, Чехословакийы уæвгæйæ. Уæдæ йæ уарзон фысджытæ дæр советонтæ уыдысты: Фадеев, Серафимович, Гладков, Шолохов…

Йæ фыццаг романтыл дæр уыдоны ахадындзинад æргомæй фæзынд – «Какао», «Сур хид», «Жубиаба» – расизмы ныхмæ арæзт. Йе сфæлдыстады фылдæр хай у социалон-политикон темæтæн нывонд («Мард денджыз», «Змисы капитантæ», «Æнæкæрон зæххытæ» æмæ æндæртæ). Фæлæ ахсджиагдæрыл цыфæн-

дыйæ дæр нымадта йæ адæмы национ характер ирдæй сныв кæнын – дыууæ уацауы иу цъары тыхтæй «Зæронд денджызонтæ», роман «Габриэлæ», «Æмбæхст сæрибар»…

Йæ царды кæрон фæфæсмойнаг, хорз идеологийыл хæст кæй нæ уыд цард-цæрæнбонты, уый тыххæй, æмæ загъта: «Коммунистон идейæ сæрибар æмæ амондмæ хонæг нæ разынд, фæлæ тиранимæ…»

Кæд æвæсмойнаг уарзтæй исты уарзта, уæд йæ райгуырæн сахар Баияйы. Куыд уыд æмæ цы уыд, уымæн аивæн нал ис, æнæдызæрдыггаг у уæддæр æмæ уæддæр йæ курдиат, цымыдисæй кæсинаг – йæ уацмыстæ, уæлдайдæр – змисы капитанты тыххæй æмæ «Дона Флор æмæ йæ дыууæ лæджы»…


**Хулио Кортасар**

…Куыд нæ уыд, куыд нæй, стæй ма куыд нæ уыдзæн ахæм фысджытæ, æмæ чиныгкæсæджы сæ фысты хъæдæй, сæ уацмысты мидамад-композицийæ, сæ хъуыдыты зилдухæй, сæ сюжетты къуырмæлхынцъытæй дисы æфтауджытæ. Æмæ ахæм «æнахуыр» дзырды дæснытæй иу у **Кортасар**.

Ахæм фыдыздыхтытæ чингуытæ чи уарзы æмæ йын сæ ныронг чи нæма бакаст, уый сæ бацагурæд: радзырдтæ «Бестиарий», «Фыстæг Парижмæ», «Кæмæддæрæгон», «Æндæр арв», «Дæлимоны сæт» – амæ гæсгæ италиаг стыр кинорежиссер Микеланджело Антониони систа йæ зындгонд киноныв «Блоу-ап», – романтæ «Классиктæй хъазт», «Рамбылдтытæ» æмæ ма йæм ис ахæм уагыл фыст уацмыстæ ноджыдæр.

Æз чи дæн мæхæдæг, уый нæдæр фантастикæ бауарзта, нæдæр «ужастиктæ» кæнæ Хулиойы фыдыздыхт фыстытæ. Дунейыл хъуыстгонд автор та æнæмæнгæй у…

**Пабло Неруда**

…Швецийы академи йын литературæйæ Нобелы номгæнæг æмæ цытджынгæнæг преми куы саккаг кодта 1971 азы, уæд дын йæ официалон разныхасы йæхи тыххæй куы зæгъид: «Кæд искæй зæрды æрæфта Нерудайы поэзийы исты аиппытæ раиртасын, уæд æй уый



**Пабло Неруда**

охыл бирæ рæстæг хардз кæныны сæр нæ бахъæудзæн. Кæд, куыд тыхджын у йе ‘рмдзæф, уый базонынил уа йæ мæт, уæд та йæ æвæстиатæй банкъардзæн».

Хорз цы нæу уæвгæ та, ууыл дæр æргомæй басæттын æмбæлы: дæхи ма лæмар Поэты тыххæй исты ахæм æмбарæн кæнæ стауæн-æппæлæн ныхæстæ зæгъынмæ фæлтæрæнтæй – кæддæриддæр йæхи бæсты дæр æмæ критикы бæсты дæр йæ Поэзи хорз арæхсдзæн дзурынмæ дæр æмæ зæгъынмæ дæр:

*Если бы желтым мгновением ты не была,*
*мигом, когда по плющу поднимается осень,*
*если бы ты не была хлебом, который луна*
*так ароматно печет, по небу муку*
*рассыпая,*
*ах, дорогая, я не любил бы тебя!*
*Я обнимаю в тебе всё, что вокруг*
*существует:*
*время, песок, ароматное древо дождя.*

Уый кæуылты уарзондзинады лирикæ у, уый! Фæлæ поэты зæрдæйы Испани дæр ис, æмæ уым та:

*Вы спрашиваете, почему я не*
*Говорю*
*о мечтах,*
*о листьях,*
*о больших вулканах моей земли?*
*Смотрите: на улице кровь.*
*Смотрите:*
*кровь*
*на улице!*

Æмдзæвгæ хуыйны «Инæлæрттæ – гадзрахатæйцæуджытæ». Дуне

дургай-мургай згъæлæнтæ кæны, Испанийы цæуы мидхæст, амардæуыд Паблойы хуыздæр хæлар Гарсиа Лоркайы… Æмæ Поэт йæ къух систа, уæды онг цытæ фыста, уыдоныл – ныддæрзæг, нызгæхæрд йæ хъæлæс.

Фæлæ та цард цæуы, хур тавы, уалдзæг сабийау æнæмæтæй худы. Поэты уд дæр та стæфсы, цæры йæ райгуырæн Чилийы Сабыр фурды Океаны былгæрон æмæ иу иннæйы фæдыл сфæлдисы одæтæ: Атомæн, Уæлдæфæн, Цардæн, Хъæдæрмæгæн, Былгæроны кактусæн, Цæххæн, Хурæн…

Иу стыр поэт – Тютчев – загъта: «Все во мне, и я во всем…»

Иннæ стыр поэт – Неруда – загъта: «Все вещи в мире полны моею душою».

Хорз фыссæг дæр загъта – Андрей Платонов: «Мир без меня не полон».

Нæ алкæй дæр Хуыцау рухс дунемæ Йæ уарзæгой зæрдæйæ рантысын кæны: фæуырны Йæ, уыцы хорз бацыды аккаг кæй стæм, уый…

Ай-гъай дæ дард – 1964 аз. Уæд зарыдыстæм Заманхъулы скъолайы мæ цæсты рухс æмæ мæ зæрдæйы сой ахуырдзаутимæ – æвдæмкъласонтимæ:

*Куба – любовь моя,*
*Остров зари багровой!*
*Песня летит, над планетой звеня,*
*Куба – любовь моя!*

(Къæлæтты мидæг мæ сагъæссаг рыст батухон… Уæлæ Арв, цæй дзæвгар дæм ис, цæй бирæ, хæраймаг дуртæ?! Хæраймаг, æндæр уæдæ ме скъоладзаутæн мæ разæй цæмæн аивгъуыйынц сæ æнæтæригъæд удтæ уæлхур стъалыты къуырфмæ? Дзæнæты бадинæгтæ Дудайты Ибрагим, Таутиаты Зауыр, Дзгойты Симæ, Хъуысаты Раман, Есенаты Хасан, Токаты Хъазыбег æмæ ма ноджыдæр…

Æмæ Цæцæны Гуыдырмесы районы хъæу Ишхой-Юрты скъолайы фарæстæм къласы цы ‘мбисонды курдиатджын чызгæн дæр фæдæн йæ ахуыргæнæг, уый дæр зæрдæрæхойгæйæ куы ‘рбалæууыд мæ зæрдыл… Нал æй хъуыды кæнын ном-мыггагæй 1968 азæй нырмæ, фæлæ-иу æз мæ фарст уырыссаг литературæйы урочы кæронмæ нæма ахæццæ кодтон, афтæ та-иу уый йæ урс-урсид рынчындзæф рæсугъд къух сдардта æмæ та-иу æмбæлгæ дзуапп радта… Цыдæр фыдзæрдæ

ӕгъатыр низ ӕй скъолайы уарзон къæсæрæй дарддæр егъау дунейы хъулон-мулон цардмæ нал ауагъта…).

Афтæ у, гъе, афтæ: аивады æхсыст Дзырд лæджы уд фæйлауæн у – хъæдгæмттæ агайæг-рæхойæг дæр (катарсис!) æмæ сын æвдадзы хосгæнæг дæр.


**Алехо Карпентьер**

Æмæ афтæмæйты ʻрхæццæ стæм Кубæйы ӕнæныййаргæ, фæлæ зынаргъ хъæбул – фыссæг **Алехо Карпентьермæ.**

Зыдта архитектурæ æмæ музыкæ дæр, æмæ уыцы зонындзинæдтæ йæ романты «хæрзконд-хæрзуындыл» фæзындысты, йæ ном та мыхуыры зынын райдыдта ӕвзонгæй – 16 азы йыл цыд ӕрмæст, афтæмæй. Куыд фыссæг, афтæ йын йе ʻргом йæхимæ здæхта афрокубæйаг культурæ.

1920-æм азты архайдта диктатор инæлар Мачадойы ныхмæ змæстыты æмæ ахæстонмæ бахауд. Æмæ дын ам йæ фыццаг роман куы ныффыссид: «Экуэ Ямба-о» – алы хуыз сæ бакастæй адæмы ʻвзагыл уый амоны «Табу Хуыцауæн». Афтокубæйæгты дин, сæ фольклор сын фыссæг зæрдæргъæвдæй бындуронæй базыдта, æмæ уый у йæ иннæ романы рæбинагдæр ныхасаг – «Зæххон табуйаг цард»-ы.

Йæ уацмысты аргъауы диссæгтæ дæр æрцæуы – адæймаг куы цъиу фесты, куы – мæлдзыг, куы – хæрæг, литературæйы ахæм мадзал схуындæуыд «магикон реализм». Цасдæры фæстæ Карпентьер уыцы мадзалæй адард, æмæ йын сæйрагдæр систы эстетикон проблемæтæ, курдиат æмæ æрвылбоны фыдæбойнаг царды уавæрты ʻхсæн ахастытæ – уыдæттыл фыст у йæ роман «Æбæрæг фæдтæ».

Рагæй дæр æм Алехомæ цымыдисаг каст историон цаутимæ бастæй адæймаджы хъысмæт. Æмæ йыл бæстонæй дзуры йæ фæстаг роман «Сыгъдæг уалдзæг»-ы (афтæ хуыйны Стравинскийы балет). Сæ цард баиу кодтой кубæйаг Энрике æмæ уырыссаг Верæ, Уæрæсейы революцийæ фæлидзæг. Энрике та Испанийы граждайнаг хæсты интербригадæйы рæнхъыты хæцыд.

Гъемæ сæ ныр та Европæйæ фашизмæй хъæуы сæ сæр бафснайын. Æмæ – мæнæ Кубæ. Верæ балетон скъола байгом кодта, æмæ йæ æндæр ницы æндавы, йæхи дард ласы политикæйæ, Энрике та æнцой нæ зоны, алы политикон цаутæ йын йæ зæрдæ змæнтынц, уæлдайдæр, Кубæйы цытæ цæуы, уыдон. О, Верæ политикæйæ дуарæхгæд у, фæлæ йе скъолайы кафджытæй та цалдæрæй революцион змæлды архайæг сты, æмæ сæ пъæлицæ æгъатыр хъæддаг хуызы амардтой.

Верæ фæсæргой, Гаванæйæ, куыд дарддæр ис, афтæ куы айсид йæхи, уый йæ бæргæ фæнды, æрмæст царды уылæн дæр тыхджын у, æмæ йæ систа йæ уæлныхты, æмæ музыкант сылгоймаг дæр рахæцы революцийы фарс – ныр æм уый кæсы сыгъдæг, табуйаг уалдзæг. Ахæм уалдзæг, æмæ Кубæ кæдæй-уæдæй кæд самондджын уыдзæн сæрибары æууæлты…

Баззад йæхæдæг Алехо Карпентьер дæр коммунистон Кубæйы цæргæйæ, куыста бæрнон бынæтты, у Кубæйы намысджын фыссæг.

О, Джозеф Конрад, хъуыстгонд англисаг фыссæг, уыд польшæйаг Теодор Юсеф Конрад Коженёвский, дис ыл-иу кодтой, англисагау æрмæст 20-аздзыдæй куы байдыдта дзурын, уæд ыл куыд хорз арæхсы фыссын, зæгъгæ…

Æмæ уый æцæг диссаг у, æцæг æмбисонд: мингай фысджытæ, стæй милуангай чингуытæ ис зæххыл, ныккæнæн дæр сын нæй сæ тæккæ хæрзтæн дæр – фыссæгæй зæгъай æмæ чиныгæй зæгъай, ссардзынæ дзы хæрхæй фылдæр дæр ма зæрдæзæгътæ, кæс æмæ сæ кæс æнæфсисæй, фæлæ та…

Фæлæ та ног æнахуыр фыссæг фæзыны, курдиатæй Хуыцауы фæндæй хъулон хайджын, æмæ та сæрттивы иннæты ‘хсæнæй, дунейы чиныгкæсджыты бацыбæл кæны, стæ-ма, куыд дзы зæгъынц иуæй-иутæ, æцæджы хъуыддагæй ахæм ног у йæ Аив Дзырд, йæ цæст ахæм уынаг æмæ иртасаг у адæймаджы миддуне, царды сусæгтæ, зæгъгæ.

Æмæ – у!

Йæ ном та **Габриэль Гарсиа Маркес**, колумбиаг, дæрдтыл йæхи байтауæг æмæ ахæссæг фыссæг.

Дæ алыварс – дзыллæтæ, адæймаг, фæлæ уæддæр алкæмæн дæр йæ ныхыл фыст трагеди! – иунæг дæ. Хъæды халонау, зæгъгæ, бакæныс хъæстагæй…

Гъемæ уый у сæйрагдæр йæ уацмысты дзуринаг, заринаг, хъарæггæнинаг Маркесæн.



Габриэль Гарсиа Маркес

Бæргæ, йæ мадæлон æвзаг-иу зон фыссæгæн, уæд-иу нæ цин, нæ дис бындуронддæр уаиккой, æмæ-иу нæ уæд, цæуылты фыссы, æрмæст уый нæ, фæлæ КУЫД фыссы, цы ‘взаджы хъæд ын ис, уый дæр нæ-иу æхсызгон уавæры æвæрид.

Фæлæ йын йæ фыстыхъæд тæлмацты фæрцы дæр ис банкъарæн: цыхуызæн у йæ цæстæнгас йæ дзуринæгтæм, адæймаджы цинтæ æмæ хъыгтæм, йе ‘рвылбоны цардмæ.

Мæнæ-иу кино куыд нæ уагътам рагацау радзурын – уæд афтæ цымыдисаг нал уыдзæн, афтæ хизын мæхи Габриэль Гарсиа Маркесы уацмысты мидистæ дзурынæй дæр, уæлдайдæр схæцæрхæцгæнæг къуымых æвзагæй.

Де ‘рдхорд, дам, чи у, уый мын схъæр кæн, æмæ дын æй уæд æз дæр бакъæрцц ласдзынæн, дæхæдæг та чи дæ æмæ цы дæ, уый.

Фидель Кастро?

А, алцы дæр æргом у…

Фысджытæ цы цаутыл фæфыссынц, уыдонæн хатгай вæййы географион координатæтæ: кæм – æрымысгæтæ, кæм, – картæйыл ссарæн кæмæн ис, ахæмтæ. Хæблиаты Сафар фыста Зилгæйы Къуымы сыхы хабæрттæ æмæ цæрджытыл, Грант Матевосян йæхи æрымысгæ цæрæн бынат Цмакутæйы цардыл, Уильям Фолкнер æрымысыд Йокнапатофайы бæстывæрд, уæдæ Маркес та – Макондо, уый дуне, уый адæм…

Æмбæрст у: кæй ма ‘вдæлы ацы сæрбихъуырæйттæгæнæг, æнæсæрбос рæстæджытæ-замана заманты уацмыстæ къордгæйттæй кæсынмæ (зæгъæм, Гарсиайы «Згъæлд сыфтæр», «Æлгъыстаджы сахаты бон», «Егъау Дзыццайы зиан», «Инæлар Сырдоны хæдзары» («Генерал в своем лабиринте»), «Уарзондзинад æмæ æндæр бæллæхты тыххæй», «Булкъонмæ ничи ницы фыссы»), фæлæ, цæмæй бынтон æнæфенд ма уай, уый тыххæй та дæхицæн цины охыл сзын кæн æмæ бакæс «Иунæджы царды сæдæ азы» æмæ «Адæмы фыды фæззæг…» («Осень патриарха»).

Куырд, дам, куырдыл ахуыр кæны, мæсыгамайæг – мæсыгамайæгыл,

уæдæ фыссæгæн дæр вæййы амидингæнджытæ, разæнгард æй чи фæкæны фыссæн сис къухмæ райсынмæ, кæй тæваг бавзары, ахæмтæ. Маркесæн уыдон уыдысты Пулицеры æмæ Национ премиты лауреат Фолкнер æмæ Нобелы премийæ хорзæхджынгонд Хемингуэй.

Уыдис «магион реализм», Габриэль Гарсиа та æрхъуыды кодта æмæ фыста «фантастикон реализмы» фæлгæты.

1958 азы йын рардæуыд Нобелы преми – литературон бæстæ, горæт Макондо æрхъуыдыгæнæгæн æмæ йын йæ адæмы цард уыйбæрц ирдæй, афтæ арф æмæ уæрæхæй равдисæгæн.

Æхсызгонæй бакæсинаг у, йæ мæлæты размæ фæстагæттæм цы ныстуан ныффыста, уый дæр – ссарут æй Интернеты…



**Хорхе Луис Борхес**

**Хорхе Луис Борхес** (1899 – 1986) – бындз нæ – пыл мын фæсдуар фæцæйзад…

Йæ тæккæ цардбаргæйæ сси таурæгъты дзуринаг фыссæг, XX æнусы хъуыстгонддæр æмæ стырдæр фысджыты ‘хсæн барджынæй йæ кадджын бынат æрцахста. Ноджы ма йæм цыдæр сусæггонд, базонинаг-ракъахинаг цаутæ æнхъæл дæр уыдысты…

Йæ эссетæ, радзырдтæ, æмдзæвгæтæ, тæлмацтæ æмæ стæй йе ‘рттиваг удгоймаджы сурæты фæрцы ссис йæ рæстæджы культурæйы æхххæст барджын минæвар. Йæ туг – фыцгæ аргентинаг туг, йæ фыдымад – англисаг, йæ фыд англисаг æвзагыл амыдта философи æмæ психологи, гъемæ Хорхе Луис дæр йæ мадæлон испайнаг æвзагæй раздæр англисаг æвзагыл базыдта кæсын æмæ фыссын. Уыйадыл йе сфæлдыстады ирдæй бæрæг дарынц Шекспир, Эдгар По, астæуккаг æнусты литературæ æмæ англисаг детективты æндæвдад.

Хъæздыг уыд алы хуызы дæр йæ сабидуг: хъуыста зæрдиаг лæмбынæгæй граждайнаг хæстыты зæрдæнкъуысæн хабæрттæм, стæй та йæ хъус æрдардта – ныр уæлдай æхсызгондæрæй – Буэнос-Айресы алыварс цы диссаджы æмæ алы цымыдисаг тæссаг бынæттæ ис, уыдоны тыххæй ныхæстæ-таурæгътæм. Куы бахъомылдæр, уæд та-иу куы кæдæм фæ-

раст Аргентинæ æмæ Уругвайы цæстæрæвæрæн рæттæй, бындуронæй æвзæрста гаучоты – аргентинæйаг ковбойты – цардыуаг, зæры бонты та сфæлдыста аргентинæйаг зарджытæ-милонгты æмбырдгонд.

Æцæг стыр фыссæгыл куыд фидауы, афтæ зыдта дунейы бирæ адæмты литературæ æмæ культурæ, гъемæ уæдæ диссаг нæу, йæ уацмыстæн сæ дзæвгары æдзух чиныгдоны кой кæй цæуы, уый дæр. Æмæ библиотекæрæй дæр тынг æхсызгонæй куыста, фæлæ, булкъон Пероны диктатурæйы ныхмæ сдзурын куы бауæндыд, уæд æй йæ антифашистон цæстæнгасы тыххæй æгуыст фæкодтой. Æрмæст та ныр дæр фыдбон æмæ фыдлæджы дуг бирæ нæ ахастой – 1955 азы диктатурæйæн йæ кæрон куы 'рцыд, уæд Борхесы снысан чындæуыд Аргентинæйы Национ библиотекæйы директорæй.

Фæлæ ма хур дæр куы батар вæййы: фыдæй фыртмæ та-иу сæм йæхи æрбайста цæстытæ куырмгæнæг низ, æмæ Хорхе Луисыл дæр йæ тæккæ лæджы кары стыхджын – бынтондæр саугуырм бацис. Уæддæр æнæбасæттон лæг йе сфæлдыстадон фыдæбæттæ нæ ныууагъта: фыста радзырдтæ, æмдзæвгæтæ, æндæр фысджыты уацмыстæй æмбырдгæнд-тæ арæзта, уагъта фантастикон радзырдтæ æмæ детективты антологитæ – уыдон тынг фæахъаз сты XX æнусы Латинаг Америкæйы фысджыты сфæлдыстадæн. Бантыст ын йæ хуыздæр чиныг мыхуыры рауадзын дæр – цыбыр радзырдты фæрцы нывæст «Намыссæфты иумæйаг истори».

Чиныгкæсæджы абон дæр ма дисыфтауæг уацмыстæ къорд баззад Борхесы сфæлдыстадон бынты: уый дын æмæ йæ номдзыддæр радзырд «Хуссар», мистикон «Барджыты тыххæй историтæ», «Æхсаргарды ком», «Тангойы истори», «Вавилоны лоторей», «Фæйнæрдæм тындзæг къахвæндæгты æлхынцъ»…

Йæ радзырд «Алеф»-ы сæйраг архайæджы ном у Борхес, ис дзы Беатрис дæр, уый та у Дантейы уарзон чызг Беатриче. Алеф та у ахæм кæлæнгонд бынат иу хæлддзаг хæдзары астæу, æмæ йæм чи бафта, уый цæстыты раз сыстдзæн æгас дуне дæр.

Ахæм диссæгтæй дзаг æгас дуне уыд Хорхе Луис Борхес йæхæдæг дæр. Йæ хуыдалынг дунейы цæхæркалгæ хур – курдиатæй – цæс-туарзонæй хайджын Аив Дзырдæн æнусон цард лæваргæнæг.

*Уыдзæн ма*

*ПЛИТЫ Сергей,*
*Хуссар Ирыстоны Уанеты Захары номыл*
*Зонадон-иртасæн институты*
*хистæр зонадон кусæг*

# ÆВЗАДЖЫ ХЪЫСМÆТ БРЫТЪИАТЫ ЕЛБЫЗДЫХЪОЙЫ ЗОНДАХАСТЫ

*Уац*

Национ химбарынады сæйраг рахæццæнтæй иу у мадæлон æвзаг. Ацы хъуыддаг йæ удрæбын арф чи нывæрдта, аудгæ цæстæй йæм чи кæсы æмæ йыл хъарм æнкъарæнтимæ чи узæлы, уый у йæ ныййарæг адæмы æнувыд хъæбул. Мадæлон æвзаджы зæлынады æхцон симфони йе ’уæнгты мады узæлдау кæмæн ахъары рæвдаугæ æмæ уарзты монцимæ, уымæй йæхи сæрыстыр чи æнхъæлы, уый у Райгуырæн зæхх æмæ Фыдыбæстæйы аккаг минæвар.

Дуггæ æмæ заманты цыдимæ, рæстæг æмæ æнусты дæргъы Фыдыбæстæ æмæ мадæлон æвзаджы сæрапонд йæ уд нывондæн чи хаста, уыдонæй иу уыдис Брытъиаты Елбыздыхъо. Елбыздыхъойы дунембарынад арф æмæ æгæрон уыдис, адæмон философи æмбæрста иттæг хорз. Царды хъæндзинæдтæ цæмæй æвзæрдысты, цы уыдысты сæ аххосæгтæ, уыдоныл дзуры литературон уацмысты, фæлгъауы æмæ сæ иртасы зонадон æгъдауæй. Зонад, ахуырад æмæ хъомылад нымайы адæмы æмбар æмæ сæрибардзинады бындурыл. Мидæхсæнадон царды фæстæзад æмæ дæлдзиныгæн сæйраг проблемæйыл нымайы мадæлон æвзагыл былысчъилтæ кæныны тенденци. Елбыздыхъойы дуджы уыцы «æнæбарытæ» дзæвгар уыдысты, æмæ-иу дзы цардагур кæнæ куыстагур æндæр бæстæм чи афтыд, уыдон-иу, фæстæмæ æрыздæхгæйæ, мадæлон æвзагыл дзурын сæ сæрмæ нал хастой. Иугæйттæ куы уыданккой, уæд ма сын фæрæзтаид, фæлæ фæсивæд сæхи æппæрстой паддзахы æфсæддон службæмæ.

Елбыздыхъо йæ уарзт æмæ йæ цин ныббаста Фыдызæххы сомбоныл, йæ ныфс æмæ йæ сæнттæй йæхи нывондæн æрхаста мадæлон æвзагæн, ирон адæмы рухс фидæнæн. Йæ архайд, йæ хъуыддаг æмæ йæ хъуыдытæй уылæнтæ кодтой æгъдау æмæ уæздандзинад, йæ рæстаг зæрдæйы уидæгтæй ивылдысты уарзондзинады эмоциты суадæттæ.

Хорз æмæ æвзæр иуæй-иу адæймаг кæрæдзийæ нæ хицæн кæны. Фæлæ хорзæх æмæ фыдæх кæрæдзийæ чи хицæн кæны, уый æнæмæнг æмбары – зæххы къорийы иунæг паддзахадæн дæр æнæ мадæлон æвзаг паддзахады статус лæвæрд не 'рцыд. Чи йæ не 'мбары, уымæн йæ сæрымагъзы кæцыдæр чырæг рагон æлвыст тæбыны къуыбылойау æнæрайхæлдæй баззад. Æнæрайхалгæ тæбыны къуыбылой та рæмпæг бахæры. Незамантæй фæстæмæ дæр уыдаид ахæм цаутæ, фæлæ ныртæккæ дзырдæуы ирон литературæйы сæндидзыны рагон дугыл. Иуане, Аксо æмæ Темырболатæй фæстæмæ цы интеллигенци рахъомыл, уыдонæн сæ ирддæртæй иу уыдис Елбыздыхъо.

Ног ирон литературæйæн йæ хæс уыдис цард равдисын уацмысты 'руаджы аив æвзаджы æууæлтæй. Автор æмбары – цы нацийы минæварæн йæ миддунейы йæ уды фарны зынг нал æрттивы, цы адæймаджы дунембарынады мадæлон æвзагмæ уарзондзинад ихджын донау ныцци, уый у нырма иумæйаг национ трагедийæн æвдисæн, стæй та æппæтадæмон хъаймæт. Ацы ныссуйтæгонд фæзынды тыххæй Елбыздыхъойы зæрдæйы нуæрттæ удаистæй цæгъдынц фæдисы дзæнгæрæг.

Æппæт фыдбылызхæссæг миниуджыты фæзындæй иууыл тæссагдæр уыдис мадæлон æвзаджы æдзæллаг уавæр. Мадæлон æвзагæн аргъ чи кæны, уымæн уыцы 'взагыл дзурæг адæм сты кады бынаты. Ацы идейон хъуыдыты бындурыл равзæрд Брытъиаты Елбыздыхъомæ драмон уацмыс ныффыссыны хъуыды. «Уæрæседзау»-ы Уæрæсе цы нысан кæны, уый бæлвырд у, «дзау» та амоны бæлвырд хъуыддаджы фæдыл бæлццоны архайд. Зæгъæм, дондзау, хосдзау, хъæддзау, хуындзау, ахуырдзау, бæрæгдзау (разведчик) æмæ а.д.

Уацмысы сæйраг архайæг Муссæ фондз азы бæрц фæцис æддæбæсты. Иуахæмы рæстæгмæ æрæфтыд йæ райгуырæн хъæумæ. Диссаг уый уыдис, æмæ йæ зонгæтæ, хæлæрттæ æмæ хъæубæсты адæмимæ иронау нал дзырдта. Семæ ныхас кодта уырыссагау цъæррæмыхстытæй, æнæ кæрæттæ æмæ æрдæгдзырдтæй. Уайдзæфты бын дæр ма йæ фæкодтой, фæлæ ахæм лæгмæ ницыуал фæхъары, æгæрыстæмæй ма йæхимæ Муссæ дзурын дæр нал уагъта, ныр, зæгъгæ, Уæрæсейы зæххыл барин дæн, æмæ мæ хонут Миша. Муссæ дзуры фæсивæдимæ, истытæ дам, дзурут, æз дам, ирон закъонæн ницыуал зонын. Йæ ныхæстæй йын ницыуал æмбæрстой – дзырды разæфтуан иронау,

бындур та – уырыссагау. Йæхимæ та афтæ каст, цыма уырыссагау уалдзæджы къæсæрыл дзæгъындзæг фестад. Автор уацмысы Муссæйы фæлгонцæй æвдисы мадæлон æвзаг рох кæныны тенденци. Драмæйы сюжеты авторы генион хъуыдытæ авнæлдтой глобалон арæнтæм.

Прогрессивон интеллигенцийы минæвæрттæ, уавæр зонгæйæ, сæ гæрзтæ æрбастой ацы тæссаг фæзынды уидаг рæстæгыл ныллыг кæнынмæ. Алы рæстæджыты дæр ирон адæмæй Уæрæсейы къуымты бирæ номдзыд адæм уыд – ахуыргæндтæ, дохтыртæ, студенттæ, афицер-æфсæддонтæ, фæлæ дзырд уыдоныл нæ цæуы. Уацмысы æвдыст цæуынц, ирон адæмы фарнхæссæг æгъдæуттæ æмæ, мадæлон æвзаг чи къахыр кодта, уыдон. Ацы темæйыл фыссын бирæтæ райдыдтой. Сæ иуы – Хуыбайы-фырты пьесæ «Ирæттæ Уæрæсейы» – Цæлыккаты Ахмæт куы равзæрста, уæд æрцыд æрхæндæг хатдзæгтæм: «Пьянство, безделье, разврат, прожигание жизни, надувательство своих же более простоватых земляков, стремление обогатиться всеми нечестными способами, утеря лучших черт, выработанных патриархальной жизнью на родине – вот тот мрачный фон, на котором проходит жизнь действующих лиц в пьесе. Сторожа, лакеи, стражники, полностью исчерпавшие ценности – вот род занятий осетин в России».

Цæлыккаты Ахмæт сын æвдисы сæ иумæйаг намыс æмæ æгъдауы æдзæллаг уавæр. Ахæм фæлгонц чи сарæзта йæхицæн, уымæн дæр Муссæйау мадæлон æвзаг у йæ уды рын. Елбыздыхъо та йæ уацмысы æвæры иу бæлвырд цау – мадæлон æвзагмæ уазал цæстæй кæсыны уавæр – æмæ йæ драмæ «Уæрæседзау» самадта уый бындурыл. Елбыздыхъо ацы фарст сахуыр кодта лæмбынæг, раиртæста йæ æмæ арæхстгай æрхъавыд сюжет идейон-аивадон æгъдауæй националон колоритæй сифтонг кæнын. Уый хъуамæ æрбынат кæна адæймаджы зондахасты, æмæ ахæм идеологон фæстиуæгджын рахæцæныл та нымадта театралон сценæ. Сценæ адæймаджы зондахастыл æндавы дывæрдыхæй: сценæмæкæсæгæн ис уавæртæ, æмæ драмæ чиныджы фыстæй дæр бакæса æмæ сценæйыл спектакль дæр фена. Афтæ хъуыды кæнын æмæ цæстуынгæдзинад раттынц ахъаззаг эффект. Ацы вазыгджын æмæ ахсджиаг, сæйраг æмæ уæрæх темæ абон цы уавæры ис, уый Елбыздыхъо куы фенид, уæд фыр мæтæй зæрдæскъуыд фæуаид. Абоны

дуджы ирон адæмы ныхасы, æхсæнады дæр æмæ паддзахадон уагдæтты дæр йæ уд исынил архайы нымæцон, уæззау рынчын у мивдисæг. Ацы дыууæ сæйраг ныхасы хайы æндæр æвзæгтæм куы ахизынц, уæд уый у мадæлон æвзаджы фесæфыны æрбалæуд – ахæм хатдзæгтæ æмæ бæрæггæнæнтæ скодта Баиугонд нациты ахуырад, зонад æмæ культурæйы организаци ЮНЕСКО.

Фæлæ мах нæхицæн ныфсытæ æвæрæм, ахуырдзаутæ æмæ сывæллæттæ мадæлон æвзагыл æмдзæвгæтæ хорз кæй дзурынц, уымæй. Уый мах иумæйаг æнтыст нæу, уый у нæ размæйы удвидар интеллигенцийы æнтыст, æмæ, ныртæккæ мадæлон æвзаг сценæтæ, экрантæ æмæ мыхуыры фæрстæй кæй хъуысы, уый тыххæй та стыр бузныг сæ абоны ахуыргæнджытæн. Дзырд иу боныл нæ цæуы, ацы бындурон ахуырадон-хъомыладон архайды механизм нырма йæ куыст кæндзæн æнусы æрдæгæй фылдæр, уæды бындурæвæрды инерци йæ нырма хæссы, фæлæ йын абон фидар бындур куынæ саразæм, уæд фæстагæттæй кæцыдæр фæлтæр хæрзбон зæгъдзæн йæ мадæлон æвзагæн.

Фæнысан кæнын ма мæ фæнды уый, æмæ цыфæнды хъуыддаг саразынæн дæр райдайын хъæуы бæрнон оргæнты (куыстуæтты) архайдæй йæ райрæзыны конкретон программæ æмæ концепциимæ. Науæд фенæн вæййы ахæм цаутæн, æмæ Уæрæсейы фæрцы инвестицион программæтæ æмæ гранттæ фæзыны мадæлон æвзаг хъæппæрисондæр кæнынæн. Гъемæ, æвзаг йæ уды рын кæмæн у, уый дæр йæ риувæйнæг фыр хойынæй ныттасын кæны, зæгъгæ, мæнæн æй раттут æмæ æз æркæсон хъуыддагмæ. Елбыздыхъойы хъуыдыты сæйраг мидис дæр æнцой кæны ацы фарстыл уацмысы фæлгонцы фæрцы. Æнæныфс адæймаджы хъуына хъуыдытæн дзуапдæттæг уыдис йе стыр зонд æмæ сфæлдыстадон арæхстдзинадæй. Тæссаг у уыцы адæймаг, фæлмæн æмæ уæздан ныхас æргомæй чи кæны, мидхъуыдыты та мадæлон æвзаджы нысаниуæг бынтондæр кæй не 'ндавы. Уæдæ Хуыцау æддаг архайдмæ гæсгæ нæ аргъ кæны йе сфæлдисгæ адæймагæн, фæлæ адæймаг йæхимидæг цы хъуыдытæ кæны, уыдонмæ гæсгæ.

Ацы хабæрттæ Брытъиаты Елбыздызхъо лыстæггай райхæлдта йе сфæлдыстады, æмæ йын уымæ гæсгæ кад æмæ намысимæ йæ номæн табу кæнынц зонад, аивад æмæ сфæлдыстады æнæзæрдæхудт зиууæттæ…

## БРЫТЪИАТЫ ЕЛБЫЗДЫХЪОЙЫ ХЪУЫДЫТÆ

- Рæсугъд æмæ уарзон царды тыххæй уæм дзурын…

- …Æвзаг – фæринкæй кæрдагдæр, æхсæры къæрццæй рæвдздæр, топпы фатæй растдæр.

- Æгъдау дæ æрцахста, Ирыстон, фæлæ ма фæтæрс, ма фæджих у.

- Лæгæн йæ хорзы нысан – йæ бакаст! Лæг раныхас куы зона, æгъдауыл бацæуын, æгъдауыл рацæуын, дзæгъæл ныхасæй йæхи куы хъахъхъæна, уæд лæгæй æндæр ницы агурын хъæуы фыццаг бакастæн. Ахæм лæгмæ æгъдау кæй ис, уый зон… уыцы митæ куы ферох уой, уæд…æгъдау рох кæны!

- Æнæ ном лæджы кад нæй, æфсарм.

- Ном лæгæн йæ кад у, йæ царды сæр.

- Стыр хъуыддæгтæм йæ ныфс чи хæссы, уымæн кæуын не 'мбæлы.

- Кæнут лæгъстæ, мæ хур, кæнут лæгъстæ уе 'взагæн, уæ сæрмæ йæ кæм схастат, уым. Фæлæ майдантыл ирон дзыллæйы ма уæй кæнут!

- Чызг æмæ лæппуйы 'хсæн цы уарзондзинад вæййы, зæрдæйы хъуыддаг уый хонын. Зæрдæ фыды мур нæу, фæлæ у стыр тых дæттæг. Æвзæры хорз чи кæны, хæфсæй – лæг, æнæ тыхæн – тых чи дæтты.

- Æвзæрæй цæрын æнцон у, хорзæй – зын.

- Худинаджы бæсты – мæлæт.

- Дæ зæрдæйæ цæуæд уарзондзинад, зонд та йын – фæндагамонæг.

- Кæнæ – сæрибар, кæнæ – мæлæт.

- Мæсыг æддагон дурæй фехæлынмæ æгæр фидар у, фæлæ хи дурæй фехæлдзæн.

- Мады хъарм хъæбыстæ зæрдыл куы ‘рлæууынц æмæ нæ куы ‘рфæнды иронау дзурын, уæд нæм разыны сæууон хурау фæтæнных хæхтæй Къостайы рухс цæсгом.

- Стæм мах фæндагыл, ахæм фæндагыл, æмæ фæстæмæ аздæхæн кæуыл нал ис, размæ цæуын та сау талынг æмæ тарф мигъ нæ уадзынц.

- Цæмæн, цæмæн? Ирон уæвгæйæ, чиныг уырыссагау цæмæн фыссын? Æви мæ уарзондзинады фаг ирон æвзаджы дзырдтæ нæй? Æви ме ‘взаг зæгъинæгтæ нæ кæрды? Цæмæй хъуаг дæн? Æххæст – алцæмæй дæр…

- Æгъдау нæ æрцахста æмæ нæ кæдæм кæна, уырдæм барæнæбары дæр цæудзыстæм. Уый нын æгъгъæд у, фæлæ нæхæдæг цы тагъд кæнæм не ‘взаг рох кæныныл? Цæмæн æппарæм не ‘гъдæуттæ, сæ фылдæр бакаст æмæ ахуыргонд адæмæн дæр бæллиццаг куы сты.

- Уалдзыгон пысырайы æуууæрцъ адджын у, фæлæ дзы чи нæма фæхъæстæ, уый æуууæрцъхоры хæмпæлхор хоны. Дæсны æфсин куы ‘ртона уыцы пысыра æмæ дзы хæрзад цæхæра куы скæна, уæд ахæм хæринаджы хæмпæл ничиуал хондзæн. Уыйау, чиныгæн дæр йæ кæнæг дæсны куы уа, уæд æй бауарзын кæндзæн адæмæн. Адæймаг та, кæй уарза, уый æлхæныны фыдæй нæ ныууадздзæн.

- Кæмæй цы риссы, уый кой кæны! Мæнæн мæ риссаг хъæдгæмттæ сты адæмы мæгуыр цард æмæ гæвзыкдзинад, æмæ дзурын уыдоныл… Мæ хъыг, мæ сагъæс у удхаргæнæг адæмыл… Æз мæстæй судзын царды æмбыд социалон арæзтмæ.

- Цы сты мах хъизæмæрттæ æппæт адæмы мастимæ абаргæйæ.

*ЦГЪОЙТЫ Хазби*

# ПОЭТЫ АЛАЙНАГ ТУГ ÆМÆ ЙÆ БАЙЗÆДДÆГТÆ

*Александр Пушкины райгуырды 225 азы бонмæ*

*Уац*

Уæрæсейы азфыстмæ гæсгæ Владимир Мономах йæ фырт Юри Долгорукийæн 1107 азы ракуырдта алайнаг къняазы фырты чызджы. Юрийы фырт Всеволод дæр бафæзмыдта йæ фыды æмæ уый дæр цардæмбалæн равзæрста алайнаг чызг Марияйы. Уый нæ, фæлæ ма йын йæ хойы дæр бацамыдта киеваг къняаз Святославы фырт Мстиславæн.

Всеволод æмæ Марияйæн рантыст 12 сывæллоны, уымæ гæсгæ сæ рахуыдтой Стыр ахстон (Большое гнездо). Сæ фырттæй иу, стыр къняаз Ярослав, уыд Новгородаг къняаз, стыр уырыссаг æфсæддон разамонæг, политикон архайæг æмæ дипломат, адæмон хъæбатыр Александр Невскийы фыд.

Невскийы фыдымад алайнаг-ирон Марияйы хорзы кой ныхъхъæр æппæт Уæрæсейыл дæр. Йæ бирæ цот бахъомыл кодта Фыдыбæстæйæн патриоттæй. Марияйы йæ хæрзконд æмæ зæрдæхæлардзинады, йæ моимæ кад æмæ радимæ кæй фæцард, уый тыххæй йæ амарды фæстæ Уæрæсейы чырыстон аргъуан банымадта сыгъдæг удыл. Уый размæ ма сыгъдæг удтыл банымадтой дыууæ адæймаджы: уырысæн чырыстон дин чи райсын кодта, уый – Владимир фыццаджы æмæ Киеваг æхсин Ольгæйы (чырыстон дин райста Константинополы). Мария уыд æртыккаг, цыппæрæм уыд йæ фырт, фæндзæм – йæ фырты фырт Александр Невский, æхсæзæм – Невскийы фырт Даниил.

Александр Невскийы фырт Андрейæ рацæугæ байзæддæгты иу къабазы фæстæдæр райгуырд Уæрæсейы номдзыд поэт, гений Александр Пушкин. Йæ иннæ фырт сыгъдæг уд Даниилæй рацæугæ къабазы та райгуырд Пушкины цардæмбал Наталья Гончарова. Афтæмæй, лыстæг ахъуыды кæнгæйæ, Пушкин æмæ Гончаровайы уæнгты хъазыд сæ рагон мад, ирон сылгоймаг Марияйы тæвд туг дæр. Номдзыд поэт йæ уацмыс «Путешествие в Арзрум»-ы ирон адæмы тыххæй

хуымætæджы тыхстæй нæ фыста: «Осетинцы – самое бедное племя из народов, обитающих на Кавказе». Æмæ ма йыл æхсызгонæй бафтыдта: «Женщины их прекрасны».

Уæдæ адæмон сфæлдыстады бындурыл цы уацмыстæ ныффыста, уыдоны дæр цыдæр хиондзинады тæваг банкъары ирон чиныгкæсæг. Бæрæг у, ирон адæмон сфæлдыстадæн дæр æцæгæлон кæй не сты сæ архайджытæ æмæ сæ хъæбатырдзинæдтæ. Алы адæмтæм кæрæдзийы цард, фæлтæрддзинад, культурæ æмæ аивад базонынмæ тырнындзинад ис. Хорз алкæмæн дæр фæзминаг у, æмæ-иу сабыр изæрты Мария йæ бирæ цотæн цы алайнаг-ирон аргъæуттæ, таурæгътæ, кадджытæ дзырдта, уыдон фæлтæрты сæрты Пушкинмæ дæр æрхæццæ сты.

Александр Пушкины цард æмæ сфæлдыстад иртасджытæ зæгъынц, зæгъгæ, Ирыстоны куы уыд, уæд ма Дзæуджыхъæуы цæрджытæй уæлдай фембæлд æрыдойнæгтæ æмæ джызæйлæгтимæ. Джызæлы иу зианы йæхи цæстæй федта ирон мардæвæрыны æгъдæуттæ. Уый зонгæйæ йæ нывгæнæг Павел Зарон сныв кодта ирон Ныхасы лæгтимæ. Ныв хуыйны «А. Пушкин ирон хъæуы».

Александр Сергейы фырт Пушкин райгуырд 1799 азы 6 июны (зæронд нымадæй 26 майы) Мæскуыйы Немыцаг уынджы колледжы регистратор Иван Василийы фырт Скворцовы хæдзары. Йæ фыд, Мæскуыйы комиссарады чиновник, отставкæйы майор Сергей Левы фырт Пушкин æмæ йæ



«А. Пушкин ирон хъæуы»

мад Надеждæ Осипы чызг Ганнибалæн Александр уыд дыккаг сывæллон.

Пушкинтæ нымад уыдысты рагон дворяйнаг мыггагыл, сæ фыдæлты номхыгъд цыд XIII æнусæй æмæ æнгом баст уыдысты Уæрæсейы паддзахад сфидар кæныны историимæ. Йæ мадымад Мария Алексейы чызджы мад Саррæ Юрийы чызг Ржевскаяйы ‘рдыгæй та фидæны стыр поэты къабаз анхъæвзта суанг рагон Киеваг Русы онг. Пушкинты мыггагыл æртыккаг къабаз бафтыд Ганнибалтæй. Абрам Петры фырт Ганнибалы номæвæрæг æмæ хъомылгæнæг уыд паддзах Петр I йæхæдæг, Абрамы фырт Осип та уыд Александр Пушкины мады фыд.

Уæрæсейы рагон дворянты бинонтæм уыд иу хицæн миниуæг, цалдæр фæлтæры фæстæ та-иу ног хæстæгдзинад бакодтой. Умæн ирд æвдисæн сты Пушкинтæ. Поэты мадымад Мария Алексейы чызг дæр уыд Пушкинтæй, йæ фыд Сергей Левы фырты фыдыфыды æфсымæры фырты чызг. Кæрæдзийæн хо æмæ æфсымæр æххæссыдысты, уымæн æмæ сæ дадатæ Федор æмæ Александр уыдысты æфсымæртæ – Петр Петры фырт Пушкины фырттæ, афтæмæй йын Сергей ракуырдта йæ чызг Надеждæйы. Æмæ Мария дæр ууыл сразы. Сæ хæстæгдзинад хорзæй зыны ацы схемæйы.

Петр Петры фырт Пушкин

Федор Петры фырт Пушкин

Алексей Федоры фырт Пушкин (йæ ус – Саррæ Юрийы чызг Ржевская)

Мария Алексейы чызг Пушкина (йæ лæг – Осип Абрамы фырт Ганнибал)

Надеждæ Осипы чызг Ганнибал (йæ лæг – Сергей Левы фырт Пушкин)

Александр Петры фырт Пушкин

Лев Александры фырт Пушкин (йæ ус – Ольгæ Василийы чызг Чичерина)

Мария Алексейы чызг Пушкина 1772 азы смой кодта Осип Абрамы фырт Ганнибалæй, сæ чызг Надеждæ та чындзы ацыд Сергей Левы фырт Пушкинмæ 1796 азы.

Александр Пушкин цымыдис уыд йæ равзæрдмæ, ахуыр кодта, иртæста сæ хæдзарвæндаджы истори æмæ сæрыстырæй фыста: «Имя предков моих встречается поминутно в русской истории». Зындгонд

куыд у, афтæмæй сæ бинонты таурæгътæ æмæ документтæй пайда кодта йе сфæлдыстады: роман «Арап Петра Великого»-йы, «План повести о стрельце»-йы, поэмæ «Езерский»-ы, «Моей родословной»-ы. Йæ æрдæгфыст роман «Арап Петра Великого»-йы (мыхуыргонд æрцыд йæ мæлæты фæстæ) æмбæлæм ахæм мыггæгтæ æмæ нæмттыл, йæ бинонты историйæ кæй райста, пайда дзы кæны Ржевскийты, Пушкинты историйæ, Ганнибалы биографийæ.

Пушкины нана Марияйы мад Саррæ (райгуырд 1721 азы, амард 1790 азы) уыд Дæллаг Новгороды вице-губернатор, æцæг статон уынаффæгæнæг Петр I хæлар, Юрий Алексейы фырт Ржевскийы чызг. Саррæ 1742 азы смой кодта Туркимæ хæсты архайæг, капитан Алексей Федоры фырт Пушкинæй (райгуырд 1717 азы 3 мартъийы, амард 1777 азы 5 ноябры).

Пушкин йæ сабибонтæ арвыста йæ мадымад Мария Ганнибалимæ Мæскуыйы сæ цæрæнбынат Захаровы. Фыццаджыдæр уымæй банкъардта уырыссаг аргъæутты тых æмæ аивдзинад, уымæ ахуыр кодта уырыссаг фæлгонцджын ныхасы рæсугъддзинадыл, уымæ базыдта кæсын æмæ фыссын.

Мария Алексейы чызг Ганнибалæн йæ лæгимæ йæ цард нæ ацыд (райгуырд 1745 азы, амард 1818 азы). 1775 азы райгуырд йæ иунæг чызг Надеждæ. Афæдзы фæстæ йæ Осип Абрамы фырт ныууагъта, уыимæ йын байста йæ чызджы дæр, хъомыл кæнынмæ йæ радта йæ хæлармæ, йæхæдæг сусæгæй ног ус ракуырдта. Уый фæдыл Александр Пушкин «Начало биографии»-йы фыссы афтæ: «Бабушка принуждена была подать просьбу на имя императрицы, которая с живостью вмешалась в это дело. Новый брак деда моего объявлен был незаконным, бабушке моей возвращена трехлетняя ее дочь, а дедушка послан на службу в Черноморский флот. Тридцать лет они жили розно. Дед мой умер в 1807 году в своей псковской деревне от следствий невоздержанной жизни. Одиннадцать лет после того бабушка скончалась в той же деревне. Смерть соединила их. Они покоятся друг подле друга в Святогорском монастыре».

Номдзыд поэты мад Надеждæ йæ сабидуг æмæ æвзонгад арвыста Бетъырбухы фæсгорæт Кобрины йæ мадимæ. Мадмæ амы цæрæнбынат æрхауд тæрхондоны уынаффæмæ гæсгæ йæ лæг Осипæй. Надеждæ ам райста хорз хъомылад, ахуыргонддзинад, бирæ бакаст, тынг хорз зыдта францаг æвзаг. Йæхи сæрибарæй æнкъардта хъæздгуыты æхсæнады,

уыдис ын бирæ зонгæтæ, дис кодтой йæ аивдзинадыл, хуыдтой йæ рæсугъд. Сергей Левы фырт Пушкин æмæ Надеждæ Осипы чызгыл сæ сыхаг хъæу Воскресенскы аргъуаны саргъуыдтой 1796 азы 28 сентябры. Кæрæдзимæ уарзондзинад æмæ æнувыддзинады фæрцы иумæ фæцардысты 40 азы (Надеждæ амард 1836 азы).

Сергей Левы фырт Пушкин райгуырд 1770 азы 23 майы. Авд азы йыл куы сæххæст, уæд æй ныффыстой Измайлы полчъы лейб-гвардимæ.

Бетъырбухы егерьты полчъы сержант, прапорщик, уый фæстæ та капитан-поручик. 1798 азы майоры цины ныууагъта йæ службæ æмæ йæ бинонтимæ æрбалыгъд Мæскуымæ цæрынмæ. 1800 азы кусын райдыдта Комиссарадон штаты, 1814 азы йæ сæвæрдтой Варшавæйы фæстауæрцон æфсады Комиссарадон къамисы хицауæй. Уæд Надеждæ Осипы чызг йæ цотимæ ногæй цæрынмæ алыгъд Бетъырбухмæ. Ардæм сæм 1817 азы отставкæйы фæстæ статон уынаффæгæнæгæй æрбаздæхт Сергей Пушкин дæр.

Йæ сабийы бонтæй фæстæмæ Александр Пушкинæн йæ ныййарджыты хæдзары фадат уыд зындгонд фыссæг æмæ историк Николай Карамзины, поэттæ Иван Дмитриев æмæ Константин Батюшковы уынын, семæ ныхас кæнын. Йæ фыд Сергей зæрдывæрдæй бирæ æмдзæвгæтæ зыдта, фыста æмдзæвгæтæ, аив сæ каст, аивад æнкъардта йæ удæй. Фыды алывæрсыг тырнындзинæдтæ – театр, литературæ, музыкæ хорзæрдæм зындысты йæ цоты зæрдæргъæвддзинæдтыл. Хъæрæй сын каст йæ уарзон уацмыстæ, сæ бар уыд йæ диссаджы библиотекæ. Францаг æвзаг зыдта тынг хорз, йæ цыргъзонд, йæ хæрзæгъдау æмæ дзурынмæ арæхстдзинад æй уарзын кодтой йæ бинонтæн æмæ адæмæн дæр.

Сергей æмæ Надеждæ Пушкинтæн рацыд аст сывæллоны.

Фондзæй – Михаил, Николай, Павел, Платон æмæ Софья амардысты хæрз чысылтæй. Сæ фыццаг сывæллон уыд Ольгæ (райгуырд 1797 азы 20 декабры, амард 1868 азы 2 майы). Дыккаг – Александр, æртыккаг Лев райгуырд 1805 азы 17 апрелы. Ольгæ æмæ Александр тынг æнгом цардысты, кæрæдзийыл æрхъæцмæ нæ хъæцыдысты. Сæ хæлардзинады тыххæй Ольгæ ныууагъта йæ мысинæгтæ. Мады рæвдыдæй къулбадæг нæ уыдысты. Уый йе 'ргом фылдæр аздæхта кæстæр фыртмæ.

1811 азы сæрды Александр Мæскуыйæ Бетъырбухмæ Лицеймæ ацыд ахуыр кæнынмæ. 1814 азы сæ бинонтæ иууылдæр уырдæм куы балыгъдысты, уæд Ольгæйæн фадат фæци йе 'фсымæры Царское

селойы искуы-иу хатт бæрæг кæнын. Уыцы аз Пушкин ныффыста йæ æрвыстæг «К сестре». Лицей каст куы фæци, уæд 1817 азы сæрд иумæ арвыстой Михайловскоейы. Уый сын уыд хиирхæфсæн, зæрдиаг ныхæсты, æмдзæвгæты амондджын рæстæг.

Ольгæ Сергейы чызг хæларæй цард Петр Вяземскиимæ, Антон Дельвигимæ æмæ йæ ус Софьяимæ. Æртын азы йыл куы сæххæст, уæд йæ бинонты сусæгæй аргъуаны йæ цард баиу кодта Николай Иваны фырт Павлищевимæ. Александр Пушкины зæрдæмæ нæ фæцыд йæ хойы равзæрст мой, фæлæ йæ курдиатмæ гæсгæ йæ фæндыл сразы кодта сæ ныййарджыты.

Лев Сергейы фырт Пушкин йе 'фсымæры æнгæс тынг уыд, зæрдывæрдæй ын зыдта йе 'мдзæвгæтæй бирæ, аив сæ каст. Райдайæны йын-иу Александр Пушкин бахæс кодта сæ ныммыхуыр кæнын, гонорар исыны хъуыддаг дæр уымæ хауд, фæлæ куы базыдта, йе 'хца йын æнауæрдгæ паплой кæны, хæстæ исы æмæ сæ фиды, уæд ын ницыуал хæс кодта.

Лев Сергейы фырт Пушкины тыххæй йе 'мдугонтæй иу – Антон Дельвиг – ныууагъта ахæм мысинæгтæ: «Он был остроумен, писал хорошие стихи, и, не будь он братом такой знаменитости, конечно, его стихи обратили бы в то время на себя общее внимание. Лицо его белое и волосы белокурые, завитые от природы. Его наружность представляла негра, окрашенного белою краскою».

Пушкинты хæдзары кæддæриддæр æхсызгон уазæг уыд сæ фыдыфсымæр Васили. Александры дæр Мæскуыйæ Бетъырбухмæ Лицеймæ фæлварæнтæ дæттынмæ уый акодта. Васили Левы фырт Пушкин райгуырд 1766 азы 27 апрелы. Александр Пушкин æй хуыдта «Парнасский мой отец». Уый у поэмæ «Опасный сосед» (1811 аз) æмæ æмдзæвгæты æмбырдгонд «Стихотворни»-йы автор. Васили Пушкин уыд литературон æхсæнад «Арзамас»-ы уæнг, «Карамзины парти»-йыл аудæг, тынг хорз зыдта æрмæст францаг æвзаг æмæ литературæ нæ, фæлæ латинаг, италиаг æмæ немыцаг æвзæгтæ дæр. Уыд балцы Германы, Францы, Англисы. Йæ уарзон поэт уыд Пьер-Жан Беранже, йæ иу æмдзæвгæ йын ратæлмац кодта уырыссаг æвзагмæ. Мæскуыйы цæргæйæ-иу йæ хæдзары арæх уыдисты Иван Дмитриев, Васили Жуковский, Константин Батюшков, Евгени Баратынский, Адам Мицкевич, Антон Дельвиг, Петр Вяземский æмæ бирæ æндæр зындгонд адæймæгтæ. Уæдæ йын Александр Пушкин та ахæм аргъ кодта æмæ, 1830

азы 20 августы куы амард, уæд æппæт хæрдзтæ дæр райста йæхимæ.

1828-1829 азты зымæджы Александр Пушкин мæскуыйаг балтæй иуы фыццаг хатт федта æхсæрдæсаздзыд Наталья Гончаровайы. «Когда я увидел ее в первый раз, красоту ее едва начинали замечать в свете. Я полюбил ее, голова у меня закружилась», – фыста фæстæдæр поэт. Куы базонгæ сты, уæд ын Пушкин уайтагъд йе 'нкъарæн, сæ цард баиу кæныны тыххæй йæ хъуыды бамбарын кодта. Наталья йын бæлвырд дзуапп нæ радта, фæлæ «нæ» дæр нæ загъта. Уыцы æбæрæгдзинад поэтæн æнцой нæ лæвæрдта, тыхст, йæхицæн бынат нæ ардта, æмæ йæ бахъуыд искæдæм ацæуын, йæ хъизæмайраг æнкъарæнтæй фервæзын. Пушкин рацыд Кавказмæ. 1829 азы сентябры фæстæмæ куы аздæхт, уæд та арæх цæуын райдыдта Гончаровтæм.

1830 азы мартъийы та Пушкин йæ фæнд бамбарын кодта Натальяйæн, æмæ йын уый разыйы дзуапп радта. Фæлæ сæ чындзæхсæвмæ нырма уыд бирæ рæстæг. Æрмæстдæр декабры, поэт Болдинойæ куы æрбаздæхт, уæд райдыдта архайын йæ фидæны бинонтæ аразынил. Арбаты Хитровы хæдзары баххуырста фатер. Уый размæ Пушкин сфæлмæцыд Бетъырбухæй Мæскуыйы 'хсæн рацу-бацуйæ, лицейы уаты, фысымуæтты цардæй. Ныр ын фадат фæци йæхи хæдзары йæ уарзон бинонтимæ цæрынæн. Уый йын Натальямæ йе 'нкъарæнтæ ноджы фæтыхджындæр кодта. Уарзта, æмæ йæ уарзтой! Ацы уавæры уымæй амондджындæр ничиуал уыд. 1831 азы 10 февралы йæ хæлар Николай Кривцовмæ фыста: «Мне за 30. В тридцать лет люди обыкновенно женятся – я поступаю как люди и, вероятно, не буду в том раскаиваться». Поэт стыр бæрнондзинад æнкъардта йе 'рыгон усы раз, йæ амондыл уыдысты йæ хъуыдытæ.

Наталья Николайы чызг Гончарова райгуырд 1812 азы 27 августы Тамбовы губернийы. Йæ сабибонтæ арвыста йæ фыдыфыды хæдзары Полотняный заводы. Хъæууон æрдз, сæрибар цард, чингуытæ бæлвырд фæзындысты йæ удыхъæды рæзтыл: уыд сабыр æмæ уæздан, хæларзæрдæ, баххуысмæ – цæттæ. Ташæйыл (афтæ йæ хуыдтой бинонтæ) авд азы куы рацыд, уæд æй Мæскуымæ аластой йæ ныййарджытæм, æмæ райдыдтой йæ ахуыры азтæ сæхимæ йæ хотæ æмæ æфсымæртимæ. Ахуыр кодтой францаг, немыцаг æмæ англисаг æвзæгтæ, уырыссаг æвзаг æмæ литературæ, географи, æппæтдунеон æмæ Уæрæсейы истори. Фыстой æмдзæвгæтæ, кафыдысты, хъазыдысты.

Йæ рæстæг куы æрцыд, уæд Наталья æнцонæй ныууагъта йæ ныййарджыты хæдзар. Уымæн æмæ йæ мад, иуæй, æгъатыр æмæ хъæддых сылгоймаг уыд, иннæмæй, – фыдсыл, уæдæ фыд та – рынчын. Ахæм бинонты ‘хсæн æнцон цæрæн нæ уыд. Александр Пушкинимæ цы æхсæз азы фæцард, уыдон йæ зæрдæйы баззадысты рухс мысинæгтæй. «Гляделась ли ты в зеркало, и уверилась ли ты, что с твоим лицом ничего сравнить нельзя на свете, а душу твою я люблю еще более твоего лица», – фыста йæм йæ цардæмбал. Æмæ ма уымæй æргомдæр, уымæй æнкъарæнджындæр, рæсугъддæр фыссæн ис уарзон адæймагмæ?!

1837 азы январь сын сæ хæдзармæ æрбахаста, срастгæнæн кæмæн нал уыд, ахæм стыр бæллæх. Фæмард Пушкин, фæлæ йемæ нæ ацыд сæ уарзондзинад. Наталья йæ лæджы фæстæ йæ цард иууылдæр снывонд кодта йæ сывæллæттæн. Йæ лæджы курдиатмæ гæсгæ йæ цотимæ Бетъырбухæй цæрынмæ ацыд Полотняный заводмæ, йе ‘фсымæр Дмитрий Гончаровмæ. Фæлæ йын йе ‘фсымæры хæдзары зын цæрæн уыд. Дыууæ азæй фылдæр дзы нæ бафæрæзта – 1841 азы йæ цотимæ балыгъд Михайловскоемæ. Сæ хъыг, сæ маст сæ сиу кодта йæ хицауимæ – йæ лæджы фыд Сергей Левы фырт Пушкинимæ. Уый дæр æрхъæцмæ нæ лæууыд йæ фырты цотыл. Сергей амард 1848 азы 29 июлы, баныгæдтой йæ йæ цардæмбал Надеждæ æмæ йæ фырт Александры фарсмæ Святогорскы моладзандоны сисы фарсмæ.

Наталья Николайы чызг 1844 азы дыккаг хатт чындзы ацыд Бæхджын полчъы лейб-гвардийы командир инæлар-адъютант Петр Петры фырт Ланскоймæ. Ног бинонтæн ма райгуырд æртæ чызджы. Цардысты хæлар æмæ уарзонæй. Петр Ланской Пушкины цотыл узæлыд, хъомыл сæ кодта хи сывæллæттау. Наталья никуы рох кодта йæ фыццаг лæджы, æмæ уыцы æнкъарæнæн Ланской стыр аргъ кодта, нымадта йæ.

Иуахæмы Натальяйы уазал бацыд, тынг фæрынчын æмæ амард 1863 азы 26 ноябры. Баныгæдтой йæ Бетъырбухы Александро-Невская Лаврайы уæлмæрды.

Пушкинты хистæр чызг Мария райгуырд 1832 азы 19 майы. Поэты фыстæджыты бирæ ис йæ чысыл Машкæйы кой, уый фадат дætты, Пушкин кæй уыд уарзæгой, фæлмæн, рæвдауæг фыд, уый бамбарынæн.

Фæлæ уыцы рæсугъд æнкъарæнтæй бирæ нæ фæрæвдыдта йæ цоты. Мария-Машкæ, стæй йæ кæстæр хо Наталья дæр ахуыргонддзинад райстой сæхимæ. Марияйы рæсугъддзинад дисы æфтыдта адæмы. Уыд уæздан æгъдæуттыл хъомылгонд, æхсæнады йæхи ахæм хорз

æмæ аив дардта, æмæ йын 1852 азы саккаг кодтой фрейлинæйы ном.

Мария 1860 азы смой кодта инæлар Леонид Николайы фырт Гартунгæй. Уый уæд уыд Тулæйы бынмæ фыццæгæм бæхты заводы зылды хицау. 1877 азы Леонид Гартунгы рæстæй фæаххосджын кодтой зылды бынтæм фæныхилынæй, æмæ уый йæхи фехста. Мария чындзы нал ацыд, цот сын нæ баззад, æмæ Мæскуыйы цард иунæгæй, йæ хъус дардта йе 'фсымæры æмæ хойы цотмæ, сæ хъомылады архайдта зæрдиагæй. Йæ царды зæрдылдарынæн баззад йæ фембæлд Лев Толстоимæ. Фыссæгыл йæ æддаг бакаст афтæ тынг сахадыдта, æмæ дзы сарæзта Аннæ Каренинайы фæлгонц.

Пушкины хистæр чызгæн хъысмæт балæвар кодта даргъ цæрæнбонтæ. Æрæййæфта ма советон дуг дæр, фæлæ йын нал бантыст, Советон хицауад ын цы пенси снысан кодтой, уый райсын. Амард 1919 азы 7 мартъийы, æмæ йæ баныгæдтой Донскойы моладзандоны уæлмæрды.

Номдзыд поэты хистæр фырт Александр райгуырд 1833 азы 6 июлы. Александр Пушкин йæ усмæ иу фыстæджы фыссы: «Посмотрим, как-то наш Сашка будет ладить со своим порфирородным тезкой, с моим тезкой я не ладил. Не дай бог ему идти по моим следам, писать стихи, да ссориться с царями! В стихах он отца не перещеголяет, а плетью обуха не перешибет».

Сæхимæ хæдзарон ахуырад райсгæйæ, Александр райдайæны бацыд Бетъырбухы дыккаг гимназмæ, стæй та ахуыр кодта Пажты корпусы, æмæ йæ каст фæци тынг хорз бæрæггæнæнтимæ. Сси æфсæддон æмæ отставкæйы рацыд инæлар-лейтенанты цины. Йæ бирæ хорзæхтæй иу уыд сыгъзæрин æхсаргард ахæм фыстимæ: «Хъæбатырдзинады тыххæй». Райста йæ, 1877 – 1878 азты Болгари уæгъд кæнгæйæ, уырыссаг-туркаг хæсты цы лæгдзинад равдыста, уый тыххæй.

Александр цæсты гагуыйау хъахъхъæдта йæ фыды дзаумæттæ, йæ къухфыстытæ, чингуытæ. Дыууæ хатты ракуырдта ус, уыдис ын авд чызджы æмæ цыппар фырты. Амард 1914 азы 19 июлы Тулæйы губернийы. Йæхи фæндонмæ гæсгæ йæ баныгæдтой Лопасняйы (ныр горæт Чехов).

Пушкины дыккаг фырт Григори райгуырд 1835 азы 14 майы. Йæ хистæр æфсымæрау уый дæр гимназы фæстæ ахуырмæ бацыд Пажты корпусмæ. Службæ кæнын райдыдта Бæхджын полчъы лейб-гвардийы. Даргъæмгъуыдмæйы отпускты-иу куы рацыд, уæд арæх балцыты уыд фæсарæнты, уæлдайдæр та – Францы. 1860 азы службæйæ рацыд, æмæ йын радтой паддзахы хæдзары уынаффæгæнæджы цин. 1866 азы

ссис Михайловскоейы хицау, дæс азы фæстæ та йæ снысан кодтой Опочецкийы уезды кадджын тæрхонгæнæгæй. Григори Пушкин уыд уазæгуарзон, цардбæллон, цыргъзонд æмæ зæрдæхæлар адæймаг. Йе ‘мдугонтæ сæ мысинæгты куыд фыссынц, афтæмæй йе ‘ддаг бакаст æмæ удыхъæдæй уый уыд йæ фыды хуызæн. 1883 азы ракуырдта Варварæ Мошковайы, фæлæ сын цот нæ рацыд.

Александр Сергейы фырт Пушкины райгуырды 100 азы юбилейы агъоммæ Григори йæ фыды ном сæнусон кæныны охыл сфæнд кодта йæ хъæу Михайловское паддзахадæн раттын. Къазна йæ балхæдта, хъуамæ дзы байгом кодтаиккой зæронд литератортæн хæдзар æмæ кæсæн зал. Григори та йæхæдæг йæ усимæ цæрынмæ ацыд йæ усы хъæу Маркучаймæ (Вильнюсы бынмæ). Йæ царды фæстаг азты бирæ кодта хæрзаудæн куыст. Амард 1905 азы 15 августы, æмæ йæ баныгæдтой Маркучайы парчы.

Пушкинты фæстаг сывæллон уыд Наталья, райгуырд 1836 азы 23 майы. Гыццыл цæмæйдæрты уыд йæ фыды æнгæс, фылдæр та – йæ мады. Рæсугъд, аив æмæ æнæрцæф чызг уыд хивæнд, цæхгæр æмæ фидар уды хицау. Йæхæдæг лыг кодта йæ царды фарстатæ. Æвддæс азы йыл куы сæххæст, уæд, кæд йæ мады нæ фæндыд, уæддæр смой кодта императоры къæнцылары III хайады хицауы фырт булкъон Михаил Леонтийы фырт Дубельтæй. Рантыст сын æртæ сывæллоны, фæлæ аст азы фæстæ Наталья Дубельтæй рахицæн, æгъатыр, æнæджелбетт адæймаг кæй разынд æмæ ма нозтыл дæр кæй бафтыд, уый фыдæй. Наталья бирæ рæстæг йæ цотимæ церд фæсарæнты. Йæ дыккаг лæг уыд принц Николай Нассауский, æмæ райста титул графиня Меренберг.

Пушкины ус Наталья Николайы чызг йæ мойы фыстæджытæ ныууагъта йæ кæстæр чызгæн. Уый та сæ ныммыхуыр кæныны тыххæй бабар кодта Иван Тургеневæн, æмæ фæзындысты «Вестник Европы»-йы. Уый фæстæ сæ хо радта йæ хистæр æфсымæрæн. Наталья Александры чызг амард 1913 азы 10 мартъийы. Йæ фæндонмæ гæсгæ йын йæ марды æртхутæг апырх кодтой йæ лæджы ингæныл Висбадены.

Уырысы номдзыд поэт Александр Сергейы фырт Пушкины байзæддæгтæ абон тынг бабирæ сты. Уыдон ын сæрыстырæй мысынц йæ ном, йæ кад сæ рæвдауы, нæ йын рох кæнынц йæ фæдзæхст: «Гордиться славою своих предков не только можно, но и должно, не уважать оной есть постыдное малодушие».

*БЕРОЗТЫ Аслæнбег*

# АМОНДДЖЫН БИНОНТÆ

*Аргъау*

Иу зæронд лæгæн уыдис æртæ фырты. Лæг уæззау рынчын æрци. Йе ʻртæ фыртмæ фæдзырдта æмæ сын афтæ зæгъы:

– Лæппутæ, æз, чи зоны, нал сыстдзынæн ацы рынчынæй, фæлæ уæ мæ фæстæ мæ хæдзар кæмæн ныууадзон, уый нæ зонын. Хъаст мæ цæмæй ма ракæнат уе ʻртæ дæр, уый тыххæй ацæут, фæзилут бæстæтыл. Алчи дæр уæ йæхицæн равзарæд куыст, стæй афæдзы бонмæ фæстæмæ раздæхут, æмæ уæ йæ равзæрст куыст хуыздæр чи сахуыр кæна, мæ зæрдæ уæ тынгдæр кæмæй барухс уа, хæдзар уымæн баззайдзæн. Иннætæ-иу мæ хъаст ма ракæнæнт.

Æртæ æфсымæры ницыуал загътой сæ фыды фæндыл æмæ балцы араст сты. Фæзылдысты дунетыл. Алчи сæ йæхицæн равзæрста куыст, сахуыр æй кодта, æмæ афæдзы бонмæ сæ фыды хæдзары дуармæ баиу сты. Кæрæдзийыл ныццин кодтой, уæдæ цы уыдаид æмæ хæдзармæ бацыдысты.

Сæ зæронд фыды зæрдæ барухс сæ уындæй. Талынг ныккæнд хуры тынтæй куыд барухс вæййы, афтæ барухс ис зæронд лæджы зæрдæ дæр. Йæ хуыссæны рабадти æмæ сæм дзуры:

– Æгас цæут, мæ хуртæ, æгас! Зæгъут-ма, кæмæ уæ цы дæсныдзинад ис? Царды мидæг уæ йæхицæн чи цы фæндаг равзæрста?

Хистæрты æфсымæр дзуапп радта:

– Æз бæхтæн цæфхæдтæ садзынил сахуыр кодтон мæхи. Фæллой кæнын кадджын хъуыддаг у, æмæ мæхицæн равзæрстон ацы куыст.

– Хорз, – загъта фыд.

Астæуккаг загъта:

– Æз мæхицæн уарзонæн равзæрстон хилдасæджы куыст.

– Уый дæр хорз у, – загъта фыд.

Рад æрхаудта кæстæр фыртмæ.

– Алы куыст дæр хорз у, – загъта уый, – фæлæ æз та æхсаргардæй хæцынмæ дæсны дæн. Бахъуаджы сахат мæ райгуырæн бæстæ знагæй бахъахъхъæнынмæ цæттæ дæн.

– Иттæг хорз, – загъта та фыд, æмæ йæ цæсгом хурау ныррухс и.



Рабадтис, йæ дзаумæттæ скодта æмæ йæ фыртты лæгъз быдырмæ ракодта. Уыцы рæстæг арв ныннæрыд, æмæ уарын райдыдта.

Фыд дзуры йæ кæстæр фыртмæ:

– Цæй, мæ хур, равдис нын дæ дæсныдзинад.

Лæппу æхсаргард фелвæста йæ кæрццæмæй, йæ сæрмæ йæ зилы æмæ уарыны æртæхты цæвы – йæхимæ дзы иу дæр нæ уадзы.

Иннæ æфсымæртæ æмæ фыд ныххуылыдз сты, фæлæ кæстæр æфсымæр хусæй баззадис.

– Де 'внæлд мæ зæрдæмæ цæуы, ды мæнæн æмæ райгуырæн бæстæйæн фыртæн бæззыс, – загъта фыд æмæ йæ зæрдæйы цинæн кæрон нал уыд.

– Цæй, лæппу, – загъта фыд, астæуккаг æфсымæрæн, – дæумæ дæр бакæсæм, кæддæра ды та куыд арæхсыс дæ куысты.

Уыцы рæстæг цуаноны егæрттæ бирæгъы ратардтой хъæдбынты.

Лæппу йæ дзыппæй сæрдасæн фелвæста, басырдта бирæгъы æмæ йæ лидзгæ-лидзын булкъдаст акодта, цъæррæмыхст дæр æй нæ фæкодта, афтæмæй. Бирæгъ булкъдастæй тархъæды балæууыд.

Фыд æмæ 'фсымæртæ йыл бирæ фæхудтысты.

Зæронды зæрдæ барухс йæ дыккаг лæппуйæ дæр, æмæ загъта:

– Ды дæр бабайæн æвзæр фырт нæ уыдзынæ.

Рад æрхаудта хистæр лæппумæ.

Уыцы рæстæг фæндагыл фæзынд иу барæг, йæ бæх афтæ уади, æмæ йыл цæст нæ хæцыди, æрмæст фæндаджы рыг йæ сæрмæ мигъау бадти.

Лæппу йæхи фæцырд кодта. Басырдта барæджы. Бæхæн йæ цыппар цæфхады феппæрста тæхгæ-тæхын æмæ йын ног цæфхæдтæ асагъта. Барæг хъуыддагæн æмбаргæ дæр ницы бакодта.

Фыдæн йæ зæрдæ барухс и уымæй дæр, йæ даргъ боцъотыл йæ къух æруагъта æмæ загъта:

– Разы уæ дæн, ме 'ртæ фырты. Алы куыст дæр хорз у, æрмæст æй зонын æмæ бирæ уарзын хъæуы. Хорз дæсныдзинæдтæ равдыстат, мæ зæрдæ мын барухс кодтат, æмæ уымæ гæсгæ хæдзар уæд уе 'ртæйы дæр. Цæрут дзы уарзонæй, хæларæй.

Фыдæн фыр цинæй йæ низ фæлыгъд. Æртæ чындзы æрхаста йе 'ртæ фыртæн, æмæ амондджын цард кæнын райдыдтой.



# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► Мæскуыйы Михаил Ломоносовы номыл паддзахадон университеты филологон факультеты студенттæ æмæ аспиранттæ наукон-лингвистон практикæйы уыдысты нæ республикæйы. Сæ куыст кодтой Цæгат Ирыстоны Абайты Васойы номыл социалон æмæ гуманитарон иртасæнты институты.

Ирон æвзаджы алыхуызон лыстæг фæзилæнтæ бæлвырддæр базонынæн сын æххуыс кодтой Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты кусджытæ æмæ студенттæ.

Уазджытæ сæ экспедицийы кæрон æхсызгонæй сразы сты республикæйы литературон-аивадон æмæ æхсæнадон-политикон журнал «Мах дуг»-ы зæрдиаг хуындыл æмæ фембæлдысты журналы кусджытимæ. Сæйраг редактор Хетæгкаты Оксанæ уазджыты базонгæ кодта журналы историимæ, алы азты йын разамынд чи лæвæрдта, уыцы сæйраг редакторты цард æмæ сфæлдыстадимæ. Радзырдта сын,



абон журнал йæ размæ цы хæстæ æвæры, æрвылазон дунеон конкурстæ аразгæйæ, æрыгон автортæ агурыныл æмæ ирон æвзаг парахатдæр æмæ йæ дзыллæтæм хуыздæр фæхæццæ кæныныл куыд архайы, уыцы мадзæлтты тыххæй.

Журналы раздæры кусæг, фыссæг Гусалты Барис уазджыты базонгæ кодта, уырыссаг æвзагæй иронмæ тæлмацгæнгæйæ, дыууæ æвзаджы цы бирæ хицæндзинæдтыл фембæлæн ис, уыдонимæ. Балæвар сын кодта, фæстаг азты йын мыхуыры цы чингуытæ рацыд, уыдон.

Фысымтæ уазджытæн æрмæст ирон литературæ æмæ æвзаджы бирæ хицæндзинæдты тыххæй нæ дзырдтой, фæлæ ма сæ суазæг кодтой ирон бæгæны, дзыкка, нартхоры кæрдзынтæ æмæ бирæ æндæр рагон ирон хæринæгтæй.

Ацы наукон-лингвистон экспедицийæн разамынд дæтты филологон наукæты кандидат, Уæрæсейы наукæйы академийы æвзагзонынады институты ирайнаг æвзæгты хайады сæргълæуууæг, Мæскуыйы Михаил Ломоносовы номыл паддзахадон университеты теоретикон лингвистикæйы кафедрæйы доцент Олег Беляев. Уый Абайты Васойы «Ирон æвзаджы историон-этимологион дзырдуат» англисаг æвзагмæ ратæлмац кæныныл æмæ йæ цифрон хуызмæ раивыныл стыр куыст бакодта.

Не 'взагмæ цымыдисдзинад ахуыргæндты 'хсæн фылдæрæй-фылдæр кæй кæны канд Ирыстоны нæ, фæлæ йæ арæнты æдде дæр, уый дзурæг у, хъахъхъæд кæй æрцæудзæн, йæ фесæфыны тас къаддæр кæй кæны, ууыл.

► 120 азы размæ рухс федта фыццаг ирон мыхуыры фæрæз – «Ирон газет». Йæ саразджытæ уыдысты Æмбалты Цоцко, Гæдиаты Цомахъ, Гæздæнты Дзыбын, Кочынаты Сæбан, Хъаныхъуаты Алмахситт æмæ Уыртаты Хъамболат. Редакторæй йын равзæрстой Бутаты Аслæнбеджы. Йæ фыццаг тираж уыд 500 экземпляры. Æдæппæтæй дзы рацыд 7 номыры. Æхгæд æрцыд Терчы облæсты инæлар-губернаторы бардзырдмæ гæсгæ.

► Хорзæхджынгонд æрцыдысты РЦИ-Аланийы Журналистты цæдисы – Уæрæсейы Журналистты цæдисы регионалон хайады преми «Афæдзы журналист – 2026»-ы фыццаг лауреаттæ. 8 номинацийы лæвæрд æрцыдысты фыццаг, дыккаг æмæ æртыккаг

къæпхæны премитæ. Фыццаг къæпхæны уæлахиздзаутæ систы: журнал «Мах дуг»-ы критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор, Хуссар Ирыстоны газет «Хурзæрин»-ы æхсæнадон уацхæссæг Тъехты Тамерлан (номинаци «Мыхуыры фæрæзтæ»), паддзахадон телерадиокомпани «Алани»-йы радиойы сæргълæууæг Джыккайты Заремæ (номинаци «Радио»), НТК «Осетия-Ирыстон»-ы тематикон рауагъды редактор Хетæгкаты Зæлинæ (номинаци «Телеуынынад»), портал «Это Кавказ» (ТАСС)-ы фотокорреспондент Къæбысты Аннæ (номинаци «Интернеты дзыллон хабархæссæг фæрæзтæ»). Гран-при æмæ сæрмагонд ном «Афæдзы журналист»-ы аккаг сси паддзахадон телерадиокомпани «Алани»-йы сæрмагонд уацхæссæг Хъалæгаты Надеждæ.




► Газет «Рæстдзинад»-ы уацхæссæг, журнал «Мах дуг»-ы раздæры шеф-редактор Джусойты Нинæйæн лæвæрд æрцыд «Хуссар Ирыстоны сгуыхт журналист»-ы кадджын ном.

# ТÆФÆРФÆС

## ХЕСТАНТЫ-БУТАТЫ ПОБЕДÆ



23 июлы 81-аздзыдæй йæ цардæй ахицæн номдзыд журналист, тæлмацгæнæг, Цæгат Ирыстоны Мыхуыры æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты комитеты æмæ литературон-аивадон æмæ æхсæнадон-политикон журнал «Мах дуг»-ы дунеон премийы лауреат, ПТРК «Алани»-йы преми «Сыгъзæрин микрофон»-ы лауреат Хестанты-Бутаты Победæ.

Фидæны журналисткæ райгуырд Зилгæйы 1945 азы 9 майы Бутаты Хъазыбеджы хæдзары. Сæ хъæуы астæуккаг скъола каст куы фæци, уæд бацыд Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институтмæ (ныры ЦИПУ).

Йæ фæллойадон фæндаг райдыдта газет "Рæстдзинад"-ы. 1979 азы кусынмæ бацыд Цæгат Ирыстоны радиомæ æмæ йын снывонд кодта йæ царды 40 азы. Уыд уацхæссæг, редактор, тæлмацгæнæг. Йæ алы боны фыдæбон дзæгъæлы нæ уыд: алырдыгæй йæм цыдысты адæм, сæ зæрдæты цы хъуыдытæ гуырдысты, уыдон ын дзырдтой. Победæйы бон уыд уæларвон темæтæй хуымæтæг ныхасмæ æрхизын, йæ хъуыды-иу расайдта æнкъарæнтæ, хъыг, рыст, циндзинад, зæрдæйы æнахуыр цавд.

Уыцы иу рæстæг ма Победæ журналистикæйы сусæгдзинæдтæ амыдта кæстæр фæлтæрæн: Радиойы хæдзары ног кусæг фæзынд, уæд-иу æй æнæмæнг Хестанты Победæйы бæрны бакодтаиккой, уый та-иу ын мадæлон æвзагмæ йæ уарзондзинад, йæ бастдзинад раргом кодтаид. Никуы никæмæй стыхст, алкæмæн дæр цæттæ уыд æххуысмæ. Журналистикæйы факультеты студенттæн йæ кусæн уат уыд дæсныйады æрмадз.

2017 азы пенсийы куы рацыд, уæд та йæ цард снывонд кодта литературæйæн. Йæ уацмыстæ мыхуыры рацыдысты чингуытæй: «Курдиаты рухс» æмæ «Лæджы фæд а зæххыл». Тæлмац кодта дунейы зындгонд классикты: Джек Лондон, Проспер Мериме æмæ æндæрты.

Мадæлон æвзагæн лæггад кæнын нымадта йæ хæсыл æмæ йæ царды фæстаг бонмæ æвæллайгæйæ кодта рухстауæн куыст.

Рухсаг у, Победæ…

*Журнал «Мах дуг»-ы кусджытæ*

*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* А. А. ГАБИСОВ

---

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

Главный редактор: ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору
в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций
по Республике Северная Осетия-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

---

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
Республики Северная Осетия-Алания
Адрес учредителя: 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2, офис 202

Порядковый номер выпуска: № 8. 2026 г.
Подписано в печать 13.08.2026 г. Выход в свет: 20.08.2026 г.
Индекс: 732447. Тираж 1000 экз. Заказ № 224. Цена свободная

Формат 60x90 1/16. Бум. офсет. № 80 г./м². Вклейка 1 печ. л. мелованная

Гарнитура шрифта Times New Iron
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14, 88

Адрес редакции и издателя: 362008, г. Владикавказ, пр. Коста, 11
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47

Адрес типографии: ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати

---

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

---

«Мах дуг»-ы равдисты къамтæ ист сты Абойты Зауыр-Беджы бинонты æвæрæнтæй.
Редакцийы кусджытæ бузныг зæгъынц йæ хо Алетæйæн.

**Цæгат Ирыстоны мыхуыры æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты комитет æмæ литературон-аивадон æмæ æхсæнадон-политикон æрвылмæйон журнал «Мах дуг» æртыккаг хатт расидтысты «МАХ ДУГ»-ы**

## ДУНЕОН ПРЕМИ!

*Йæ нысан у ирон æвзаг æмæ литературæйы кад фæбæрзонддæр кæнын, авторты литературон уацмыстæ фыссынмæ разæнгард кæнын, алы бæстæты цы ирæттæ цæры, уыдоны Ирыстонмæ æрбангомдæр кæнын, журналкæсджыты ног нæмттимæ базонгæ кæнын, æмткæй райсгæйæ та – æмзиууонæй ирон литературæйы рæзтыл бакусын.*

*Преми райсыны конкурсы ис 5 номинацийы:*

- ✓ *поэзи;*
- ✓ *прозæ;*
- ✓ *публицистикæ;*
- ✓ *драматурги;*
- ✓ *аивадон тæлмац.*

*Конкурсы архайджытæ填 кармæ гæсгæ дихгонд цæудзысты 3 къордыл:*

- ✓ *7 азæй 15 азмæ;*
- ✓ *16 азæй 35 азмæ;*
- ✓ *36 азæй уæлæмæ.*

*Уæлахиздзаутæ хорзæхджынгонд æрцæудзысты æхцайы преми-тæй, Премийы сæрмагонд нысантæй æмæ дипломтæй.*

*Конкурсы къæпхæнтæ:*

***20 январæй 31 августмæ** авторты бадæттын хъæуы сæ куыстытæ ахæм электрон адрисмæ: mahdug@kpmk.alania.gov.ru , «Конкурс» дзы фæнысан кæнгæйæ;*

***1 сентябрæй 30 сентябрьмæ** сæрмагонд къамисы уæнгтæ аргъ скæндзысты авторты уацмыстæн;*

***Октябры кæрон** кадджын уавæры уæлахиздзау автортæ æрцæудзысты хорзæхджынгонд.*

*Бæлвырддæр æрмæг базонæн ис журналы æмæ Мыхуыры æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты комитеты сайты. Уæ хъус дарут Телеграм æмæ ВК-йы нæ сæрмагонд фæрстæм дæр.*

*Фыццаг къорды архайджыты уацмыстæн къамис аргъ кæндзæн хицæн домæнтæм гæсгæ. Фыст сты Премийы Уагæвæрды журналы сайты.*

*Фæрнæйдзаг ут!*




Индекс 73247
12+